

# INZWI RECHOKWADI REPASIROSE

## Staff:

**Editor:** Louis Rushmore **Associate Editor:** Jerry Bates & Shane Fisher

**Editor Emeritus :** Byron Nichols **Edition:** J.C. Choate

**Layout :** Betty Burton Choate  
: Louis Rushmore

**Officer Manager:** Paula Bates **Subscriptions:** Emily Fisher

**Computer Consultants:** Bradley S. Choate & Dennis Larson

## ENGLISH EDITION IN INDIA & BRAILLE EDITION

Managing Editors, Philemon Rajah & Kingsli Rajah

## ENGLISH EDITION IN NIGERIA

Managing Editor, Seth Larbi

## ENGLISH EDITION IN ZIMBABWE

Managing Editor, Godoin Marandure

## TELEGU EDITION

Managing Editor, Translator: Joshua Gootam

## TAMIL EDITION

Managing Editor, Translators: Benny Martin & S. Rajanayagam

## HINDI EDITION

Managing Editor, Earnest Gill

## MARATHI EDITION

Managing Editor, Amul Bansod

## NEPALI EDITION

Nepal Center for Biblical Study

## SWAHILI EDITION

Peter Kamatula, Shadrack Msamba

## SHONA EDITION

Translator, Tomson Mlawuzi

Muripo: \$4.00 kubhuku rimwechete; \$15.00 kumabhuku mana; \$25.00 mabhuku masere. Mutengo vezvinhu zvakanakira. Ndinokumbira kuti mubhadhare kuWorld Evangelism.

## STAFF WRITERS

George Akpabli  
Felix O. Aniamalu

Jack Harriman  
Gordon Hogan

Rex Banks

Ancil Jenkins

Wayne Barrier

Jeff Jenkins

Paula Bates

John Kachelman, Jr.

Roy Beasley

Dayton Keese

Mike Benson

David R. Kenney

Ron Bryant

Dalton Key

Charles Burch

Michael L. King

Kyle Butt

Robert C. Lupo

Frank Chesser

J. Randal Matheny

Betty B. Choate

Cecil May, Jr.

Glenn Colley

Colin McKee

David Colley

Kevin L. Moore

Lance Cordle

Owen D. Olbricht

Sunny David

David Pharr

Hans Dederscheck

Neal Pollard

David Deffenbaugh

Mark Posey

Clarence Deloach, Jr

Steve Reeves

Bobby G. Dockery

Andy Robison

Hershel Dyer

Martha Rushmore

Earl Edwards

Rebecca Rushmore

Demar Elam

David A. Sargent

Raymont Elliot

David Tarbet

Reuben Emperado

J.J. Turner

David Everson

Ken Tyler

Emily Fisher

Allen Webster

Gary C. Hampton

Endesai zvinyorwa kuna Louis Rushmore ku editor@gospelgazette.com.

Ndokumbirawo kuti mutumire mupeto nemuripo vekutumira world Evangelism paadhiresi iripasi. Tokumbira kuti muisse maadhiresi maviri yekutanga neidzwa yechipiri.

THE VOICE OF TRUTH INTERNATIONAL rakatsikwa neboka rekereke yaKritsu rinoshanda zvisiri zvekutevaka mari asi kubateira. Tinorere kuWorld Evangelism, paadhiresi inoti Manyame Park church of Christ GZ 4 Zengeza chitungwize, manyamechurchofchrist@gmail.com. Kana kubata Tawanda Godwin Marandure: (+263) 772625642, Manyame park church of Christ, Email: godwinkuda@gmail.com

NaTomson Mlawuzi Email: tomsonmlawuzi@gmail.com (+263) 772941890 Hatcliffe church of Christ Harare, Email: tomsonmlawuzi@gmail.com

KEREKE DZAKRITSU DZINOKUKWAZISAI VAROMA 16:16

# ZVIRIMUKATI

## UMBOO

Hunge- Kuita KwaMwari.....	David Everson .....	25
Ko Kana? .....	Betty Button Choate .....	27

## MWARI

Kutenda muna Jesu Kwakakosha here?.....	Arlis Richardson.....	29
Kunaka kwaMwari .....	Samuel Osei Young .....	31

## INZWI RAMWARI

Kubata basa Zvakaneke .....	Paul Clements .....	37
Tinoona Bhaibheri Zvakafanana Here? .....	Rodney Nulph.....	39

## RUPONESO

Hakuna Nzira Zhinji Dzekuenda Kudenga .....	Sunny David .....	43
Nokuti Munogona Kurarama .....	Cecil May, Jr.....	45
Nzira Imwe Chete Inosvika kunaMwari.....	Justin Guln .....	46

## KEREKE

Nheyo Yezvokwadhi .....	Chuck Taylor .....	50
Vatariri Vanofanirwa Kuziva .....	Mark T. Tonkery .....	51

## KUNAMATA

Imwe Nzira yekunamata Ingava Yakakosha kudarika		
Imwe Here?.....	Martha Lynn Rushmore.....	53
Kuita Kwakafanira Mukunamata Paruzhinji.....	George McNulty .....	56

## IMBA YEMAKRITSU

Muenzaniso Vatnotaridza .....	Robert Johnson .....	59
Mwana Mupambadzi .....	Jenny Choate .....	61

## KURARAMA KWEMAKRITSU MAZUVA OSE

Kuchena Kwemoyo .....	Eddie Cooper .....	65
Tipe Tinzwe .....	Gary C. Hampton.....	67
Kuparidza Kritsu Munguva Yedambidziko .....	Aaron Cozort .....	68

## MAKRITSU MUKUITA KWAVO

Kana Kutenda Kwedu Kwakundikana .....	Clarence Lavender .....	69
Basa Rine Nyemwerero .....	Ralph Clevinger .....	71

## DZIDIZO YEKURARAMA NAYO

Ramangwana Renyika .....	Joe Ed Furr .....	73
--------------------------	-------------------	----

## KUDZIDZA ZVINYORWA

Iva Unoty (itya Mwari) .....	Denny Petrillo .....	77
------------------------------	----------------------	----

## VATAMBI VEBHAIBHERI

Pauro .....	David Conley .....	79
-------------	--------------------	----

Chimwe Chechinhu Chaunozondirangarira Nacho .....	David R. Kenney .....	81
---	-----------------------	----

#### MIBVUNZO YEBHAIBHERI

Kuverenga Zvinyorwa .....	Rebecca Rushmore .....	86
Kangan! Kandinofanirwa Kubhabhatidzwa? .....	Thomas Baxley .....	88

#### NHOROONDO DZEBHAIBHERI

Nhoroondo neBhaibheri .....	D. Gene West .....	89
-----------------------------	--------------------	----

#### MACHATI NEPFUPISO

Kalebu: Murume veHushingi .....	Therman Hodge .....	91
Nyasha DzaMwari .....	Mark N. Posey .....	94

#### KUBVA PAMOYO

Mubvunzo Vandinavo Pamusoro PeBhuku RemaMormoni, Chikamu 1 .....	Shane Fisher .....	103
--	--------------------	-----

#### MAMIRIRO, NHETEMBO, NEZVIZADZISO

Chitiko Chikuru Chinosuvisa Chalvo .....	Louis Rushmore .....	4
Ndeasarudza Iwe Nhasi .....	Jerry Bates .....	8
Medimikira eMakritsu: Zvimwechete Asi Zvakasiyana.....	Shane Fisher.....	11
Chivi .....	J. C. Choate .....	15
Kubva Mukuzvarwa Kusvika Kumuchinjiko .....	Byron Nichols .....	20
Ruponeso Muchidimbu .....	R. C. Lupo .....	23
Kereke Muchidimbu.....	R. C. Lupo .....	24
Robison's Rubies .....	Andy Robison .....	30, 47, 66, 93
Mashoko aCecil's .....	Cecil May, Jr .....	38, 90
Kenney's Pennie's .....	David R. Kenney .....	41, 52, 72
Kudzidza Bhaibheri Mumaminetsi Mashanu .....	Paula Bates .....	42
Kutsvaka Mundima.....	Jerry Bates .....	48
Unoziva Here? .....	Rebecca Rushmore .....	58
Kutsvaga MuBhaibheri.....	Martha Rushmore .....	78
Komendari Yechimbi Chimbi.....	Betty Burton Choate .....	85
Kutsetsa.....	Shane Fisher .....	96
Unozanisa Sei? .....	Betty Burton Choate .....	98
Cherechedza Bhaibheri Rako .....	Emily Fisher .....	99
Kutsvaka Mukuvhima .....	Rebecca Rushmore .....	101
Kumhanyidzana KuManzwi EmuBhaibheri .....	Rebecca Rushmore .....	102

*Mwari anopa zvinodikanwa mukurarama kwedu kwete mukuzvikudza. ~Cecil May, Jr.*

# EDITOR

---



**Dambudziko Rikuru**

**Louis Rushmore**

Dhuramazwi rinotsanangura “dambudziko” kuriita chiitiko chinusuwa kwazo: “dambudziko,” kubva “kuDambudziko,” rinotaurwa neduramanzwi raMerriam-Webster, sekutika “kwekuungudza, zvinotyisa, kana chiitiko chakanyanyisa kana maitikiro anoitika zvinhu ... dambudziko” “Dambudziko,” Dictionary.com. Kune mitambo mizhinji munhorondo yehupenyu hwevanhu zvekuti tinokwanisa kutanga kuinyora pasi, asi ngatitarisei muchidimbu zvisomanana zvadzo kuti tiratidze chimiro chematambudziko anosanganikwa navo mumitambo iyi, anosuruvarisa, anekutambudzwa uye anoramba achinzwikwa kuvanhu.

**Boka rehurumende rinoshanda rakamirira kuongorora nekumirira matambudziko evanhu yenyika yeAmerica** rakacherechedza makore anobva muna1861 kusvika 1865, uye pakati peuwanda unosvika 620,000 kusvika 850,000 rakabudisa vanhu vangave vakafa kana kukanganisika nokuda kwekuitika uku (Nasaw). Damudziko iri rakava pamusoro pemamwe matambudziko makuru epamusoro ezviitiko zvakasvika pakuitika kudunhu rekumadokero, uye kukurakwazo kurikuramba kuchionekwa kuchitika kunyangwe nazvino mumatunhu ari muAmerica.

“Pane RMS chikepe **cheTitanic**, chikepe chainge chakagadzirwa zvemando yepamusoro, chakanyura mambakwedza muna Kubvumbi 15, 1912, kumhenderekedzo dzekuNewfoundlaship, kumaodzanyemba eAtlantiki mushure memafashamu chichienda rwendo [rwekubva kuSouth Hampton, England kuenda kuNew York, USA]. Maiwe ne2,240 vafambi nevashandi wemo vaisvika [900] vaiwemo, vaidarika 1,5000 vakasvika mukurasikirwa nehupenyu hwavo munjodzi iyi.” Vanosvika 705 ndivo bedzi vakapona.” (“Titanic”).

Titanic neLusotaniya ndizvo zvikepe zviviri zvikuru zvainge zvisina kubvira zvavepo kubva mukugadzirwa kwazo nekushandiswa kwazo. **"Lusitania"** yakasangana nenjodzi muna Chivabvu 7, 1915, apo *torpedo* yakakandwa nechikepe cheGerman chikanyudza chikepe



cheLusitania chikauraya vanhu vanokwanisa kusvika 1,200 pavanhu vaisvika 1,959 vaive varimo uye zvakasvitsa kuti United State' ipinde muhondo yepasirose yechipiri ("Titanic").

**Hondo yepasirose yekutanga** kubva mugore ra1914 to 1918 zvakakonzeresa kufa kwevanhu vanosvika mamiriyoni makumi maviri, chikamu chepakati chayo vaive vasiri varwi vehondo. **Hondo yePasirose yeChipiri** yakakonzeresa kufa kwevanhu vanodarika mamiriyoni makumi manomwe, makumi mashanhu vacho vaive vasiri varwi vehondo.

Sezvaineivo, "hondo inotsanangurwa sehondo yeshanduko, mukurwisana uku kwakakonzeresa kufa kwevanhu 1,000. Mumakore 3,400 akapfuura, vanhu vaive murunyararo kwe268 ka kuti 8 pesendi dzekunyorwa kwenhorondo. Vanhu vanosvika mamiriyoni 108 vakaurayiva muhondo dzakaitika munhorondo dzose dzevanhu dzinosvika 150 miriyoni kana kuti bhiriini rimwechete." (Hedges).

Hutsinye hwakashamisa **9/11** kusanganisira pasi rese.

Muna 11 Gunyana mukurwisa kwakaitwa muna 2001, 2,977 vanhu vakauraiwa, gumi nemasere vevapambi vakazviuraya, uye vanodarikarika zviuru zvitathanu vamwe vakakuvara. Vanhu vakafa panzvimbo panosanganisira 265 vaive mundege dzina (kusanganisira magandanga/ vasvoor), 2,606 vaive paMuzinda Yekutengesera nenanzvimbo dzainge dzakaipoterredza, ne 125 vaiwe paPentagon. Vapambi ava vakava magandanga kana vasvori vakave vaurayi vakauraya vanhu zvinotyisa nekunzwisa tsitsi munhorondo yepasi rese. Vazhinji vevanhu vakaparara vaive vasiri varwi vehondo, kunze kwe343 vadzimi vemoto, 71 vachengeti vemutemo vakafira paMuzinda Yekutengesera nepanhandare yekuguta reNewYork, nevamwe vachengeti vemitemo 93 vakafa apo dege yeUnited Airlines yakadonhera mumunda pedyo neShanksvillie, Pennsylvania, 55 mauto vakafira paPentagon muArlington County, Virginia uye makandanga 19 vakafira muPentagon vainge vakakwira ndege. Pane 2,977 vanhu vakafa, 2,605 vaiwe zvizvarwa zvemuU.S. uye 372 zvaive zvisiri zvizvarwa zvekuU.S. (zvizvarwa, kunze kwe 19 dzaive honzeri). Nyika dzinodarika 90 dzakarasikirwa nezvizvarwa zvadzo mukurwisa uku, dzinosanganisira United Kingdom (67 vakafa), nekuIndia, 41 vakafa. Muna Nyamavhuvhu mugore ra2013, boka rezveutano rakapedzisa nokuti 1,140 vanhu vaishanda, vaigara, nekudzidza kuLower Manhattan munguva yekurwisa vakabatwa chirwere chekenza nokuda "kwekuputika kwezvombo paGround Zero." Zvakaziviswa kuti vanodarika 1,400 9/11 vashandi vaibatsira kupanzvimbo dzaitikira tsaona mumazuva nemumwedzi yakatevera vakafa. Madzimsi ainge akazvitakura anosvika 11 akapfumbudzika pamuviri nokuda kwe9/11.

("Vakakuvara")

Zviuru pamusoro pezviuru zvevatambudziko, mamwe asinganzwisisike mevanhu, arikuitwa navanhu pamusoro pevamwe vanhu. Zvisinei, kuitika kwechero dambudziko, rakanyorwa kana kusanyorwa pano, kana matambudziko ose arikuitika, kune **dambudziko rikuru** kunemamwe mose kana kunyamgwe tikanhanisa mamwe ose pamwechete.

"Zvinofungidzitwa kuti 100,825,272,791 vanhu vakafa" (Chalabi). Ruzhinji rwevanhu, zvinosiririsa, kuti varikuzondoraswa, sokutaura kwaJesu. ***"Pindai nesuvo rakamanikana nokuti suvo rakafara nzira yakapamhamha***

***inoenda kukuparadzwa. Vanopinda naro vazhinji. Nokuti suvo rakamanikana nenzira nhete inoenda kuvupenyu, vano iwana vashoma*** (Mateo 7:13-14 NKJV). Mumakore anodarika zviuru, Mwari akaita zvibvumirano zvitatu nevanhu vake:



neMadzibaba, neVaJudha uye Makritsu. Mwari akaita hurongwa, nokuda kwehurongwa uyu, kuti tive vatsvene vakarurama kuti akwanise kuyanana nesu zvisikwa zvake - vanhu vekutadza. Mwari anoratidza maxuva ekumashure kunyangwe nguva isati yasvika. (Tito 1:2-3; Zvirevo 8:23-31; 1 Petro 1:20-23). Chinangwa chikuru chaMwari ndechekuva nekuwadzana nemunhu uye avo vanowadzana Naye vanofanirwa zvakare kuva vanodyidzana nedzimwe hama pamwechete (1 Johane 1:3). Mufambisi vedzira nhatu idzi dzekuwadzana rinova Evhangeri raJesu Kritsu (VaEfeso 3:3-6) kana kuti sungano Itsva (VaHeberu 9:1), kana Testamente (VaHeberu 9:16-17). Nokudaro, mweya yose inofanirwa kuteerera Evhangeri kuti ikwaniswe kuhurongwa hwaMwari (VaRoma 1:5; 16:26; 2 VaTesaronika 1:8; 1 Petro 4:17).

Chinhu chikuru muEvhangeri yaKritsu kufa, kuvigwa nekumuka kwaJesu Kritsu (1 Vakorinte 15:1-4). Kuteerea Evhangeri kuchizokuma mukuteedzera kufa, kuvigwa nekumuka kwaKritsu kubudikidza nekupinda murubhabhatidzo (VaRoma 6:3-8). Kuramba munhu achiteerera Evhangeri zvinosvitsa kuruponeso rwusingaperi uye kuimba iri kumusoro kudenga (Zvakazarurwa 2:10). Ishe vedu, Mwanakomana vaMwari, akafa rufu rwunotyisa nekutambudzwa kukuru mukurwadziswa kubudikidza nekuroverwa pamuchinjiko, ndiye Muponesi vevanoteerera (VaHeberu 5:9).

**Dambudziko rikuru kudarika mamwe matambudiko ose abatanidzwa munhu anofira kunze kweSungano yehukama naMusiki-Mwari vemasimba.** Nderipi ringava dambudziko huru kudarika rekuzorarama hupenyu hwose mugehena, riniva rakagadzirirwa dhiabhorosi nengirozi dzake Mateo 25:41? Zvinhu zvakaoma zvinorwadza mukuona mweya yainge yakaponeswa yainge ine tarisiro yekurarama hupenyu husinamagumo kudenga ichinge ichitsauka kubva kuna Mwari ichidzokera kuhupenyu hwezvivi (2 Petro 2:20-22; Mateo 13:18-23). **Hakuna dambudziko huru rinodarika kufa munhu uri mukurasika muzvivi,** kunyanya apo Mwari Baba vakatipa hurongwa hweruponeso rwemunhu, Mwari Mwanakomana akatambudzwa zvinopisa tsitsi nokuda kwedu, uye Mwari Mweya Mutsvene akataura nzira yekuenda kuhupenyu husingaperi kudenga kubudikidza nekufuridzirwa kutsvene kwevanyori veBhaibheri. Kune mamwe matambudziko kana jodzi dzinosanganikwa nadzo panyika dzisingakwanisike kudziviririka, asi munhu vose anokwamisa kudzivirira **dambudziko hombe rekuti asarasika zvohupenyu hwese.** Unofanirwa kuita sei?

## Basa Kubva

"Casualties of the September 11 Attacks." *Wikipedia*. 24 Jan 2021.

<[https://en.wikipedia.org/wiki/Casualties\\_of\\_the\\_September\\_11\\_attacks#:~:text=In%20Septem%20ber%202009%2C%20the%20office,11%20death%20toll%20to%202%2C996](https://en.wikipedia.org/wiki/Casualties_of_the_September_11_attacks#:~:text=In%20Septem%20ber%202009%2C%20the%20office,11%20death%20toll%20to%202%2C996)>.

Chalabi, Mona. "What Are The Demographics Of Heaven?" *FiveThirtyEight*. 14 Oct 2015. 24 Jan 2021. <<https://fivethirtyeight.com/features/whate-are-the-demographics-of-heaven/>>.

Hedges Chris. "What Every Person Should Know About War" *The New York Times*. 6 Jul 2003. 24 Jan 2021. <<https://www.nytimes.com/2003/07/06/books/chapters/what-every-person-should-know-about-war.html#:~:text=At%20least%20108%20million%20people,men%20away%20from%20their%20wives.>>

war.html#:~:text=At%20least%20108%20million%20people,men%20away%20from%20their%20wives.>

Nasaw, Danel. "Who, What, Why: How many soldiers died in the US Civil War?" BBC News 3 Apr 2012. 24 Jan 2021. <<https://www.bbc.com/news/magazine-17604991#:~:text=For%20more%20than%20a%20century,number%20under-represented%20the%20death%20toll>>.

"Titanic." *History*. 10 Mar 2020. 24 Jan 2021. <<https://www.history.com/topics/early-20th-century-us/titanic>>. "Tragedy." *Dictionary.com*. 24 Jan 2021. <<https://www.dictionary.com/browse/tragedy?s=t>>.

"Tragedy." *Merriam-Webster.com Dictionary*. 24 Jan 2021. <<https://www.merriam-webster.com/dictionary/tragedy>>.

**Louis Rushmore mupepeti veThe Voice of Truth International uye Gospel Gazette online. Akatanga zvekuparidza muna1973 muUSA nenyika dzikapoterredza pamwechete nekunyora mabhuku nezvinyorwa zviduku. Anogara kuOcala, muFlorida, USA.**

# ASSOCIATE EDITOR

---



Ndasarudza Iwe Nhasi

**Jerry Bates**

Tinoita sarudzo mazuva ose. Zhinji dzesarudzo idzi hadzina kukosha uye dzine simba shoma pamusoro pehupenyu hwedu hwose. Dzimwe sarudzo, dzakakosha; dzinesimba rinogara kwemakore mazhinji. Kune sarudzo imwe chete yakanyanyo kosha, uye iyi ndeyekushumira Mwari. Zviitiko zvesarudzo iyi zvinorarama nekusingaperi.

Nguva zhinji muZvinyorwa, Mwari anokurudzira vanhu kuti vasarudze kushumira Iye. Pedyo nokumagumo kwehupenyu hwake, Mosesi akaisa sarudzo kuvana velsraeri. ***“Ndinodana kudenga napasi kukupupurirai nhasi, kuti ndaisa pamberi pako upenyu norufu, kuropafadzwa nokutukwa; naizvozvo tsaura upenyu, kuti urarame, iwe navana vako”*** (Dhuteronomi 30:19). Mosesi anoratidza kuvanhu kuti pane sarudzo yavakafanira kuita, uye musiyano uripo hupenyu nerufu. Zvinoratidzika sokunge havana kumbobvira vaita sarudzo, nokuti vairamba vachizama kushandira zvose Mwari nezvidhori. Munguva, iyo ainge ave pedyo kwekuguma kwehupenyu hwake, Joshua anotaura kuvanhu velsraeri nekuita chidanho chekupedzisira chekuvakwezva kuti vatsidze kutevera Mwari. ***“Kana muchiti zvakaipa kushumira Jehovha, zvitsaurirei nhasi wamunoda kushumira, kana vamwari vaishumirwa namadzibaba enyu mhiri kwoRwizi, kana vamwari vavaAmori vamugere munyika yavo; asi kana ndirini naveimba yangu tichashumira Jehovha”*** (Joshua 24:15). Zvakare tinoona kuti Joshua achikurudzira vanhu kuti vaite sarudzo.

Testamente Itsva inopa sarudzo yakafanana neiyi pamberi pedu. Takaisirwa pamberi pedu hupenyu kana rufu, chikomborero kana chituko. Tinofunga kuti hapana anosarudza rufu; asi kunyangwe zvakadaro ruzhinji rwedu rwurikuita sokudaro nhasi. Sei ndadaro? Pane zvikonzero zvizhinji, asi chikonzero chimwechete chikuru ndechekuti vazhinji havasi kuita sarudzo. Vanokwanisa kutaura kuti nerimwe remazuva vachaizozvipira hupenyu hwavo kuna Mwari nekuzomushumira, asi vanenge vachironga kuzozviita mukufamba kwenguva. Munguva zhinji zuva iri harisviki. Pauro anonyora munaVakorinte 6:2, ***Nokuti iye unoti: “Ndakakunzwa iwe nenguva yakafanira, Ndakakubatsira pazuva rokuponeswa; Tarirai, zvino inguva yakafanira; tarirai, zvino ndiro zuva rokuponeswa.”*** Pauro unotikurudzira kuti tiite sarudzo dzakanaka **nhasi**.

Mwari haagamuchire chikumbiro chousingateereri muhupenyu hwedu.



Cherechedza kuti kunenguva yekukosha kwesarudzo iyi. Joshua akati kusarudza **"zuva ranhasi"** Pauro akati, **"zvino ndiro zuva reruponeso."** Tinofanirwa kuita sarudzo, uye takafanirwa kuita nhasi. Sarudzo iyi haisi haisikuzoramba yakavhurika mukana kwauri nokuti pada nguva inokwanisa kuvhara masuwo esarudzo iyi. Tinokwanisa kufa tisati taita sarudzo. Vechidiki vazhinji vanofunga kuti vanenguva zhinji yekuita sarudzo nokuti vachiri nenguva yekukura. Nokudaro, sokuziva kwatinoita kuti zuva nenguva dzekufa hapana anoziva; vechidiki varikungofa zuva nezuva. Kunyangwe ukava unorarama makore mazhinji, moyo vako unosvika pakuva unokombamwara nechivi zvaunenge uchitadzira nazvo Mwari. Munyori veHebheru anonyora achiratidza izvi muna VaHeberu 3:13 apo akanyora, ***"Asi simbisanai zuva rimwe nerimwe, kana kuchinzi Nhasi; kuti kurege kuva nomumwe wenyu unowomeswa nokunyengera kwezvivi."***

Cherechedza zvakare kuti tinofanirwa kuita sarudzo. Tikatadza kuita sarudzo yekushumira Mwari zvachose, munhu anoita sarudzo inomuparadza. Vazhinji vanosarudza kurarama hupenyu usina sarudzo yavanoita. Vanhu varikurarama mazuva anhasi, vanorarama vasina kuronga kana kuita sarudzo yeremangwana rinechekuita nehupenyu hwavo. Vanozvisimbisa kuti vachazoonzira neremangwana kana ramangwana racho razosvika. Zvisinei, nokuti mamiriro eremangwana redu anogadzirwa nesarudzo yatinoita zvino. **Parizvino** ndiyo nguva yekuita sarudzo iyi. Nerimwe remazuva nguva yesarudzo ichabviswa kwatiri, panguva iyoyo tichasvika pakutambudzika nokuda kwesarudzo dzatakaita.

Munguva yemakore emazana, vaJudha vaizama kutsvaka kushumira zvose Mwari nezviubwa, asi hazvina kubvira zvashanda. Mumakore akatiwande emazana mushure maMosesi naJoshua, Elija zvakare akaita zvimwechete pamberi peValsraeri paGomo reKamera. ***“Zvino Eria akaswedera kuvanhu vose, akati, Mucharamba muchifunga mifungo miviri kusvikira rinhiko? Kana Jehovha ari Mwari, mumutevere, kana ari Bhaari, mumutevere iye. Asi vanhu havana kupindura shoko rimwe”*** (1 Madzimambo 18:21). Vanhu velsraeri vaizama kutevera zvose Mwari naBaari, uye Elijah akaisa sarudzo pamberi pevanhu. Pasina chinguva achinge avataurira kutaura uku, tinoverenga pamusoro pekukwikwidzana pakati paElija nemaporofita 450 aBaari, zvakakonzeresa kuti kuve nekuratidzwa kwekukunda pachena kwesimba raMwari. Zvisinei, zvakaraidza kusava nemusiyano mudiki mukuita kwevanhu.

Kunyangwe nazvino, vanhu vanozama kushumira Mwari nenyika. ***“Hapana munhu ungabatira vatenzi vaviri nokuti uchavenga mumwe, akada mumwe. Kana uchanamatira mumwe akazvidza mumwe. Hamungabatiri Mwari nefuma [nemari]”*** (Mateo 6:24). Tinofanirwa kusarudza uye nekuzviita nhasi, nokuti nezvava rimwechete unokwanisa kutorasikirwa nemukana uyu. Jeremia anataurira vanhu venguva yake kuti vange vatononoka kare. Akanyora, ***“Kucheka kwapera, zhizha rapfuura, asi tigere kuponeswa”*** (Jeremia 8:20). Vange vanonoka nokuti nyika yainge yave kutoda kuenda kuhutapwa. Zvimwechete chinova chokwadhi nesu. Nerimwe zuva tichangoerekana takunzi takanonoka kare. Takaisirwa pamberi pedu sarudzo yerufu kana yeruponeso. Nzira yerufu inzira yakafaranuka, uye vazhinji varikufamba mairi. Nzira yehupenyu yakamanikana, uye vashoma varikufamba mairi (Mateo 7:13-14). Pakati pedu tose tirikufamba pakati peimwe yenzira mbiri idzi. Ndeipi nzira yaungava urikufamba mairi? Sarudza nhasi nzira yaungada kufamba nayo.

**Jerry Bates** mumishinari, muparidzi veEvhangeri, uye mumwe vevapepeti vemagazini eThe Voice of Truth International. Anogara kuWinona, Mississippi kuUSA.

# ASSOCIATE EDITOR

---



*Madimikira eMakritsu:*

*Zvimwechete Asi*

*Zvakasiyana*

*Shane Fisher*

Madimikira “kutura muchivande kunoita sekunozvipikisa asi nekumwekutura kuchibudisa chokwadi” *www.dictionary.com*. Bhaibheri rine madimikira mazhinji anoratidza chokwadi chikuru. Madimikira atinoda kucherechedza ndeyemuBhaibheri anoratidza mhedziso dzechokwadi, *mamwe emamwe acho akafanana, asi akasiyana*.

## **Mwari Mumwechete, Asi Nzira Dzakasiyana Mukuratidza Kuda Kwake**

**Mwari unehupenyu husingaperi Mapisarema 90:2. Nokudaro, Mwari anosarudza kuratidza kuita kwake munenzira dzakasiyana siyana kubva pakutanga.** VaHeberu 1:1-2 inoti, ***“Mwari wakataura kare kunamadzibaba nemuvaporofita nemigove mizhinji, vuye nemitovo mizhinji, zvino pakupedzisira kwamazuva ano wakataura kwatiri muMwanakomana wake, waakaita mudyi wenhaka yezvinhu zvose, waakaitavo naye nyika.”*** (1) Mwari **vaitaura** kuvanhu munedzimwe nguva -Adhamu na Eva (Genesisi 2:16-17; 3:9-17); (2) Mwari **aitaura** zvakare kubudikidza **nemukurota** (Genesisi 20:3; 31:11); (3) Mwari **aitaura** kubudikidza **nomuzviratidzo** (Genesisi 15:1; Numeri 12:6); (4) Mwari **aitaura** kubudikidza **neUrimi neTumimi** (Exodosi 28:30); (5) Mwari **vakafuridzira** vamwe pakati pevanhu kuva **vaporofita** (2 Petro 1:20-21). Pakupedzisira, Jesu, unouya munyama ari Mwari, (Johane 1:14). Jesu akapihwa masimba ose kuDenga nepaNyika (Mateo 28:18). Akagovera masimba kubudikidza neMweya Mutsvene kumaapostora nemaporofita **kuti aratidze nekusimbisa zvinyorwa zvakanyorwa kuda kwaMwari**, izvo nokunavose kwakapihwa mumakore emazana ekutanga A.D. (Mabasa 2:1-4; VaEfeso 2:19-22; VaHeberu 2:1-4; 8:8-13; Judha 3).

## **Mwari Umwechete, Asi Sungano Dzakasiyana**



Mune sungano dzakativandei dzakaitwa muBhaibheri, asi mbiri dzacho dzakanyanya kuva nemutsauko dzinoziikanwa nekuti mutemo vaMosesi nemutemo vaKritsu (VaHeberu 8:8-13). Mutemo vaMosesi vakapihwa muna 1400s B.C. (Dhuteronomi 5:1-3). Vakagadzirirwa vanhu velsraeri iye vaive venguva duku VaGaratiya 3:16-25. Muvhuri kana mufananidzo vezvinhu zvaizvaizouya (VaHeberu 10:1-4). Jesu akauya kuzozadzisa mutemo vaMosesi (Mateo 5:17-18). Akaita sokudaro pamuchinjiko muna A.D. 30, ipapo mutemo vaMosesi vakasvika pakupfuura (VaHeberu 9:15-17; VaEfeso 2:14-16; Vakorose 2:14-17). Jesu vakapa Sungano Itsva pamusoro pevanhu vose (Isaya 2:1-4; Mateo 26:28), uye inorarama nokusingaperi (VaHeberu 13:20). Sungano Itsva zvinhu zvinoratidzwa kana kutaridza zvainongedzerwa nemutemo vaMosesi (Vakorose 2:14-17). Inotipa mupirisita mukuru (VaHeberu 7:11-28), inopa ruvimbiso rwetariro ikuru (VaHeberu 4:1-6) uye inoita kuti tikwanise nekuva nekuregererwa zvivi zvachose (VaHeberu 10:1-4). Apo tine *misimboti* mizhinji inoti, kutenda, kuteerera, rudo, uye nechimiro chaMwari, nezvimwe zvakadaro. *Mune zvidzidzo zvenhoroondo* (1 Vakorinte 10:1-11), uye ruzivo rwekutanga (Revhitiko) zvaida kuunganidzwa kubva kuTestamente Yekare (2 Timoti 3:15-17; VaRoma 15:4), hatichisina kusungwa nemashoko *aripamutemo uyu vakaita se* (sabata, mitambo yemwaka, mitemo yozvokudya neimwe inotaurwa).

### **Jesu Mumwechete, Asi Chimiromo chakasiyana**

Jesu akagara kurudyi rwehumambo waBaba mushure mekukwira kwake kuDenga (VaHeberu 1:1-3). Arikutonga saMambo vemadzimambo munguva ino (1 Timoti 6:15). Inguva ingava yakarebasei iyo Jesu unotonga muushe Hwake hwatiri? Vakorinte vekutanga 15:24-28 inotaura:

***"Ipapo kuguma kunosvika, panguva Yaachazopa Mwari, Baba, vushe panguva Yaachaparadza kubata kwose, novushe bwose, nesimba. Nokuti Unofanira kubata vushe, kusvikira Aisa vavengi vake vose pasi petsoka Dzake. Muvengi wokupedzisira, uchaparadzwa, ndirwo rufu. Nokuti wakaisa zvinhu zvose pasi petsoka dzake. Zvino kana achiti: Zvose zvakaitswa pasi Pake, zvinovonekwa pachena kuti Iye, wakaisa zvose pasi pake, haana kuiswapo. Zvino kana zvose zvaiswa pasi Pake, ipapo noMwanakomana vo amene uchaiswa pasi paiye wakaisa zvose pasi Pake, kuti Mwari ave zvose kunavose."***

Jesu haana Kungosviita chibairo chezvivi bedzi, kubudikidza nekurwadziva kusingatsanangurike nemarwadzo (2 Vakorinte 5:21), asi akasarudza Kusvinipisa kunaBaba **mushure** asati apa vushe Hwake (somuenzaniso, kutonga) kuudzoserwa Kwaari. Jesu



anoendereramberi kuzviratidza muvanhu nokusingaperi, mukurarama kwake pasi rino aive munhu akanaka. Izvi zvinoenderana mukufambidzana nedzimwe ndima dzinotaura kuti anoshanda akamira semumiririri kana mutauriri vedu pakati pemunhu naMwari (1 Timoti 2:5). Haanyare kutidana kuti hama (VaHeberu 2:9-11). Jesu ndiye dangwe pakati pehama dzose (VaRoma 8:29). Pauro anotikohomedza kuti takabatanidzwa muhushe naKritsu (VaRoma 8:17).

### **Bhuku Rimwechete, Asi Zvinhu Zvakasiyana**

Bhaibheri harina kuuya kwatiri riri muparachutu sekutaura kweumwe muzvinafundo akandidzidzisa. Bhaibheri rinogovera kufambiswa kwenhoroondo dzakanyorwa mune zvinhu zvakasiyana kwemakore emazana akadarika. Chimwe chikamu chacho chainyorwa mumatombo (Mitemo Inegumi, Exodosi 31:18), paivhu, pachikumba, panhokwe nepamatehwe. Munhu anofanirwa kuenda kudande mutande, *The Center for the Study of New Testament Manuscripts* ([www.csntm.org](http://www.csntm.org)) kuti aone zvinyorwa zvose zveTestamente Itsva zvakaisva imomo kuitira kuti zvizvarwa zvinoteera zvigoona nekutarisa kubva kumashure kwesarudzo. Zvinyorwa izvi zvainyorwa nemaoko kwemakore anemazana kusvikira boka reGutenberg raiita zvekutsikisa ravambwa muna A.D. 1400s, zvakaita kiti ribudirire kufambisa zvinyorwa zvakanaka. Zvigadzirwa zvaveko mazuvaano, zvakuira kuti parizvino tikwanise kuona Bhaibheri kunyangwe mumafoni edu. Zvirokwazvo, Shoko raMwari rinorarama nokusingaperi. (1 Petro 1:22-25) inonyota:

***Zvamakanatsa mweya yenyu muchiterera zvokwadi Mumweya, kuti mude hama nokusanyengera, munofanira kudana zvikuru nomoyo wose; nokuti makaberekwa kutsva, zvisingabvi pambeu inovora, asi pane isingavori, neshoko raMwari benyu rinogara nokusingaperi. Nokuti, Nyama yose yakaita sovuswa, Nokunaka kwose seruva rovuswa, Vuswa bwunosvava, neruva rinowira pasi; Asi shoko raShe rinogara nokusingaperi. Ndireri shoko romufaro ramakaparidzirwa.***

### **Kutaurana kuneruchengeto Kumwechete, Asi Kwakasiyana Maitirwo neZvinoshandiswa**

Evhangeri ndiyo nzira bedzi iyo vanhu vanokwanisa kuponeswa kubva kuzvivi zvavo. (VaRoma 1:16) inotaura kuti, ***“Nokuti handinyari pamusoro peEvhangeri; nokuti isimba raMwari rokuponesa mumwe nomumwe unotenda, kutanga muJudha, vuye muGiriki vo.”*** Chinhu chinofadza kuona nzira zhinji dzekushambadza mukuparidza Evhangeri nhasi. *World Evangelism* ine pfungwa

dzekutepfenyura muzvidzangaradzimu zvekunze, hurongwa hweparedhiyo uye munezvezvinyorwa zvakaita (sekufambiswa kwemapapa, mabhuku, magazini nezvimwevo zvakadaro). Tirikuisa mabhuku aya nemapapa mumaPDF kuti hama dzikwanise kuzvitorera padandemudande kuitira kuti vakwanise kupavo hama neshamwari dzakavapoteredza. Zvakare tirikutora mavhidiyo kuti asvike pakuiswa paYou Tube kuti hama dzikwanise kuona munyika pasi rose kunyanya kune avo vanokwanisa kuenda paindaneti. Mamwe mabasa makuru anoitwa nehama vanoshandisa mapodcasts, Amazon Prime, Roku, nezvimwe zvakadaro. mukuparidzira chokwadi, Hama zhinji, zvinosuruvarisa, havatore danho rekudzidza kuti vangashandisa sei maturusi aya zvakanyatsonaka. **Hama, chikumbiro changu kuti mukwanise kudzidza kushandisa zvinhu izvi mukufambisa Evhangeri?**

### **Munhu Mumwechete, Asi Mafungiro Akasiyana**

Tinoona munhu anechido chekuteerera Evhangeri nekupinda mumvura, akanyudzwa, munhu mumwechete anosimudzwa kubudiswa mumvura. Mukuona nemeso enyika hapana chinenge chashanduka. Zvisinei, avo vanenge vaoneswa kuti vatadzi vanoda Muponesi (Roman 3:23), vanotenda muna Ishe Jesu Kritsu (Johane 3:16; 8:24), vakatendeuka zvivi zvavo (Mabasa 17:30), vakapupura kuraramira Iye kwehupenyu hwavo vose (VaRoma 10:9-10) uye vakabhabhatidzwa Maari mukukanganirwa zvivi (Mabasa 2:38) – **zvino iva nepfungwa inofunga zvakasiyana**. Vakarangarira kuti vakaisa mukufa munhu vekare vechivi (VaRoma 6:3-7). Havachasi munhu uye vekutanga wavaimbove. Vave chisikwa chitsva muna Kritsu. Vakaitwa vatsva (2 Vakorinte 5:17)

Vakorose 3:1-3 inoti, ***“Naizvozvo, kana makamutswa pamwe chete naKristu, tsvakai zviri kumusoro, uko kunaKristu, ugere kurudyi rwaMwari. Fungai zviri kumusoro, musafunga zviri pasi. Nokuti makafa, vupenyu bwenyu bwakavigwa pamwe chete naKristu munaMwari.”***

Ngatitsidze mumoyo yedu nemumifungo yedu kuti tirambe tiine pfungwa yakasiyana inotisiyanisa isu nezvinhu zvinoitwa munyika izvo takasiya kumashure ( 1 Johane 2:15-17).

***Shane Fisher ndeumwe vevapepeti vebhuku reThe Voice of Truth International, mumishinari uye anoshanda neboka reWorld Evangelism. Anogara muWinona, Mississippi, USA.***



## FOUNDING EDITOR

---



1932—2008



J. C. CHOATE

Tirikubvunza mubvunzo vakakosha: ***"Bvisai munhu vekare vechivi, mupfeke munhu mutsva vekururama?"*** Nekumwe kutaura, tinoda kuona kuti tingasiya sei nyika yezvivi kumashure nekutsiva hupenyu uyu nehupenyu hwakarurama kubudikidza nokupinda mukereke yaKritsu, inova muviri vaKritsu veMweya.

Tirikurarama munguva iyo inzwi rekuti "chivi" rakasvika mukushaikwa mukutaura kwedu . Mazuva ano, mudhakwi avakunzi chidhakwa, munhu anotora mishonga inodhakwa avakunzi mumwi vemishonga, ngochani dzavakunzi inzira yemararamiro ehupenyu, zvizhinji zvezvinhu zvaiziikanwa sechivi zvavakuitwa mararamiro. Nokudaro, ndine shoko newe. Zvinhu izvi zvichiri zvakaipa, zvakare zvichingori chivi muShoko raMwarai. Nokuti hazvisi kudanwa nemazita azvo akafanira munharaunda hatifanirwe nekusatendera pachedu kuti hachisi chivi, hazvirevi kuti hazvichazi zvivi. Zvingasvika pakupendwa nekushongedzwa mukudanwa nemazita akanaka, asi chivi chinongoramba chiri chivi mumeso aMwari nemumeso evanhu Vake.

Zvivi izvi zvinotaurwa muZvinyorwa semabasa enyama, uye zvimwe zvacho zvinodanwa kuti ***"Zvino mabasa enyama anovonekwa, anoti: Vupombwe, netsvina, novutere, nokunamata zvifananidzo, novuroyi, nokuvengana, negakava, negodo, nokutsamwa, nokupesana, nokuparadzana, nedzidziso dzakatsauka, nokugodorana, nokuvuraya nokubatwa, nokutamba kwakaipa, nezvinhu zvakadai; izvo zvandinokuvudza zvino, sezvandakambokuvudza kare, kuti vanoita zvakadai havangadyi nhaka yovushe bwaMwari"*** (VaGaratia 5:19-21). Pauro anoti, avo vasina kururama havapinde vushe vaMwari (1 Vakorinte 6:9-10). Johane akanyora:

*"Musada nyika kunyange nezvinhu zviru munyika. Kana munhu achida nyika, rudo rwaBaba haruzi maari. Nokuti zvose zviru munyika, zvinoti, kuchiva kwenyama, nokuchiva kwameso, nokuzvikudza kwovupenyu, hazvibvi kunaBaba, asi panyika. Nyika inopfuvura nokuchiva kwayo; asi unoita kuda kwaMwari, unogara nokusingaperi"*(1 Johane 2:15-17).

Mukuenderera mberi, muapostora Pauro akanyora:

*"Asi tinoziva kuti murairo wakanaka, kana munhu achiita nawo sezvinoreva murairo, achiziva kuti murairo hauna kuitirwa wakarurama, asi vasingehanya nomurairo, navasingatereri, navasingadi Mwari, navatadzi, navasi vatsvene, navasinehanya naMwari, navanorova madzibaba, navanorova madzimai,navanovuraya vanhu; nemhombwe, navanopombora navarume,navanoba vanhu, navanoreva nhema, navanopika nhema, vuye kana chimwe chiri'ko chinopesana nedzidziso yakarurama; sezvinoreva Evhangeri yokubwinya kwaMwari womufaro, yandakapiwa ini "*(1 Timoti 1:8-11).

Zvakare, Pauro unonyora:

*"Zvino uzive chinhu ichi, kuti namazuva okupedzisira nguva dzokutambudzika dzichasvika. Nokuti vanhu vachava vanozvida, vanoda mari, vanozvirumbidza, vanozvikudza, vanotuka, vasingateereri vabereki, vasingavongi, vasati vari vatsvene, vasinorudo chairwo, vasingadi kuyanana, vanochera vamwe, vasingazvidzori, vanehasha, vasingadi zvinhu zvakanaka, vanonyengera, vasingarangeriri, vanoita manyawi, vanoda zvinofadza zvenyika kupfuvura Mwari; vanomufananidzo bedzi wokunamata Mwari, asi vakarasha simba rako; ufuratre vanhu ivava vo. Nokuti pakati pavo varipo vanopinda mudzimba vachiverevedza, vachitapa zvikadzi zvakaremedzwa nezvivi, zvinokwebwa nokuchiva kuzhinji, zvinongogara zvichidzidza, asi hazvitongogoni kusvika pakuziva zvokwadi"*(2 Timoti 3:1-7).

Chii chinomzi chivi? Kudarika mutemo vaMwari, sekudarikwa kunoitwa mutemo vevanhu. Johane anonyora:

*"Mumwe nomumwe unoita zvivi, unodarika nomurairo vo; zvivi ndiko kudarika murairo. Munoziva kuti iye wakavoneswa kuti abvise zvivi; maari hamunezvivi. Mumwe nomumwe unogara maari, haaiti zvivi; mumwe nomumwe unoita zvivi, haana kumuvona kana kumuziva. Vana vaduku, musatsauswa nomunhu; uyo, unoita zvakarurama, wakarurama, saiye akarurama. Uyo, unoita zvivi, ndowaDhiabhorosi, nokuti Dhiabhorosi unoita zvivi kubva pakutanga. Mwanakomana waMwari wakavoneswa nemhaka iyi kuti aparadze mabasa*

***aDiaborosi***"(1 Johan 3:4-8).

Johane anodzidzisa kuti Kritsu akauya panyika ino, ainge asina chivi uye akazvipa lye kuti munhu akwanise kuponeswa kubva muchivi. Ishevedu akauya zvakare kuti mabasa adhiabhorosi asvike pakuparadzwa.

Pauro anoraira, ***"Nokuti vose vakatadza vakasavika pakubwinya kwaMwari"*** (VaRoma 3:23). Zvakare, akati, ***"Zvino, zvatakaruramiswa muropa rake, tichaponeswa zvikuru sei naye pakutsamwa. Nokuti zvatakayananiwa naMwari nokufa kwoMwanakomana wake, tichiri vavengi vake, zvikuru tichaponeswa kana tayananiwa novupenyu bwake"*** (VaRoma 5:8-9). Muna VaRoma 6:23, Pauro akanyora, ***"Nokuti mubairo wezvivi ndirwo rufu; asi chipo chokungopiwa chaMwari ndibwo vupenyu bwusingaperi munaKristu Jesu, Ishe wedu."*** Mukutaura pamusoro penyika inouya, Johane akanyora, ***"Asi kana vari vanotya, navasingatendi navanyangadzi, navavurayi, nemhombwe, navaroyi, navanonamata zvifananidzo, navose vanoreva nhema, vachava nemugove wavo mudziva rinopfuta nomoto nesurferi; ndirwo rufu rwechipiri"***(Zvakazarurwa 21:8).

Vaona here zvivi zvakataurwa, pamwechete nezvose zvimwe zvezvivi zviri munyika? Vaona here zvimwe zvezvivi izvi zvakakomberedza kana mushamwari dzako, mumhuri yako kusanganisira nowe? Vakwanisa here kuona zvakare zvinoitwa nezvivi izvi, kunyangwe mukuraramwa kwanhasi, kune avo vanosvika pakusviita? Zvinosvika pakukukuvadza nekukukonzera matambudziko makuru kwazvo. Zvivi zvinoparadza iwewe nemhuri yako munenzira dzakavandisa dzisingaverengeke, zvose panyama nepamweya. Zvinotumira mweya vako kugehena.

Saka, zvii zvinofanirwa kuitwa pamusoro pezvinhu izvi? Munhu anofanirwa here kuisva mukutambudzwa nokuda kwezvivi zvaanenge aita, mukuisva mukurarama nekufa vasina Mwari uye vasina tarisiro? Pane imwe nzira here ingakwanisa munhu kusvibvisa muchivi, kuti akwanise kuregererwa nokuva nehupenyu hwakanaka? Zviokwazvo uripo, asi kune muripo unobhadharwa. Kritsu akakufira ***iwe*** - kuti ukwanise kuponeswa - kuti iwe ukwanise kuvaniswa ruponeso, unofanirwa kusiya kutadza kwako kwose umuteerere lye. Zvinhu zvirinyore, uye ***hakuna imwe nzira ungaponeswa nayo***. Kuteerera kuna Mwari hachifanirwe kuva chinhu chakaoma kana munhu akangoziva kuti anofanirwa kusiya zvose zvinova zvinoparadza mukuzvichinjanisa nezvose zvinova zvakanaka!

***Bhaibheri rinotsanangura munhu ari muchivi se "munhu vekare vechivi."***

Bhaibheri rinoenderera mberi nekutsanangura avo vakateerera Mwari sevakapfeka ***"munhu mutsva vekururama"*** muna Kritsu Jesu. Shanduko iyi inouyiswa nekutenda kwemunhu muna Mwari, kubudikidza nokutendeuka - mukutendeuka kubva muhupenyu vechivi, mukupupura Kritsu kuva Mwanakomana vaMwari nekuva vakabhabhatidzwa kana kuvigwa mumvura mukuregererwa kwezvivi.

Ngativerengei muna VaRoma 6 kuti tikwanise kuona kuti izvi zvinoshandisa sei. Paurovakanyora:

***"Zvino tichatiyiko? Torambira muzvivi kuti nyasha dziwande here? Haiswa! Isu takafa kuzvivi, tichagara seiko mukati mazvo? Ko hamuzivi here kuti isu takabhabhatidzwa muna Kristu Jesu, takabhabhatidzwa murufu rwake? Naizvozvo pakubhabhatidzwa takavigwa pamwe chete naye murufu; kuti saiye Kristu akamutswa kuvakafa nokubwinya kwaBaba, saizvozvo nesu vo tifambe novupenyu bwutsva. Nokuti kana takava vamwe naye pakufanana naye, parufu rwake, tichadaro vo pakumuka kwake; tichiziva izvi, kuti munhu wedu wekare wakaroverwa pamuchinjikwa pamwe chete naye, kuti muviri wezvivi ushaiswe simba, tirege kuzova varanda vezvivi; nokuti wakafa, waruramiswa pazvivi. Zvino kana takafa pamwe chete naKristu, tinotenda kuti tichararamavo pamwe chete naye; tichiziva kuti Kristu amutswa kuvakafa, haachazofi; rufu haruchavi nesimba pamsoro pake. Nokuti pakufa kwake, wakafa kamwe kwazvo kuzvivi; zvino pakurarama kwake, unorarama kunaMwari "*** (VaRoma 6:1-10).

Mukuenderera mberi, Pauro akaratidza kuti Kritsu akafa pamuchinjiko. Akavigwa mubwiro nekusvika pakuzomuka kuupenyu. Kana mutadzi akaterera muEvhangeri, anosvika pakutiratidza izvo Ishe vedu akatiitira: akafa kuzvivi zvake; kureva kuti, akatendeuka kubva kwazviri, ndokusvika pakuvigwa mumvura mukugeza zvivi izvi, nemukuteerera kwake, akasvika pakusukwa neropa raKritsu; mukupedzisira; akabuda mumvura ave munhu mutsva, ***"Saka kana munhu ari munaKristu, wava chisikwa chitsva, zvinhu zvakare zvapfuvura; tarirai, zvose zvava zvitsva"*** (2 Vakorinte 5:17).

Patinovhura kuna Vakorose vechitatu, Pauro anonyora kuMakritsu aive paKorose:

***"Naizvozvo, kana makamutswa pamwe chete naKristu, tsvakai zviri kumusoro, uko kunaKristu, ugere kurudyi rwaMwari. Fungai zviri kumusoro, musafunga zviri pasi. Nokuti makafa, vupenyu bwenyu bwakavigwa pamwe chete naKristu munaMwari. Kana Kristu, iye vupenyu bwedu, achivonekwa, nemi vo muchavonekwa pamwe chete naye pakubwinya. Naizvozvo vurayai mitezo yenyu iri panyika, inoti: Vupombwe, netsvina, nokushumba, nokuda***

*zvakaipa, nokuchiva, ndiko kunamata zvifananidzo. Nokuda kwaizvozvi kutsamwa kwaMwari kunovuya pamusoro pavana vokusaterera; nemi vo maifamba mazviri kare, maigara muzvinhu izvi. Asi zvino, imi vo, bvisai izvi zvose, zvinoti: Hasha, nokutsamwa, nokuvenga, nokutuka, nokutaura zvinonyadzisa nomuromo wenyu. Regai kureverana nhema, zvamakabvisa munhu wekare, namabasa ake, mukafuka munhu mutsva, unovandudzwa pakuziva, afanane nowakamusika; apo hapana muGiriki nemuJudha, kudzingiswa kana kusadzingiswa, mutorwa kana muSitia, musungwa kana wakasununguka; asi Kristu ndiye zvose, vuye uri munavose. Naizvozvo, savasanangurwa vaMwari, vatsvene navanodikanwa, fukai moyo unetsitsi, nomoyo munyoro, nokusazvikudza, novunyoro, nomoyo murefu; muitirane moyo murefu, muchikanganwirana, kana munhu anemhosva nomumwe; Kristu sezvaakakukanganwirai, multe saizvozvo nemi vo. Zvino pamusoro pezvinhu izvi zvose fukai rudo, ndicho chisungo chinokwanisa. Norugare rwaMwari ngaruteme zvirevo mumoyo yenyu, ndirwo rwamakadanirwa vo mumuviri mumwe; ivai nokuvonga. Shoko raKristu ngarigare mukati menyu riwande; nokuchenjera kwose mudzidzisane, nokurairana namapisarema, nenziyo, nezviimbo zvomweya, muimbire Mwari nenyasha mumoyo menyu; vuye zvose zvamunoita, kana zviri zveshoko kana basa, itai zvose nezita raShe Jesu, muchivonga Mwari Baba naye"* (Vakorose 3:1-17).

Zvino, mumanzwi eZvinyorwa, ndovimba kuti uri kuona kuti munhu akabvisa munhu vekare vechivi kubudikidza nokuteerera kwake kuna Mwari, anosvika pakushanduka mufambiro nemaitiro ake. Anovedzera zvakanaka uye kunaka maari kunoita kuti hupenyu uyu hwatinorarama ukoshe kurarama uye unomupa tarisiro yehupenyu husingaperi. Tinofanirwa kuteerera Mwari kuti tikwanise kugamuchira chivimbiso chatakavimbiswa kuva mubairo vedu.


**J. C. Choate muna 1932-2008 aive mupepeti akavamba boka reThe Voice of Truth International.**





## EDITOR EMERITUS

---



### Kubva Mukuzvarwa

### Kusvika Kumuchinjiko

### Byron Nichols

Zvinhu zvinovanzo kuitika kana tavepedyo nemukupera kwegore rega rega, kazhinji kuona kana kunzwa kunyorwa **kwezvekuzvarwa**, kwemwana Kritsu. Hatinzwi zvakananya munguva iyi kutaurya kwezvetroverwa **pamuchinjiko** kwaKristu. Ngatitarisei mune zvinhu izvi zviviri zvinova zvakaoma zvinova zvinobata basa rakakosha mukurarama kwaKritsu panyika.

### Kuzvarwa neZvirimberu

Kuti pa**kuzvarwa** paive neHama zvokwadi dzaive nezvinhu zvaizitambudza zvakananzika zvaizadoda kuziva zvaitovhiringidza kufara kwadzo uye nekubvunzurudzwa mibvunzo kwairamba kuchitwa kuvabereki vatswa ava.

Kunyangwe Mariya ainge akatsanangurirwa pachena nengirozi Gabirieri nokuda kwakukosha kwebasa rainge achabata mukuva Mai veMwanakomana vaMwari, zvaingove iri nyaya isina kudyeka kwaari. Aida kwazvo kuita zvole zvaaigona kuita uye nekuita izvo Mwari aida kuti aite asi, aisava nechokwadi uye kuzviona sokuge aisakodzera nguva zhinji.

Josefa zvimwechetezvo paakasangana nengirozi nekurairwa kuti aisafanirwa kuramba hurongwa hwake vekutora Mariya semukadzi vake. Ngirozi yakamuudza zvakanare muchidimbu nhau pamusoro pekuti Mwana komana vaJosefa aiva ani (Ruka 3:23).

Mwanakomana vaMwari kupinda kwake munyika ino kwakaperekedzwa nekukudzwa nevafudzi nevachenjeri. Musiyano vakavepo, kuzvarwa kwake kwakaunza kuurayiwa kwavamwe vanakomana vemuBethlehemu, nokuda kwechirevo chehutsinye chamambo Herodhi.



Mumakore makumimatatu nematatu akapfuura, vamwe vanhu vemunzvimbo dzinokudza nekutya nekuvanechokwadhi vakasvika mukubudirira mukuitakwavo mukukudza varume sezvainge zvakatadzwa kuitwa naHerodhi mukaboka kevacheche. Saka Mwanakomana vaMwari vakaenda kubva mukuzvarwa, ainge vakakombwa nejodzi dzaida kumuparadza, pakupedzisira vakadzamara varoverwa pamuchinjiko vechiRoma.



### **Makore Ari Pakati Pekuzvarwa Kusvika paMuchinjiko**

Hazvidi anonzvera zvakananya kana kudzidza kwakadzama kuti munhu adzidze nekukasika kuti hushumiri kana basa raKritsu pasi pano kwaive kwakazara nevateereri kwaipihwa kuvanhu vaisava neruzivo rwaitomboziikanwawo. vazhinji vavo mumagariro nezvepfuma vaive vanekunyima. Jesu akazviisa nekufambidzana nevainge vakakanganikwa, vaisateererwa nekunzvengwa. Aisawa norusaruro mukufambidzana nekudya nevatadzi vemarudzi akasiyana siyana, nevateresi neruzhinji rwevanhu vaishoorwa.

Jesu akaratidza kuti ndiBaba vane rudo asingatore kana kuva nerusaruro kuti ndeupi Vaangada kuropafadza kana kuponesa, asi anoita kuti zuva rive mufaro wevanhu vose, nekutendera mvura kuti inaye kune vose vakarurama nevasakarurama (Mateo 5:45). Muapostora Petro anowanikwa achiratidza kuti Mwari haaite rusaruro, sepatinoverenga mumanzwi aPetro muna Mabasa 10:34, ***“...Zvirokwazvo, ndinovona kuti Mwari haazi mutsauri wavanhu.”***

Kristu akashandisa hupenyu hwake mukuratidzira kunaka nekukosha kwerudo rwaBaba, uye nehuchenjeri hwekuvimba nezvivimbiso zvaMwari. Jesu ainge akazadzwa nerudo rwaBaba kuti lye nokuda Kwake kwekusarudza kuenda pamuchinjiko mukuramba kutsamwisa Baba Vake

mukuramba kuvashandukira basa rake repanyika mukuratidza nomukugoverana rudo rwaMwari nevanhu vose vanosvika mukuteerera.

### **Zvose Zviri zviviri **Kuzvarwa neMuchinjiko** Zvinoratidza kuti Mwari Unesu**

Muna 1:23, Mateo anotaurwa kubva muchiporofita chiri munalsaiya maringe nekuzvarwa kwaKritsu sezvinoonekwa muna Isiaya 7:14. Inoti: *“Tarirai, mhandara ichava napamuviri, ichabereka mwanakomana, ichamutumidza Imanueri...”* Zvino Mateo akawedzera, *“ zvinokashaundurwa, kuti 'Mwari Anesu.’”* Ndosaka Mwari ainge ari pakati pevanhu akunyangwe paaive ari muchiratidzo chemwana akazvarwa ari **chizvarwa** muHama. Mumakore akawanda akapfura Pauro anoparidza kuanhu vepaAthens pagomo reMarsi kuti Mwar ainge, *“asiri kure nomumwe nomumwe wedu”* (Mabasa 17:27).

Bhaibheri rinokohomedza kuti Mwari ari **pose pose**, zvichireva kuti Ari posepose panguva imwechete, nekudaro **zvirokwazvo kakawanda anenge anesu!** Kunyangwe **pamuchinjikwa** Mwari akararatidza huvepo Hwake nesimba rake rakaziikanwa. **(1)** Akaita nyika yose ive nerima kwenguva yakareba maava matatu. **(2)** Akakonzeresa dyira raive muTemberi kubvaruka kuita zvikamu zviviri kubva kumusoro kusvika kuzasi. **(3)** Akasakisa kudengenyeka kwenyika, nemakuva mazhinji akazarurwa, nevatsvene vakamutsva kubva mumabwiro avainge vakavigwa (mushure mekumuka kwaKritsu). Nokuda kwemabasa, Mwari ainge ari pakati pavo.

Izita rakadii - “Imanueri” – “Mwari anesu”! Sezvo ainge aine vanhu mumakore ekutanga anezana, saka, Iye anesu kunyangwe nanhasi. Sekukosha kwekukosha kwainge kwakaita **chizvarwa**, zvakare Akashumira mukutaridza mavambo erwendo rwaifanirwa kuzoperera **pamuchinjiko**. **Muchinjiko** chaive chiitiko chinonyadzisa, apo chairatidza paiperera hupenyu hwakararamwa pamwechete nokuda kwekubatsira vamwe.

**Byron Nichols mupepeti weVoice of Truth International. Anogara muSpringfield, Missouri, USA.**



Hurongwa vaPhil Sander's vepaChidzangaradzimu uripo muzvikamu zvinosvika 80 zvinotepfenyurwa pazvirongwa zvepachidzangaradzimu, zvinotepfenyurwa pa Wairesi kanokwana ka23, ka130 muruzhinji nemukutaura nezvitaitei uye nezvitepfenyurwa zvemashoko (Dish and DirecTV) zvinobatsira muzvidzidzo, kukotsvera vaparidzi veEvhangeri. Runhare: 800-321-8633; email: [search@searchtv.org](mailto:search@searchtv.org); Website: [www.searchtv.org](http://www.searchtv.org).

**VAHEBERU 5: 8-9 INOTI,**

KUNYANGE AIVA MWANAKOMANA, WAKADZIDZA KUTERERA NEZVAAKATAMBUDZIKA; AKATI AKWANISWA, AKAZOVA MUVAMBI WOKUPONESWA KUSINGAPERI KUNAVOSE VANOMUTERERA;

**AKAWE MUNYORI VEHUPENYU HUSINGAPERI**

**KUNE WOSE AVO VANOMUTENDA**

**UNGATENDA JESU HERE KUTI UPONESWE?**


**INZWA INZWI RAKE:-**JOHANE 6:45 "MUVAPOROFITA MAKANYORWA, MUCHINZI: VACHADZIDZISWA VOSE NAMWARI. MUMWE NOMUMWE WAKAZVINZWA KUNABABA, AKADZIDZA, UNOVUYA KWANDIRI."

**TENDA KWAVARI:-** JOHANE 8:24 "NAIZVOZVO NDAKATI KWAMURI; MUCHAFIRA MUZVIVI ZVENYU, NOKUTI KANA MUSINGANDITENDI, KUTI NDINI IYE, MUCHAFIRA MUZVIVI ZVENYU."

**TENDEUKA PAZVIVI:** RUKA 13:3,5 - "NDINOKUVUDZAI: KWETE; ASI KANA MUSINGATENDEYUKI, NEMI MOSE MUCHAPARARA SAIZVOZVCKUTENDA MAARI : MATEO 10:32- "32 MUMWE NOMUMWE UCHANDIPUPURA PAMBERI PAVANHU NENI NDICHAMUPUPURA PAMBERI PABABA VANGU VARI KUDENGA."

**UVE VAKABHABHATIDZWA:** MARKO 16:16 - "16 UNOTENDA, AKABHABHATIDZWA, UCHAPONESWA; ASI USINGATENDI UCHATONGWA."

**UVE WAKATENDEKA:** ZVAKAZARURWA 2:10 -"10 USATYA IZVO ZVAUCHATAMBUDZIKA NA ZVO. TARIRA, DHIABHOROSI WODA KUISA VAMWE VENYU MUTORONGO, KUTI MUIDZWE; MUCHATAMBUDZIKA MAZUVA ANEGUMI: UVE WAKATENDEKA KUSVIKIRA PARUFU, NDIGOKUPA KORONA YOVUPENYU.



1. HAIMO MUBHAIBHERI. ANOVONEKA/ASINGAONEKI. DZIDZISO DZEKEREKE DZINODZIDZISA KEREKE MBIRI. VAEFESO 1:22-23; 4:4, INOTAURA KUTI IMWECHETE. VAMWE VANOTI KEREKE INOONEKWA ZVIURU ZVEMASEKETE ARI PANYIKA - VANOITA ZVIURU ZVEDZIDZISO DZEMASEKEYE AKASIYANA - VACHINAMATA MANAMATIRO ANEZVIURU ZVEZVEZVINHU ZVAKASIYANA. KEREKE ISINGAONEKE, VANOTI, VOGADXRISA VOSE VAKATENDEUKA KUBVA KUMAKEREKE ESE ASINGAONEKI. KUNYANGWE MUNEFZIMWE NGUVA MAKEREKE AYA ASINGAYENDERANE MUNE CHII, APO, KANA KUTI MUNHU ANGAPONESWA SEI. MAMWE EMAKEREKE AYA ANOKUVHOTERA KUPINDA KANA KUBUDA MUMAKEREKE AVO. MWARI BEDZI NDIYE ANEMASIMBA EKUVEDZERA MWEYA MUKEREKE YAKE (MABASA 2:47). IZVI ZVINOITIKA NOKUTEERERA KWAVO MUEVHANGERI (KUVA VAKAPONESWA) SEZVINOTAUURWA MUNA MABASA 2:41. (TARISA MARKO 16:15-16).

2. MUBHAIBHERI, NDICHO CHIMIRO CHEMAKATORIKI, NEZVITENDERO ZVIXHINJI ZVEMASEKETE ZVIRIKURARAMA. VANOTAURA KRITSU SEMUTUNGAMIRI VEKEREKE (KUDENGA) ASI VANOUNBA MASIMBA AVO NEMAHOFISI EHUKURU PASI PANO. MASIMBA OSE ANOITWA KUMBERI KWAKRITSU ARIKUDENGA KUVEDZERA MUSHOKO RAMWARI UYE ZVINORABWA (ZVAKAZARURWA 22:18-19).

3. HAZVIMO MUBHAIBHERI. KUITA MUSORO UMWE (KRITSU) MAPOKA EMASEKETE MAZHINJI HAZVITENDERWE MANYEPO. KEREKE MUKADZI VAKRITSU (VAEFESO 5:22-23; ZVAKAZARURWA 21:1-2). KUITA UKU KUNORATIDZA KRIYSU KUVA MUHUPOMBWE, SEZVO SANGANO RIMWE NERIMWE ARI MADZIMAI AKASIYANA. MUMWE NEMUMWE AKATAKIRA ZITA RESEKETE (DZIDZISO/ MAITIRO/ MANAMARIRO) ZVINOVA ZVINOSIYANISA MUMWE KUBVA KUNEMUMWE.

4. NDIVO MAONERO EBHAIBHERI KUKEREKE. JESU NDIYE BEDZI MUKURU VEKEREKE YAKE. KEREKE HAIONEKE ASI INOIMBWA NEVANHU VAKAPONESWA. (1 Petro 2:5) DZIDZISO DZAKE NEMANAMATIRWO AKE MAMWECHETE KWESE KWAUNOMUONA (1 VAKORINTE 4:17). DZIDZISO DZAKRITSU DZIMWECHETE. TINOTAURA CHINHU CHIMWECHETE (1 VAKORINTE 1:10). HAMUFANIRWE KUVA NEKUPESANA MAARI (1 VAKORINTE 12:25). MASIMBA EKEREKE ANOUYA ANOUYA KUBVA KUNAKRITSU KUBUDIKIDZA NEKUZARURWA KWESHOKO. TESTAMENTE ITSVA. CHERECHEDZA KURAIRA KWAMATEO 15:7-13.

# UMBOO

---

## HUNGA /Muramba unoita seunemagetsi – Kuita KwaMwari

David Everson



Hunga yemagetsi (kuita sechirabha chemagetsi) zvirokwazvo chisikwa chinoshamisa. Mwari muhuchenjeri vake usingagome unouya pedyo nekusikwa kwehove iyi munotaridzwa magumo mufungidziro nemumaonero emunhu mukugona kugadzira Kwavaakaita mhuka iyi lye akagadzira mukuiita muka yakadai, zvichangovanikwa pamusoro pehunga yemagesti.

Sechikara chemumvura dzekuChamhembe kweAmerica, chinokwanisa kubudisa gwenya rinoibatsira kuvhima. Asi gwenya iri harishande kutyisa dzimwe hove sezvaidzidziswa kwemakore mazhinji. Basa regwenya rinoshanda kana kutodarika kutyisira kwevhima. Zvirokwazvo, Tenzi vakagadzira hunga munemumwe mumhanyiro unodarika zvimwe zvinhu zverudzi uru. Ngaticherechedzei kunehunga yemagetsi tisvike pakuona zvinoshamisa mukuitwa kwebasa iri. Kuvanhu vasinangazivi hunga yerudzi urwu, une muviri unomonereka nemusoro vakaita kuti pafata, uye unokwanisa kuzvika hurefu vemafiti matanhatu kusvika masere. Zvinova

zvizarwa zvemuAmazoni uye murwizi rweOrinoco. Dzinobudisa nhengo dzemagetsi dzine zvikamu zvenhengo dzemiviri vadzo dzinehunyanzvi vemagetsi dzinoshanda semabhatiri anoshandisa nhengedzayo anokwanisa kubudisa mavhoutu anosvika mazana matanhatu emavhoutu ekushandisa mukutsvaka chikafu nekuzvidzivirira kuzvikara. kuita kwekuita kwaMwari kunoshamisa, asi hapana zviripo kana tichitarisa mukujekesa kwezvidzidzo pamusoro pekushanda kwazvo nemasimba ekuita kwemagetsi aya.

Zvidzidzo zvitsva zvinoratidza kuti mhando yehunga uyu unoshandisa magetsi arimuviri mayo mukuita masimba anenge anoshanda serimote mukubata nekuita kuti hove dzinenge dzakahwanda nekuchinja kana magetsi mashoma achinge atumirwa. Mukudaro zvinosvika mukubudisa pachena nzvimbo dzinenge dzine hove zvinoitira nyore mukuvhima kwayo, kana kuita zvinhu zvinonyengedza chikafu chayo chinenge chichida kubatwa.

Zvidzodzo zvinotaridza kuita kwekubudswa kwemagetsi mukuendesa mukushanda mukuratidza tutsinga tunoshandisa mashoko, kana tutsinga twemuviri, tunoshandisa mamhasuru. Sehunga mukuvhima, nguva nenguva nenguva inobifisa mavhouteji akavandisa anosiyaniwa nechikamu chekumira kwainomboita Izvi zvinokonzeresa kuti kuvhima kwehunga kuve kunoita kuvhundutse mvura. Hunga inobudisa gwenya rakavanda semzita yekuvhima kwayo. Mimwe vevadzidzi vesainzi akati "Kunyangwe dzichiziikanwa zvakanyanya nekusauraya vanhu, asi inokwanisa kukanganisa hove, mabhiza kana vanhu munguva inobudisa gwenya."

Mukuvedzera mukuvhima kwayo, uye "nekusvoswa", hunga inoshandisa hunyanzwi vayo kuvhima mumarwizi mainogara. Sezvo hunga kana ichinge ichishambira haikwanise kubudisa gwenya rakavanda rinenge richishandiswa mukitsvaka muzvimbo dzakasvibira nemvura dzakasviba. Tinoona Tenzi Musiki vakagadzira kugona kunoshamisa muhove iyo yakasvika mukucherechedzwa mumakore makumi maviri akapfuura. Mwari vakasika hunha iine kuita uku kunorarama kwete zvinhu zvinoshanda nemidziyo. Patinenge tiine kushamiswa ngatipei kukudza kuna Musiki akasika zvinhu zvose mumufaro.

**David Everson aive mudzidzisi vebhayoraji uye aiitisa zvidzidzo sesainzi mumasemina, zvakare ari mutariri mukereke yaKritsu muBelington, West Virginia, USA.**



# KO KANA?

Betty Burton Choate

**Kwemaminetsi, ngatitambei mutambo vekunyepera.** Ndichavhura maziso angu. Handina kubvira ndamboona nyika iyi, kana kuziva chero chinhu pamusoro "pemuviri" umo mandinozvivana. Mupfungwa dzangu, hakuna nezuro, dzisiri pfungwa chaidzo kana kuti nguva, nzvimbo nenyaya. Pfungwa dzangu dzakazadzwa nemibvunzo, "Ndini Ani?" "Ndezvipi zvole izvi zvakandipoterredza?" "Ndakaputirwa nechadzimira chezvinhu zvisangasiikanwe zvandisakamboona

Mukupinda muna 2022. Ndakamuka mumangwanani uye nekuvhura maziso angu munyika inoziikanwa. Ndinoziva muviri vangu, mufaro vangu, marwadzo angu, mhuri yangu, hupenyu hwangu vemazuva ose, basa rangu nenhorondo yangu, kudzokera mumashure kumakore anezviuru. Pfungwa dzangu dzainge dzazadzwa nekuziviswa.

Izvi zviitiko zviviri zvakatosiyana zvachose, asi zvichibata chinhu chimwe chakafanana: munhorondo yose yevanhu, zvisinei kuti akadii mukuziikanwa kana kuti anoziiikamwa zvisihoma vakadii, kune kukura kunoziviswa mumweya (kunyangwe kurarama "kwemweya" kusina anoziva) nebako ririmo risina chinhu. Kare, zvisinei kuti chinyakare chakadii kana kufanana kweboka kungavepo, mukushingaira kwemutsa mukuzadzisa mwena uyu, vazhinji vakaveza uye vakanamata "zvimiwari."

Nhasi, kuchine chinyakare, maboka anoita zvmadzinza anovaka zvimiwari zvavo vosvika pakuzvinamata. Vanhu ava vazhinji vavo vanhu vakadzidza zviku vanosvika pakupikisa pfungwa "yechimiwari." Vanosvika mukucherechedza mune zvole zvinorarama ndokuzviona pachezvavo-vanhu-sechisikwa chakasiyana chiine huchenjeri vakakosha chinorarama. Mukudaro vanosvika pakuzvikudza mumaatari avo avanozvigadzirira nekusvika pakusvinamata pachavo.

**Nokudaro, zvino, tarisa kupesanisa kwavanoita nechokwadh.** Tine bhuku rinodanwa kuti "Bhaibheri." zvinyorwa zvaro zvakatenderera munyika yose, mundimi zhinji dzakasiyana siyana, kudarika mamwe mabhuku ose. Rinotaura kuve rakanyorwa nevanhu waitungamirwa Nomweya Mutsvene — unova imwe nengo yeHutatu hwaMwari muhukuru Hwake, unova vakaziviswa nokutsanangurwa mundima dzaro. Mwari akashandisa vanhu vanokwanisa kusvika kana kudarika makumi mana kwenguva yakareba yemakore anosvika 1,500. Kana vanhu vakaita izvi, zvaisvika pakuzadzwa nekukanganiswa nekupikisana, asi zvino, Bhaibheri rimwechete rinoshamisa uye rakarongeka mukunyorwa kwaro kubva mukutanga kwaro kusvika mukupera kwaro!

Dingindira raro nderei? Rinopindura mibvunzo iyo kuti munhu vekutanga, Adhamu, anofanirwa kuva apo akavhura meso ake. Pakarepo, Musiki vake akasvika Mukuzvivisa kwaari. Hakuna pfungwa yemunhu ingakwanise kunzwisisa nekuva pamusoro pehukuru nesimba raMwari.

Ehe, Anotarisa pamusoro pezvinhu zvinoshoreka zvinoonekwa sezvisina kukosha kuvanhu.

Nyatsocherechedza kune bundo duku rakazvidzwa ririkukura muyadhi yako. Hatikwanise kumaona nemaziso edu, asi kuti chinhu chose chinorarama chakasikwa nemasero anoshanda sekugadzirwa magadzirirwo azvakaitwa kuti zviite, kuita kuti "chinhu" chikwanise kurarama uye nekuita zvose zvachakasikirwa kuti chiite-mukudyidzana nekurukana nekufambidzana nezvisikwa zvose.

Muviri vemunhu unoumbwa nemasero anokwanisa kusvika kana kudarika 37.2 tiririyoni, uye sero rimwe nerimwe rinoumbwa nemaatomu anosvika 100 tiririy

oni, asi maringe nevanoona nezvesainzi vanoti, maatomu anogadzirwa nemapurotonzi, nemanyutronzi nemaletronzi, anova madukusa! Zvinhu zvose zvinorarama zvinoumbwa nemazillionzi tunhu tusingapimike tudikidiki! Nokudaro, chinhu chose chiri pachisikwa chose chinorarama chine basa racho rekuita, mukushandidzana pamwe nemamwe nezvimwe zvitsetsu kana zvidimbu, kuitira kuti muti veruva, muviri vengoko kana muviri vemunhu ushande chaizvo nemazvo sekugadzirwa kwavakaitwa kuti uite! Chinova chishamiso chinoshamisa chinoitika muhupenyu hwose muzvisikwa zvinorarama-zvinhu zvinoshamisa zvatisingakwanise kunzwisisa, uye zvinoitika zvoga, kunyangwe pamwe pachos zvisina kuzivisa kuti zvakuitika! Ndiyani anehuchenjeri nesimba rakaita zvinhu zvose izvi mukurarama?

Ndiani anokwanisa kusika magumo asingaperi emuchadenga musingaziikanwe? Ndiani vakaita hanya dzakadaro pamusoro penyaya dzekusika tunuhu tufuku kupfuura tuduku twetunhu tunogadzira zvinhu zvinorarama? Mhinduro iri muchiratidzo chinoshamisa, chinova Bhaibheri: **"Pakutanga Mwari ....."**

Ndini ani? Ndiri munhu, ndakasikwa mumufananidzo veMusiki vangu Mwari. Ndiri chii? Muviri venyama unozadziiswa nemuviri vemweya usingafe. Ndezvipi izvi zvose zvakanditenderedza? Chisikwa chaMwari chisingaenzanisisike, chakasikwa nesimba reruoko Rwake! Nokuda kwerudo nokuteerera Kwaari, uye nechipiriso chalshe vedu, Jesu Kritsu, nekuti ini, ndichaenda kune denga idzva nenyika idzwa kana ndichinge ndasiya nyika ino, handizofi zvakare, ndichange ndichigara pamberi Pake nguva dzose!

**Betty Burton Choate ishirikadzi yakasiiva na J.C.Choate anova muvambi weVoice of Truth**

**International. Anogara kuWinona, Mississippi, USA.**



# MWARI

---

## Kutenda muna Jesu Kwakakosha here?

Arlis Richardson

Kana munhu achida kuenda Kudenga, Izvokwadi zvakakosha kuti munhu atende muna Jesu. ***"Nokuti Mwari wakada nyika nokudaro, kuti wakapa Mwanakomana wake wakaberekwa mumwe woga, kuti aninani unotenda kwaari, arege kuparara, asi ave novupenyu bwusingaperi"*** (Johane 3:16).

Kune avo vanoti vanotenda munaJesu semunhu vezvokwadi akafamba nyika ino, asi vamwe vanotenda kuti aive mumwevo wevakuru vezvitedero. Kunyangwe nazvino vamwe vanotenda kuti aive muporofita sanaJeremaya, Daneri kana Mosesi. Jesu pachezvake akasiya chiratidzo chisina kupokana kuti ainge ari pamusoro pezvese izvi. ***"Jesu wakati asvika kumativi enyika yeKesaria Firipo, Akabvunza vadzidzi vake akati, vanhu vanoti Mwanakomana womunhu ndianiko?"*** (Mateo 16:13 NKJV). ***"Vakati vamwe vanoti Johane Mubhabhatidzi, vamwe Eria, vamwe Jeremia kana mumwe wavaporofita"*** (Mateo 16:14).

Hapana pakati pezvinyu izvi, saizvozvo, zvaive zvechokwadhi, kunyangwe vanhu waitenda muna Jesu zvichimwe chidanho chepamusoro. Nokudaro Ishe vedu vanoda kusimbisa ugaro mupfungwa dzevateedzeri Vake mukuzviratidza zvaaiva (nezvaari). ***"Akati kwavari, ko imi munoti ndini ani?"*** (Mateo 16:15). ***"Ipapo Simoni Petro akapindura akati, ndimi Kristu Mwanakomana waMwari mupenyu"*** (Mateo 16:16). Izvi ndizvo zvinofanirwa kutendwa pamusoro paJesu, sezvakataurwa nalshevedu pamanzwi anotevera, ***"... 'Jesu akapindura akati kwaari, wakaropafadzwa iwe, Simoni Bar-Jona nokuti nyama neropa hazvina kukuzivisa izvozvo asi Baba vangu vari kudenga. Neni ndinoti kwauri ndiwe Petro, pamusoro poruware urwu ndichavaka kereke yangu, masuvo eHedhesi haangaikundi'"*** (Mateo 16:17-18).

Jesu akatsanangura kuti pamusoro pechokwadi icho Petro ainge ataura-kuti ainge ari Kritsu zvirokwazvo Mwanakomana vaMwari mupenyu-kereke Yake yaizovakwa. Kereke iyi yaizoubwa nevanhu vanenge vataura chokwadi chimwechetecho Petro akaona nekutaura. VaRoma 10:10 inoverenga, ***"Nokuti munhu unotenda nomoyo, ndokururamiswa; unopupura nomuromo, ndokuponeswa."*** Chii chinofanirwa kupupurwa? ***"Mumwe nomumwe uchandipupura pamberi pavanhu neni ndichamupupura pamberi paBaba vangu vari kudenga."***

***Asi mumwe nomumwe unondiramba pamberi pavanhu, neni ndichamuramba pamberi paBaba vangu vari kudenga***” (Mateo 10:32-33). Kupupura kwakadai ndiko kumwechete kwakaitwa nemuranda munaMabasa 8:37, ***“Ndinotenda kuti Jesu ndiye Mwanakomana waMwari”*** Ndimamwari inoteera yacho inoratidza kuti pakarepo muranda vekandase akabhabhatidzwa.

Muchidimbu, munhu unokwanisa kutenda ***“muna Jesu”*** asi asingatende kuti Mwanakomana waMwari. Nokudaro, kana munhu achida kurarama muhupenyu husingaperi kudenga, anofanirwa kubvuma kuti Jesu Mwanakomana waMwari. Kuberekwa mukutenda uku ndizvo izvo zvose Jesu aidzidzisa nekuita. Ichokwadi zvakakosha pane zvinotendwa nemunhu muna Jesu.

**Arlis Richardson akaparidza kwemakore akavanda mukereke yaKritsu muUSA, uye kutaura kuno akafa.**



**Robison's Rubie**

Jesus akati, ***“Vakaropafadzwa vanenzara nenyota yokururama nokuti vachagutiswa kwazvo”*** (Mateo 5:6 NKJV). Muviri mumwe nemumwe une maitiro aunoita (mumwe unodarika mumwe) kuva nenyota yemvura nenzara yechikafu. Kana izvi zvikaitika kwenguva refu, panovanikwa kurwadziva nekuuraya. Zvinoratidzika kuti panenge pane chakanganisika.

Huvepo venzara nenyota huripo kuitira kuti vanhu vakwanise kutora zvinodikanwa zvokudya. Nzara nenyota zvekururama, kunyangwe, iri sarudzo. Zvinoratidzika kuti vanhu vazhinji vanofamba nenzira dzenyika uye nekusava nehanya pamusoro pekururamisa, mukunaka, mukuva nemutsa nekururama. Nyika inoda vanhu vanovanenzara nenyota yekururama. Ini pachezvangu ndinoda nzara nenyota yekururama. Kune chivimbiso chakakosha kubva kuChingwa cheUpenyu kuti ani nani anova nenzara nenyota yekururama anosvika mukuzadziwa

## KUNAKA KWAMWARI?

# Sameul Osei Young

## Manganyaya

Chimwe chechinhu chakanyanyokosha chinokurudzira nekunetsa mumisoro yezvidzidzo zveBhaibheri zvinodzidzwa "Kunaka kwaMwari." Kana takaziva kuti Mwari akanaka, tinokwanisa uye tinofanira kurarama murudo nekuva nemutsa mumoyo medu kune vamwe. SeMakritsu tinofanirwa kuva vanhu vakanaka uye nekuita zvakanaka nokuti Mwari vakanaka. Zvinorevei kuti Mwari akanaka. Zvinorevei kutaura kuti Mwari vakanaka? Ngatitarisei zvinotaurwa neBhaibheri pamusoro venyaya uyu.

Mateo 19:16-17 inotaura nyaya yaJesu nemutongi vaive vakapfuma. ***"Tarira, mumwe munhu wakavuya kwaari, akati: Mudzidzisi wakanaka, ndingaita chinhu chakanaka chipi, kuti ndive novupenyu hwusingaperi? Akati kwaari: Unondiidzirei wakanaka? Hakuna wakanaka, asi mumwe woga, ndiye Mwari"*** (NKJV).

Inzwi rechiGiriki rakashandiswa apa uye nekunezvimwe zvinyorwa muTestamente Itsva rekuti "kunaka" rinoti *agathos*. Zvinoreva "kubetsera mukuita chaizvoizvo, kuva vakanaka mukuita kwake kana mubumbiro remitemo." Hakuna munhu unotaura kuva akanaka mukuita kwake. Sezvinotaurwa naVaRoma 3:10-12, ***"Sezvazvakanyorwa, zvichinzi: Hakuna wakarurama, kunyange nomumwe. Hakuna unonzwisisa. Hakuna unotsvaka Mwari; Vakatsauka vose, vakava vanhu vasinamaturu, Hakuna unoita zvakanaka, kunyange nomumwe chete."***

Mwari Bedzi ndiye akarurama-Mwari Baba, Mwari Mwanakomana uye Mwari Mweya Mutsvene. Maringe nekutaura Kwake, Jesu anoti, ***"Ndini mufudzi wakanaka; mufudzi wakanaka unorashira makwai ake vupenyu bwake"*** (Johane 10:11). Jesu akanaka, sezvakaite Mwari Baba vakanaka. Tinoona kunaka kwaMwari kwakaratidzwa muhupenyu hwaJesu. Sezvatinoona munaMabasa 10:38 anotaura kuti, ***"... raJesu weNazareta, kuti Mwari wakamuzodza noMweya Mutsvene nesimba; iye waivepo panyika, achiita zvakanaka, achiporesa vose vakamanikidzwa naDhiabhorosi; nokuti Mwari waiva naye."*** Mune chimwe chiitiko, mushure mekunge Jesu arapa matsi, ruzhinji rwakapindura zvinotevera. ***"Vakashamiswa zvikuru-kuru, vachiti: Wakaita zvose zvakanaka; wakaita matsi kuti dzinzwe, nembeveve kuti dzitaure"*** (Marko 7:37). **SaMwari mumuviri venyama, Jesu akaratidza kunaka kwaMwari muzvinhu zvose zvaaita.** Muna Jesu, tinoona kunaka kwaMwari mumunhu anorarama! Kunaka KwaMwari kunoratidzika sei, uye kunorevei kwatiri?

### Kunaka KwaMwari Kunetsitsi

1. *"Jehovha akapfuura pamberi pake, akadanidzira, achiti, Jehovha, Jehovha, Mwari azere nyasha nengoni, anononoka kutsamwa, ane tsitsi huru nezvokwadi, anochengetera vane zviuru zvamazana nyasha dzake, anovakanganwira zvakaipa zvavo nokudarika kwavo nezvivi ..."*(Ekisodo 34:6-7).
2. *"Nokuti ngonzi dzake kwatiri ihuru; Kutendeka kwaJehovha kunogara nokusingaperi. Hareruya!"* (Mapisarema 117:2).
3. *"Zvino Mwari unenyasha zhinji-zhinji, nokuda kworudo rwake rukuru, rwaakatida narwo, kunyange takanga takafa mukudarika kwedu, wakatiraramisa pamwe chete naKristu (makaponeswa nenyasha)"*(VaEfeso 2:4-5).
4. *"Naizvozvo, ngatiswederei tisingatyi kuchigaro chovushe chenyasha, kuti tinzwirwe ngonzi, tiwane nyasha, tibatsirwe nenguva yakafanira"* (VaHeberu 4:16).

Mwari, mukunaka Kwake, anetsitsi. Nokuti anetsitsi, akaita ruponeso ruvepo kubudikidza neropa reMwanakomana Vake, Jesu. Ruponeso urwu rwuriko kune vose vanorida kubidikidza nokuteerera kune kutenda.

### Kunaka Kwekunaka KwaMwari Kunopa Rubatsiro

1. *"Inzwi Jehovha, mundinzwirei tsitsi; Jehovha, ivai mubatsiri wangu"*(Mapisarema 30:10).
2. *"Mwari ndiye utiziwo hwedu nesimba redu, Ndiye mubatsiri ari pedo-pedo panguva dzokumanikidzwa"*(Mapisarema 46:1).
3. *" Nokuti zvaakatambudzika iye amene pakuidzwa kwake, unogona kubatsira vanoidzwa"* (VaHeberu 2:18; tarisa zvakare VaHeberu 4:16).
4. *"Naizvozvo tinotsunga moyo, tichiti: Ishe ndiye mubatsiri wangu; handingatyi; Munhu ungandiiteiko?"*(VaHeberu 13:6).

Jesu akaratidza unhu vaMwari sezvo iye nguva nenguva ainzwa nekubatsira mukuchema kwekutsvaka rubatsiro kubudikidza nekuporesa vanhu munezvirwere zvavo zvavaive nazvo (Mateo 9:20-27). Mwari akavimbisa kutibatsira munguva dzekumanikidzwa kana tichinge taratidza chido chekuuya Kwaari mukutenda uye avo vakagadzirira kugamuchira izvo zvaakavimbisa kupa.

### Kunaka KwaMwari Kunopa Simba

1. ***"Jehovha ndiye simba rangu nenhovo yangu; moyo wangu wakavimba naye, ndikabatsirwa; Saka moyo wangu unofara kwazvo, Ndichamurumbidza norwiyo rwangu"***(Mapisarema 28:7).
2. ***"Jehovha achapa vanhu vake simba; Jehovha acharopafadza vanhu vake norugare"*** (Mapisarema 29:11).
3. ***"Asi kuponeswa kwavakarurama kunobva kuna Jehovha; Ndiye nhare yavo panguva yokutambudzika"***(Mapisarema 37:39).
4. ***"Ndingaita zvinhu zvose naKristu unondisimbisa"***(VaFiripi 4:13)

Mwari akavimbisa simba neruchengeto kune avo vanoziva zvavanoda Kwaari. Vanhu vazhinji kwavo vanosvika pakuvimba nemasimba avo uye nehuchengeri pakufamba murwendo rwavo rwehupenyu. Vanoguma vasvika mukuputsika zvinosiririsa. Sezvinotaurwa naJesu muna Mateo 5:3, ***"Vakaropafadzwa varombo pamweya nokuti vushe hwokudenga ndohwavo"***Denga rakachengeterwa kune avo vanonzwisisa zvavanoda kubva kunaMwari uye vanoda kugamuchira rubatsiro Rwake.

### Kunaka KwaMwari Kunotipa Tarisiro

1. ***"Zvino Ishe, ndakarindireiko? Tariro yangu iri kwamuri"***(Mapisarema 39:7).
2. ***"Tarirai, ziso raJehovha rinotarira vanomutya, Ivo, vanorindira tsitsi dzake"*** (Mapisarema 33:18).
3. ***"Imi Isiraeri, tarirai kuna Jehovha; .Sokuti kuna Jehovha kune ngonj, Uye kwaari kunokudzikunurwa kukuru"*** (Mapisarema 130:7).
4. ***"Zvino Mwari wetariro ngaakuzadzei nomufaro wose norugare pakutenda kwenyu, kuti muve netariro yakawandisa, nesimba roMweya Mutsvene"***(VaRoma 15:13).
5. ***"Kunaivo Mwari waakada kuvazivisa vufumi bwokubwinya kwechakavanzika ichochi pakati pavahedheni, chokuti, Kristu mukati menyu, tariro yokubwinya"***(Vakorose 1:27).
6. ***"Raira vafumi panyika yazvino, kuti varege kuzvikudza, kana kuvimba nefuma isingagari, asi naMwari, unotipa zvose achiwanza, kuti tifare nazvo"*** (1 Timotio 6:17).



Mukunaka Kwake, Mwari ndiye unopa — mupi vetariro nemupi vezvose zvakanaka. Nokumwe kutaura chipo chose chakanaka chinobva kuna Mwari (Jakobho 1:17; Mateo 7:7-11).

### Patinofunga Kunaka kwaMwari



Tinopindura sei mukunaka kwaMwari? Bhaibheri rimotipa zvidzidzo zvishanu zvinotevera zvechiito.

1. ***Vimba nekuteetera.*** Apa ndipo patinofanirwa kutangira. Mwari, mukunaka Kwake, akauya kuti ruponeso rivanikwe nemunhu vose pakati pedu. Chinhu chimwechete chekubvumira kuva nokutenda mukuteerera. Tinofanirwa kutenda muMwanakomana vaMwari nekuva tinopupura kutenda kwedu Kwaari pamberi pevanhu (Mateo 10:32-33; VaRoma 10:10). Tinofanirwa kuva tinotendeuka kubva munzira dzedu dzehupenyu hwekutadza mukutendeukira kuba Ishe (Ruka 13:3, 5; Mabasa 2:38). Nokudaro, tinofanirwa kubhabhatidzwa muna Kritsu kuti tikwanise kuregererwa (mukukanganirwa) kwezvivi zvedu (Mabasa 2:38; 22:16). Nokuti Mwari akapa Mwanakomana Vake kuti afire zvivi zvedu, tinokwanisa kusukwa zvivi zvedu kana tichinge tabatana naKritsu muruBhabhatidzo VaRoma 6:1-4; VaGatatia 3:26-27).

2. ***Teedzera kuraira kwaMwari mukurarama kwako kwemazuva ose.*** Tinofanirwa kutsvaka kuita zvose zvatinaita mukuita kunofadza Mwari nekuunza rukudzo kuzita Rake (VaRoma 12:1-2;

1 Vakorinte 10:31; 2 Vakorinte 5:9-10; 14:14-16). Izvi zvinoreva kuti tinofanirwa kudzidza Shoko raMwari mazuva ose kuti tikwanise kunzwisisa nekuteerera kuraira kwaMwari kwatiri (Mapisarema 1:1-6; 119:11, 97, 105). Zvinoreva kuva vanoteedzera muenzaniso vaJesu (1Petro 2:21; 1 Johane 2:6), uye zvinoteva kuramba tichiita zvibereko kuna Ishe kudzamara murufu (Zvakazarurwa 2:10).

3. ***Teedzera kunaka KwaMaari.*** *SeMakritsu, tinotsvaka kuitira vamwe izvo Mwari akatiitira (VaEfeso 4:32; Vakorose 3:12-13; 1 Johane 4:11, 19). Tinofanirwa kuva vateedzeri vanoteedzera Mwari (VaEfeso 5:1-2). Apo nyika inotarisa kuMakritsu, inofanirwa kuona kuti Mwari akanaka!*

4. ***Namatira kune icho Chakanaka.*** Mwari anoda kutiropafadza, Anoda kutipa izvo zvakanaka, asi tinofanirwa kunge tichikumbira zvinhu zvakanaka, zvisiri zvinhu zvatingada panguva iyoyo. Mukuvedzeredza, tinofanirwa kunge tichigara takagadzirira kuti tikwanise kugashira zvinhu zvakanaka izvi (Mateo 6:9-13; 7:7-11; Ruka 11:9-13; Jakobho 1:5-8; 4:2-3).

5. ***Mirira Ishe.*** Kana tichinyatsotenda kuti Mwari akanaka. Tinofanirwa kuvimba nekunaka Kwake. Mwari anova nekutitarisira uye nekuva anotipa zvatinoda nokuti Anoziva izvo zvinova zvakatikoshara panguva iyoyo. Anoziva zvakanaka. Tinofanirwa kudzidza kumirira kuna Ishe. ***"Rindira Jehovha; Iva nesimba, nomoyo wako utsunge; Ndinoti, rindira Jehovha" (Mapisarema 27:14).*** "

***Nyarara pamberi paJhovha, umurindire unyerere; Usava neshungu pamusoro poanofara panzira yake, Pamusoro pomunhu anoita mano akaipa aakafunga. Rega kutsamwa, urashe hashu; Usava neshungu, zvinongotadzisa munhu. Nokuti vanoita zvakaipa vachagurwa; Asi vanorindira Jhovha vachagara nhaka yenyika"*** (Mapisarema 37:7-9).

***"Hauna kuziva here? Hauna kunzwa here? Mwari asingaperi, Jhovha, Musiki wamativi ose enyika, haaziyi, haaneti; njere dzake hadzingazikanwi. Vanoziya anovapa simba; anoshaiwa simba anomuwedzera simba rake. Kunyange navakomana vachaziya nokuneta, namajaya achawira pasi chose; asi vanomirira Jhovha vachawana simba idzva; vachabhururuka namapapiro samakondo, vachamhanya vasinganeti, vachafamba vasingaziyi"*** (Isaya 40:28-31).

Mwari akanaka! Ndativimbei nekunaka Kwake uye nekuteera kuraira Kwake. Ngatitenderei kunaka kwake kuti kutiumbe nekutiita vakafanana Naye mukuita kwedu mazuva ose! "Jehovha anenyasha, azere netsitsi, Haachimbidziki kutsamwa, anengoni zhinji. Jehovha anomoyo wakanaka kuna vose; Ngoni dzake dziri pamabasa ake ose" (Mapisarema 145:8-9).

**Samuel Osei Young muparidzi veEvangeri kuAccra, Ghana, kuMadokero kweAfrica.**

***Gospel Gazette Online***

Kushumira vatungamiri vepasirose neevhangeri yeJerusarema kubudikidza nemasaisai

Kune Evhangeri rinotumirwa pamasaisai, rakatanga naLouis Rushmore mugore ra1999. Zviuru zvezvinyorwa, zvakanyorwa neMakritsu akatendeka, zvinounganidzwa nekusarudzwa kubudikidza ne *onsite search engine*. **GGO** ndeyemahara kushandisa pasi rose, zvakare inoshanyirwa kakavanda munzvimbo dzepasirese dzakasarira kusvikwa nemamishinari. ([gospelgazette.com](http://gospelgazette.com))



# INZWI RAMWARI

---

## Kubata basa Zvakanaka

### Paul Clements

**Mukunyatso** patsanura Shoko raMwari (2 Timotio 2:15), tinofanira kurangarira kuti Mwari vane hurongwa hutatu hwakasiyana, hurongwa nemafambisirwo mukushanda Kwake nevanhu. Hwekutanga ndeveNguva yeMadzibaba, yakararamwa kubva mukusikwa kusvika kuSinai uye kwenguva yakareba zvinokwanisa kusvika kana kupfuura makore 2,500. Munguva iyi, Mwari aitauna kune vanhu kubudikidza nemadzibaba. Mushure mekusarudza Israeri sevanhu vake vaakasurura, Mwari akapa mutemo kumalsraeri chete. Iyi inguva yaMosesi, kubva mukupihwa kwemitemo paGomo Sinai kusvika mukufa kwaKritsu, zvakagara kwemakore anosvika kana 1,500. Zvinhu zvizhinji Mwari akaraira pakutanga zvaipinza mumitemo vaMosesi. VaJudha vakateerera kurairwa uku, kwete nokuti vainge varairwa naMwari Munguva yeMadzibaba asi nokuti Mwari ainge avaita chikamu chemitemo yaMosesi iyo yavainge vari pasi payo.

Kunyangwe nhasi tine sungano Itsva irinani, Jesu akasanganisa muTestamente yake Itsva zvizhinji zvinovanikwa mumutemo vaMosesi. Vatendi vose vanorarama mukukudza nekuteerera kuSungano Itsva nekuti kuda kwaMwari kumunhu nhasi. Zvakare, tinoita zvinhu izvi, kwete nokuti kumwe kuitwa kwaive mitemo yechiJudha, asi nokuti vainge vakabatanidzwa muTestamente Itsva.

Mukufa kwaKritsu, Mutemo vekare (Mutemo vaMosesi) wakazadziswa. Jesu akaubvisa kuti akwanise kuvanira nzvimbo Sungano Itsva (Vakorose 2:14). Testamente Itsva yainge yakaporofitwa (Jeremia 31:31). Apo Jesu akafa, Sungano Yake itsva uye irinani yakave inosvika mukushanda (VaHeberu 9:16-17). yakasimbiswa neropa raKritsu.

Matambudziko mazhinji munharaunda yemaKritsu anobva mukukundikana kupatsanura Shoko reZvokwadi neTestamente Itsva. Kune kuenderera mberi kwekusavirirana pakati peTestamente Itsva neYekare mukuita uku: mutemo, maporofita nemapisarema (Ruka 24:44).

Testamente Itsva zvakare ine zvikamu. Kana munhu achida kudzidza nezvehupenyu nedzidziso dzaKritsu, anofanirwa kuenda kumabhuku mana ekutanga eTestamente Itsva, mabhuku ehumbo (Johane 20:30-31). Kudzidza mavambo ekereke nekuona kuti vanhu

vakatendeutsva sei kuva muChikritsu, Munhu anofanirwa kuenda kuna Mabasa. Ndipo patinoona kuti vanhu vaipa kuteerera kwakadii kuEvhangeri nekuiswa muVushe (Mabasa 2:47; Vakorose 2:13; Johane 3:3 , 5).

Chikamu chechitatu cheTestamente Itsva chinogadzirwa nematsamba \_\_ matsamba ainyorerwa kumakereke achiraira Makritsu mararamiro. Ane Zviratidzo, zvouporofita mukuumbwa kwazvo nemukuonekwa kwazvo mumanyorerwo, zvainge zvakapihwa muzvinhu zvaidikanwa nokuchimbida muMakritsu (Zvakazarurwa 1:1-3). Chikamu chechitatu cheYestamente Itsva chakagadzirwa neMatsamba \_\_matsamba aitumirwa mumakereke achitairira.Makriysu mararamiro. Zviratidzo, chiporofita mukugadzirwa kwacho nematauri, mukuitwa kwakapihwa mukuchimbida mumakritsu emakore ekutanga anezana (Zvakazarurwa 1:1-3).

Tose ngatiteerei kuraira kwaMwari nekuremekedza masimba eInzwi Rake. Tose ngatizviisei mukudzidza (mukushinga) nesimba rekuti tizviratidze kuva vanhu vakafanira vakachenjera vasina chinhu chavangapomerwa.

**Paul Clements aive mutariri, muparidzi veEvhamgeri, munyori vemabhuku nenziyo, anigara kuPike Road, Alabama, USA.**

MASHOKO

Cecil's

Kushandisa mhaka mukushamwaridzana nayo, Vatumgamiri vachiJudha vanodana Jesu ***"Mwanakomana womunhu wakavuya achidya, achimwa, zvino moti tarirai munhu unokara, nomunwi neshamwari yavateresi navatadzi!"*** (Ruka 7:34 NKJV). Kupomera kwavo kuzhinji kwaive kwemanyepo, hapana kana mashoko echokwadhi akataurwa kunze kwekuti Jesu aive shamwari yevatadzi. Tenda Mwari Ndiye, dai asina kutifira, pamwe dai tichingori vatadzi.

# SHOKO RAMWARI

## Tinoona Bhaibheri Zvakafanana Here?

Rodney Nulph

Apo Pauro akanyora pakereke yepaFiripi, akabvunza, *"Naizvozvo isu tose, takakwana, ngative nomoyo wakadaro; kana imi muno mumwe moyo, Mwari uchakuratidzai naizvozvo vo. Asi, apo patasvika ngatirambe tichifamba bedzi nomurairo iwoyu tifunge chinhu chimwe. Hama dzangu, ivai vateveri vangu mose; natsai kutarira avo vanofamba saizvozvo sezvatakakutungamirirai isu"* (VaFiripi 3:15-17). Mweya Mutsvene kubudikidza naPauro, vaitarisira hama dzepaFiripi kuti vaone Bhaibheri zvakafanana! Vaifanirwa kufamba "nemutemo mumwechete" mukuratidza hwaro kana hurongwa vakarongwa. Hurongwa kana hwaro Inzwi raMwari. Zvinosuvisa, vazhinji nhasi vanoona Bhaibheri munzira dzakasiyana. Vamwe vanoridudzira neimwe nzira vamwe neimwe nzira. Asi kunyangwe vachidaro, Bhaibheri harirevi zvinhu zvakasiyana kumuverengi mumwe neumwe. *"fambai nokufamba mumutemo mumwechete"*, sezvo tose tine mitemo yakasiyana — hurongwa hwakasiyana. Nokudaro, izvi ndizvo chaizvo zvirikuitika munyika yedu zvinonzwisa tsitsi, mune dzimwe nzvimbo kunyangwa mukereke. Mubvunzo unobva vati "Tinoona Bhaibheri zvakafanana here?" Ndinokumbira mhinduro.

### Chokwadi

Bhuku imwechete yatirikutaura nezvayo inokohomedza kuti **tikwanise** kuona zvakafanana. Nokumwe kutaura, kutaura kuti Bhaibheri rinoreva zvinhu zvakasiyana kuvanhu vakasiyana ndiko kunova kusanzwisisa zvinyorwa zvaro. Mosesi akakohomedza kuti tose tinokwanisa kuona Bhaibheri zvakafanana paakanyora kuti, *"Zvinhu zvakavanzwa ndezvaJehovha Mwari wedu: asi zvinhu zvakaraidzwa pachena ndezvedu, isu navana vedu nokusingaperi, kuti tiite mashoko ose omurayiyo uyu"* (Dhuteronomi 29:29). Dhavidhi anoraira kuti Bhaibheri rakafanirwa kuonekwa rakafanana pazvose apo akanyora kuti, *"Pazvirevo zvenyu ndinowana njere ...."* (Mapisarema 119:104). Cherechedza zvakanaka Dhavidhi haana kutaura kuti Mwari akaita chepesaniso chekuvhundutsira asi chekunzwisisa! Muapostora verudo anobudisa pachena pamusoro pekunzwisisa Bhaibheri zvakafanana sekunyora kwaakaita, *"Zvino Jesu wakaita zvimwe zviratidzo zvizhinji pamberi pavadzidzi vake, zvisina kunyorwa mubhuku iyi;*



*asi izvi zvakanyorwa, kuti mutende kuti Jesu ndiye Kristu, Mwanakomana waMwari; vuye kuti, muchitenda, muve novupenyu muzita rake"* (Johane 20:30-31). Pauro aitsura pachena pamusoro pekududzirwa kweZvinyorwa apo akanyo kuti, *"Kana muchirava iwo, mungavona kuziva kwangu zvakavanzika zvaKristu"* (VaEfeso 3:4).

### Mhute

Bhaibheri rinobhudisa zvakanaka kuti mukuratidza kuti tose tinokwanisa kuona zvinyorwa zvaro zvakafanana, Sei zvakadaro? Asi ndine chokwadi kune zvimwe zvikonzero kudarika izvo tinoona muchinyorwa, zvinotevera ndizvo imwe **yemhute** inokonzeresa vanhu kuti vaone Bhaibheri zvakasiyana.

- **Vanhu** vanokwanisa kutiita kuti tikwanise kuona Bhaibheri zvakasiyana. Vamwe vanhu **verudzi** kana mhuri vanosvika mukutinyengera kuti tisanzwise Bhaibheri zvakanaka. Vamwe ndivo vanosimbira mukutenda zvinhu muzvitendero nokuda kwekuti vanamai vavo kana anambuya nemadzisekuru vavo vaitenda kwazviri. "Kana zvichinge zvakanakira sekuru kutenda kwazviri, zvakanaka kwandiri kutendavo zvakare." Sekutaura kwa (Mateo 10:34-37; 19:29)! Dzimwe nguva vanhu vanenge vari **muruzhinji** vanokodzera mhute inotikanganisa kuona Bhaibheri zvakafanana. Nokudaro, tinofanirwa kurangarira kuti ruzhinji kazhinji rinenge **risiri** pachokwado munezvezvitendero (Mateo 7:13-21).
- **Kuzvikudza** kunotikonzera kuti tisakwanise kuona Bhaibheri zvakafanana. zvinotora kuzvidzora mukubvuma kuti handizivi zvimwe zvezvinhu. Zvinonyadzisa, vamwe vanosvika pakuzvikudza zvekuti havakwanise kutaura kuti havazivi zvimwe zvinhu kana kuti varikuita zvakaipa muzvitendero. **Vatsvaki vechokwadi, kwete vanotsvaka kudakwavo, vanotsvaka chokwadi** (Mateo 5:3, 6).
- **Dzidziso dzekunyepa** ndechimwe chechikonzero chinoita kuti tione Bhaibheri risina kufanana (Mateo 13:14-15; 1 Johane 4:1; 2 VaTesaronika 2:9-11). **Munyengeri**, Satani pachezvake, ndeimwe mhute

inokonzeresa kuti vanhu vaone bhaibheri zvakasiyana. Pauro unosimbisa kuti “mwari venyika ino” anokwanisa uye unopofomadza maziso evanhu kuti vasaone chokwadi (2 Vakorinte 4:3-4).

### Mukana

Chokwadhi chinokwanisa kuziikanwa (Johane 8:32). Kana tichinge tabvisa mhute mumaziso edu, chokwadhi chinobva changodzoka pekuti Bhaibheri rakavepo kuti riverengwe, ridzidzwe, rinzwisiswe nekuteererwa. Kana tikaona chokwadhi sezvachiri, tinenge taona mukana chaivo **vemando** yepamusoro. Tinosvika pakuziva chakanaka nechakaipa. Tinoziva kuzvibata muzviitiko **zvese** kana tichinge taziva chokwadhi. Tinenge tavana mukana **vakasimba**. Tinenge tisingangopupurudzwi nemhepo dzose dzose dzedzidziso dzavanhu (VaEfeso 4:14). Tine chipingo chinotibatsira munguva yekutambudzika (VaHeberu 6:19-20). Takavana mukana **vaMuponesi**. Kutsvaka nekunzwisisa chokwadhi kutsvaka Jesu Ishe! Nokumwekutura, pasina Shoko raMwari, hatikwanise kuziva Jesu (Johane 5:39).

Tese tinokwanisa kuona Bhaibheri zvakafanana here? **Zvirokwazvo!** Tinokwanisa “kufamba nemurayiro mumwechete”! Muzvitendero, tose ngatitaurei zvinhu zvinova dzidziso dzezvokwadhi (Tito 2:1). Kuraira kwaPetro kunobva kwati “Kana munhu achitaura, ngaataure saanenge ari mashoko aMwari; kana munhu achishumira ngazviitwe nesimba raanopiwa naMwari...” (1 Petro 4:11). Kana tikaita sokudaro tose tinokwanisa kuona Bhaibheri nemutowo vakafanana!

**Rodney Nulph muparidzi vevhangeri uye ari muAssociate Editor of the Gospel Gazette Online magazine**



#### *Kenney's Pennies*

***“Nokuti nyasha dzaMwari dzakavonekwa, dzinovigira vanhu vose kuponeswa, Dzichitidzidzisa isu kuti tirambe kusanamata Mwari nokuchiva zvenyika, tirame nokungwara, nokururama, nokunamata Mwari panguva ino”*** (Tito 2:11-12 NKJV). Nyaya

yeruponeso kubudikidza nenyasha chinova chokwadi, asi dziri nhema kana munhu akavedzera inzwi rekuti “kwoga” kana “chete.” Takaponeswa nenyasha asi kwete kuponeswa nenyasha bedzi. Nyoka yakaita zvimwechete kuna Eva kubudikidza nekuvedzera inzwi duku rimwechete, **“kwete,”** sezvokuti **“Hauf.”** Manzwi akakosha!



## KUDZIDZA BHAIBHERI

### 5- MAMINITSI

#### MWARI ANOZIVA SEI MWENI

1. Anoitira kururamisira nherera neshirikadzi, ne\_\_\_\_\_ vaeni, mukuvapa chikafu ne\_\_\_\_\_. Naizvozvo ivai nerudo kuvaeni, sezvo imwi maive vaeni munyika ye\_\_\_\_\_ Dhuteronomi 10:18-19.
2. Uye kana mueni achigara neve munyika yako, haufanirwe \_\_\_\_\_ iye. Mweni ano \_\_\_\_\_ pakati pako unofanirwa kumuona semuri vamwechete muumwechete\_\_\_\_\_ pamusoro pako, uye unofanorwa kumuda semadhiro aunozviita: sezvo imi maive vaeni munyika yeEgipita: Ndini Mwari vako . Revitiko 19:3-34.
3. Poshi\_\_\_\_\_ inofanirwa kuva chizvarwa chakazvarwa uye mweni unogara pakati penyu. Ekisodhosi 12:49.
4. Ndainge ndati\_\_\_\_\_ uye hauna kunditora, ndisina kusimira uye hauna kundipa zvokupfeka. Mateo 25:43.
5. [Shirikadzi] dzakataurwa zvakanaka mukuita mabasa akanaka: kana achinge abereka vana, kana achinge aine\_\_\_\_\_ Vaeni, kana achinge ageza tsoka dzevatsvene, kana kugamuchira \_\_\_\_\_, Kana akava nokushingaira mukuita basa rakanaka. 1 Timoti 5:10
6. Regai rudo rwehama ruve pakati penyu. Usakanganwa ku \_\_\_\_\_ vaeni, nokuti mukuita sokudaro vamwe vakasvika mukusagamuchira \_\_\_\_\_. Hebrews 13:1-2

3. Mutemo

2. Vairohwa nezvizvarwa

1. Rudo rwakapitira Igipita

Mhinduro

6. Kufadza ngirozi

5. Vakagaramo vachotambudzika

4. Kurwara kwaisanzwisika

# RUPONESO

---

Hakuna Nzira Zhinji

Dzekuenda Kudenga

Sunny David

Vanhu vazhinji vanotenda kuti kana munhu akangova nechokwadhi nekuva akatendeka pamusoro pechitendero chake chaanotenda kuti hazvina basa kuti munhu anoitei zvechitendero uye kuti vanhu vose vechitendero vanoenda kudenga.



Zvinova izvo, kuti vanhu vose vanozama kunamata nekufadza Mwari umwechete anova Musiki vezvinhu zvose, zvinosanganisira munhu. Vanhu vose vakatadzira Mwari. Apo, nyika ndipo payakapesana muzvitendero. Kune kutenda kuzhinji nezvitendero zvizhinji pamusoro pemavambo azvo. Muzvitendero zvizhinji chitendero chimwe nechimwe panyika mune vanhu vakatendeka vari pachokwadi vanozama nepose pavanogona kufadza Mwari uye vanetarisiro yekuenda kuDenga zuva iro vachasiya nyika ino.

Nokudaro, chokwadi chinoti, kuva pachokwadi nekutendeka hazvirevi nguva dzose kuti munhu anenge achiita chaizvo zvinoda Mwari. Munhu anokwanisa kuva nechokwadi mukutarisa kana kuverenga otonwa kana kumedza muchetura kubva mubhodoro rakanyorwa zvisizvo remishonga, aine kutendeseka mukutenda kuti hausi mushonga, akatofa. Muchetura hauraramise munhu kunyangwe achinge atora ainechokwadi chekuti hausi. Bhaibheri rinoti, *"Munhu anoona nzira achiti yakarurama, asi kuguma kwayo inzira*



dzorufu” (Zvirevo 16:25). Kubudikidza nenyaya yemuvaki akachenjera neasina, Kritisu akadzidzisa chidzidzo chakasimba chekuti tose tinofanirwa kungwarira. Akati:

***"Havazi vose vanoti kwandiri Ishe, Ishe vachapinda muvusha hwokudenga. Asi unoita kuda kwaBaba vangu vari kudenga. Vazhinji vachati kwandiri nezuva iro, Ishe, Ishe hatina kuporofita muzita renyu here? Nokudzinga mweya yakaipa muzita renyu here? Nokuita mabasa esimba mazhinji muzita renyu here? Zvino ndichavavudza pachena handina kutongokuzivai, ibvai kwandiri imi vaiti vokusarurama. Naizvozvo mumwe nomumwe unonzwa mashoko angu awa, akaaita ungafananidzwa nomurume wakachenjera. Wakavaka imba yake paruware. Mvura ikanaya, mvura zhinji ikavuya, mitutu ika vhuvhuta, ikarova imba iyo ikasawa nokuti yakanga yakateyiwa paruware. Mumwe nomumwe unonzwa mashoko angu awa, akasaita, ungafananidzwa nomurume benzi wakavaka imba yake pajecha. Mvura ikanaya, mvura zhinji ikavuya, mitutu ikavhuvhuta, ikarova imba iyo, ikawa. Kuwa kwayo kukava kukuru.*** (Mateo 7:21-27)

Murondedzero iyi, Kritisu unodzidzisa kuti vanhu varipanyika varikurarama netarisiro yenhema, vachifunga nekutenda kuti chero zvavanenge vaita muzita Rake zvinogamuchirwa. Nokudaro hazvizi kuzosvika pakuve zvokwadi Nomusi veKutongwa apo vazhinji vachazvionera kuti vainge vari munzira isiyo (Mateo 7:13-14).

Mwari akagadza Jesu semumwechete Murevereri pakati paMwari nemunhu kubudikidza naye munhu vose anozvika pakuyananiwa naMwari (1 Timoti 2:5; 2 Vakorinde 5:19-21). Mukubudikidza neizvo zvaakaita zveruponeso rwemunhu kubva kuchivi (Johane 3:16; 1 Johane 4:10), Akaraira, ***"Jesu akati kwaari: Ndini nzira, nezvokwadi, novupenyu; hapana munhu unovuya kuna Baba, asi nokwandiri"*** (Johane 14:6). Kubudikidza naJesu, tinodzidza zvatinoanirwa kuita kuti tisvike pakuponeswa (Marko 16:16). Vakadzidzisa nzira iyo tose tinofanirwa kunamata nayo Mwari zvinodikanwa (1 Petro 2:21). Kana tichida Kuti Mwari agotitambira Kudenga, tinofanirwa kunzwa izvo anotidzidzisa nekuita izvo akaraira nemazvo. Mukuita sokudaro ndipo bedzi patinokwanisa kuva nechokwadi kuti tiri kuita zvinhu munzira inova yakanaka here uye inotitungamira mukutisvitsa kuDenga.

**Sunny David anogara kuNewDehli kuIndia ari mutauri vemutauo vechiHindi muparidzi veEvhangeri pawairesi ari zvakare mutariri vekereke yaMwari.**

# NOKUTI MUNOGONA KURARAMA

Cecil May, Jr.

Nokuda kwekusava nechokwadi chehupenyu, vanhu vanokurudzirwa nguva dzose kuti vabhabhatidzwe "nokuti ungangofa!" Kufa kunouya chero nguva, kuvakuru kana vaduku. Tinofanirwa kuva vakagadzirira apo kufa kunouya.

Nokumwe kutaura, hupenyu hweMakritsu "*ndewehupenyu hwakawanda*" (Johane 10:10). kuyanana kweMakritsu — ndekwehanzwadzi nehanzwadzi, anamai nanababa muna Ishe, vanhu vanokubatsira kana uchinge uchida rubatsiro rwavo — ndivo hwatiinavo muna Kritsu (Marko 10:29-30).

Mufaro vechokwadi unovanikwa kana uchinge varatidza rudo kune muvakidzani vako — nekupazvokudya vanenzara, kushanyira vakasurikiirwa, kuchenesa mukutsvaira



zvivanze zvevatana nevasinesimba, kubatsira vamwe pakafanira, kuva vakanaka kunyangwe kuvavengi vedu — sezvakataurwa naJesu. Kunyangwe pasina Denga, hupenyu hweMakritsu hupenyu vakanaka kurarama mauri.

**Saka zvino iva Mukritsu kana kuwe vakatendeka nokuti unorarama!**

Cecil May, Jr. is a Dean-Emeritus veBoka reBhaibheri kuUnivhesiti ye Faulkner muMontgomery, Alabama, USA.

[Chiziviso chemupepeti: Kukwezverwa kubhabhatidzwa nokuti mvura irikudziya kana kuti nguva yakareruka, nekumwe kutaurika kungaitwa handizvo zvikonzero zvekuve unobhabhatidzwa. Asi kuti kutongwa kunouya nokuda kwekuti munhu anenge asina kupinduka.~ Louis Rushmore, Mupepeti].

# ***NZIRA IMWECHETE INOSVITSA KUNA MWARI***

**Justin Guin**

Parizvino, kutaura kurikutaurika kwaita mukurumbira kunoti "Ndinorarama mararamiro echokwadi changu." Panokwikwidzwa hupenyu hwemunhu mumwe nomumwe kubudikidza nechiyero chake chekuva nechokwadi chehupenyu hwake. Mumwe vevane mukurumbira munharaunda akazama kuzvishandisa mukuda kuzviti haana mhosva nokuti maererano nechokwadi chake ainge aita zvaiona mukuona kwake kuti zvakanaka. Uyu ndivo umwe vemuenzaniso unoratidza mamiriro etsika dzedu kazhinji-nekugamuchira muuzhinji kana kuchinjana kwekukwikwidza kwemaonero ezvinhu munguva imwechete.

Kuita uku kunova pachena kunyanya munyaya dzezvitendero. Vazhinji vanofunga kuti Mwari anokwanisa kuva kana kuenda munhu anonzwa kuda kuti ave. Hakuna imwe vavairo yemurairidzo inochengeta vanhu mukutevedzera kwavo kwekuteda. Zvirokwazvo, iyi inova nyaya nokuti Bhaibheri rinoraira kakawanda kuti ndiro roga vavairo yechokwadi inotungamira mukutenda uye kuva neukama naMwari (VaRoma 10:17; 2 Timoti 3:16-17; 2 Petro 1:3; Mapisarema 119:105). Cherechedza chimwe che imwe yendima dzinoziikanwa munaEvhangeri raJohane, ***"Jesu akati kwaari: Ndini nzira, nezvokwadi, novupenyu; hapana munhu unovuya kuna"*** (Johane 14:6). Izvi zvinosanganisira uye nekuita zvinoenderana nenyika yedu mumaonero eruzhinji. Munhu vose anoda kusvika kuna Mwari anofanirwa kuzviita kubudikidza naKritsu.

**Tinofanirwa Kusvika kunaMwari kubudikidza naJesu nokuti Ndiye nzira yekuenda kuna Mwari.** Muna Jesu makore anokwanisa kusvika kana kudarika 33 ehupenyu hwepanyika, akaratidza nyika zvinodiikanwa naMwari kuti mumwe nemumwe vedu ararambe. Ndizvo kuti, mudzidzi anofanirwa kurarama semararamiro akaita Jesu iye nekubvuma kumurayiro yake (1 Petro 2:25; 1 Johane 2:5-6). Mukuvedzera, kufa kwaJesu nekumuka kwake kwakaunza sungano itsva inova yakapa nyika yose mukana vekuenda kunaMwari pasina Mitemo yaMosesi (1 Johane 2:1). Zvino takukwanisa kutarira Mwari ***"nechiso chisina kufukidzirwa"*** (2 VaKorinte 3:18).

**Vanhu vose vanofanirwa kuenda kuna Mwari kubudikidza naJesu nokuti Ndiye Chokwadi.** Jesu ndiye chokwadhi. Johane anoti Kritsu ainge akazadzwa ***"netsitsi nechokwadi"*** (Johane 1:14, 18). Akaita Mwari amozikanwa kwatiri muchimiro chemunhu, uye hupenyu hwake unofanirwa kutungami hupenyu hwedu (Johane 14:21).

**Munhu vose anofanirwa kuenda kunaMwari kubudikidza naJesu nokuti Ndiye hupenyu.** Jesu ndiye muvambi vehupenyu (Johane 1:4). Hupenyu vaJesu vakapa hupenyu usingaperi kune vanhu vose (Johane 3:16). Akabhadhara mubhadharo verufu rwake, zvino munhu vose anovaniswa chipo chehupenyu husingaperi pachena (VaRoma 6:23).

Munyaya dzokutenda, tinofanirwa kutevera chokwadi chechinangwa chaMwari. Kungori

nenzira imwechete yekuenda kuna Mwari Baba. Inova kubudikidza naJesu Kritsu.

[Chiziviso chemupepeti: Zvirokwazvo, chipo chiripachena hweruponeso risingaperi husingaperi, kubudikidza nokufa kwaKritsu mukutambudzwa kwakasiyana siyana pamuchinjiko veKalvhari, chiripo kuanhu vose. Asi kune avo bedzi vakateetera Jesu Kritsu (VaHeberu 5:9), zvichireva avo vanoratidza kutenda kunekuteerera (VaRoma 1:5; 16:26), gutsa zvinofikanwa mukururama kuti upihwe chipo ichi. Vose vasinghateereri Evhangeri (2 VaTesaronika 1:8; 1 Petro 4:17) kana uyo asingarambe akatendeka (1 Petro 2:20-22; Zvakazarurwa 2:10) vanosvika pakurasika. Mweya mizhinji ichaparadzwa (Mateo 7:13-14) asi mufaro vavo vakavandisa uye ruxhinji rwavanhu ruchava nomufaro muhupenyu husingaperi (Zvakazarurwa 7:9-10). Jesu vakataura kuti chii pamusoro pezvinhu zvinoumba kuteerera kana kwemwana VaMwari (Marko 61:16), uye mupostora Petro akaparidza shoko rimwechete nomusi vekuzvarwa kwekereke yalshe (Mabasa 2:38). ~ Louis Rushmore, Mupepeti.]



#### Robison's Rubies

Tenda kunaMwari nokuda kwemitemo yaakaisa. Ndiani angati hurongwa huri mukushanda kwemota kana kombiyuta zvakangozviita zvoga? Zvinotoda mugadziri neruchengetedzo. Sei munhu achikwanisa kutaura muchidimbu pamusoro pehurongwa hwemuchadenga nekuumbwa kwarakaita kana zvakangozviringa zvoga? Pauro pane imwe nguva akati Mwari "

***Asi haana kurega kuzvipupurira, achiita zvakana, achikupai mvura yokudenga, nenguva dzezviyo zvizhinji, achizadza moyo yenyu nezvokudya nomufaro ....***" (Mabasa 14:17). Kuna vanamuzvinafundo vakuru veAthens yekare, Pauro unoraira kuti Mwari ***"Haashumirwi namavoko avanhu, saachinge achishaiwa chinhu, zvaari iye amene unopa vose vupenyu, nokufema, nezvose"*** (Mabasa 17:25). Zvitorinani nekakutoratidza kufunga mukubvuma kuti zvinhu izvi zvakauya kubudikidza nepatani pane kuti zvakangoerekana zvavepo, uye pane patani panoratidza kuti pane Mugadziri. Kana zvisizvo, sei zvisizvo?

Andy Robison mushumiri mukereke yaKritsu muHillview Terrace uye mukuru vechikoro chefafundisi chekuWest Virginia School of Preaching muMoundsville, West Virginia USA. Zvakare ndiye anocherechedza dandemutande renziyo dzemukereke pa<https://www.churchofChristsongs.com/>.



1. Sei Pauro akati akazvibata apo aive pavari? (1:21).
2. Pauro airevei muna 1:13 apo anoti haana kunyora chimwe chinhu chinopfura izvo vaiverenga?
3. Ndekupi kwaienda Pauro apo aitarisira kuzodzoka vachizovaona zvakare? (1:16)
4. Chii chairehwa naPauro apo anoti zvirongwa zvake zvainge zvisiri "Hongu kana Kwete?" (1:18)
5. Ndiani umwe akaparidzira Evhangeri kuVaKorinte kunze kwaPaur? (1:19)
6. Ndezvipi zvivimbiswa zvaMwari? (1:20)
7. Ndiani Pauro akataura kuti akamuzodza? (1:21)
8. Ndezvipi zvivimbiso zvatingaratidza kuti tinokwanisa kuvimba nezvivimbiso zvaMwari? (1:22)
9. Ndiani Pauro akadana sechapupu kuchokwadi chezvinhu zvaainge akanyora? (1:23)
10. Sei Pauro akataira kuti ainge asina kuuya kuVaKorinte zvakare? (1:23)
11. Chii chakataurwa naPauro kuti aive aine Vakorinte? (1:24)
12. Pauro akataura kuti aive akatsunga kuti aisazouya kwavari zvakare mu \_\_\_\_\_. (2:1)

(Tarisa mukati nebutiro kuti ukwanise kuona mhinduro.)

**12** Nokuti kuzvirumbidza kwedu ndikoku: Kupupura kwehana yedu, kuti takafamba panyika, zvikuru kwamuri, novutsvene nezvokwadi yaMwari, tisingafambi novuchenjeri hwenyama, asi nenyasha dzaMwari. **13** Nokuti hatikunyoreriyi zvimwe zvinhu, asi izvo zvamunorava nezvamunotenda; ndinoti dai muchizvitenda kusvikira pakuguma; **14** sezvamakatitendavo panezvimwe, kuti isu tiri kurumbidzwa kwenyu, semivo muchava kurumbidzwa kwedu nezuva raShe Jesu.

**15** Ndichiziva izvozvi, ndakanga ndichida kutanga kuvuya kwamuri, kuti mukomborerwe rwechipiri; **16** ndipfuvure nokwenyu ndichienda Makedhonia, nokuvuya nokwenyu zve, ndichibva Makedhonia, ndiperekedzwe nemi ndichienda Judhea. **17** Zvino zvandakanga ndichida kuita izvozvo, ndakaita nokushanduka moyo here? Kana, zvandinoda kuita ndinozvida nenyama here, kuti ini pamwe nditi: Hongu, hongu, pamwe: Kwete, kwete? **18** NaMwari wakatendeka, shoko redu kwamuri harizi hongu nakwete. **19** Nokuti Mwanakomana waMwari, Jesu Kristu, uyo wakaparidzwa pakati penyu nesu neni naSirivhano naTimotio wakanga asiri hongu nakwete, asi wakanga ari hongu maari. **20** Nokuti zvipikirwa zvaMwari kunyange zviri zvizhinji sei, maari ndihongu; naizvozvo naiye vo ndiAmeni, kuti Mwari akudzwe nesu. **21** Zvino, uyo unotisimbisa munaKristu pamwe chete nemi, nokutizodza, ndiMwari; **22** uyo wakatiisira vo chisimbiso, akatipa rubatso rwoMweya mumoyo medu.

**23** Asi ndinodana Mwari, ave chapupu pamoyo wangu, kuti handina kuzovuya Korinte, nokuti ndakakunzwirai tsitsi. **24** Hatiiti simba nokutenda kwenyu, asi tinokubatsirai kuti mufare; nokuti mumire nokutenda.

**1** Asi ndakati mumoyo mangu, kuti handidi kuvuya zve kwamuri nokuchema. **2** Nokuti kana ndichikuchemedzai, ndianiko uchandifadza, kana asiri iye wakachemedzwa neni?

**CHERECHEDZA:** Vatsoropodzi vaPauro vaimupa mhosva yekusave nechokwadi mutsamba dzake, kuti ainyora chinhu apa achiita chimwe. Muchikamu chino, Pauro anoramba mhosva idzi nekurayira kuti hapana zvinhu zvainge zvakavanzika mutsamba dzake. Pauro aive nechinangwa chekushanyira kuVakorinte, asi ainge asina kuuya kwavari kuzovarambidza asi kuvapa mukana vegadzirisa matambudziko avo pachavo (1:23). Ndizvo, ndiro rudo Rwake nehanya nekereke iyo yakamuita kuti ashandure hurongwa pane kuva nemamwe mafungiro munzira yake. Akati kuparidza kwake kwairatidza huchokwadi nekutendeka kwaMwari, uye zvipikirwa zvose zvaMwari ndezvezvokwadi uye zvakakosha. Vadzidzi vazhinji vanofunga kuti Pauro ainge akatoita rwendo rimwechete kuVakorinte mudhure metsamba yake yekutanga, uye aida kidzivirira kurwadziva kwekushanya kwakwe kechipiri, asi zvinyorwa hazvina kutaura sokudaro; nokudaro hatingava nechokwadi.

Pauro akati tinechisimbiso cheMweya Mutsvene. Kusimbiswa kunoratidza kuva miridzi uye nechibatiso. Mweya Mutsvene vakafanana nekubhadharwa kwepasi, ndkutivimbisa kuti tiri vekwaMwari uye kuti tine maropafadzo mazhinji emweya achauya.



# KEREKE

---

Nheyo Yezvokwadhi

Chuck Taylor

Nheyo yakakosha kana tichinge tichivaka chivakwa. Kusimbiswa kwekongiri nesimbi ndiko kuvaka kunoitwa nguudzose. Kune makodhi ekuvakisa kuti pakwanisike kutariswa kwatinoti ongororo kuti panyatsoonekwa kuti mirau inodiikanwa mukuvakwa kwemudhuri zvateedzerwa here. Vavaki vanosvika kuva nemhoswa kana pakavanikwa mhosvo mhosva panheyo. Kuvakwa kwemudhuri pasina makodhi aya zvinokonzeresa kudona kwechivakwa.

Maringe naMwari, zvinopa zvakare musiyano apo tinovika pakuvaka nheyo dzedu dzemweya. Kritsu anopa muenzaniso bemunhu akavaka imba yake pajecha. Vazhinji vakanzwa kutaura kwaKritsu asi havana kukuteedzera. Asi pakazouya mhengo nemvura payakanaya paimba, yakadona nokuti yakavanikwa isina kuvakwa pakasimba pamusoro pedombo (Mateo 7:24-27). Zvino pano, dombo redu iShoko raMwari. Mabasa ose ekereke anofanirwa kuvanikwa akamira padombo rinova Shoko raMwari.

Munekumwe kutaura, Pauro akaudza Vakorinte kuti ***“Nokuti hakunomumwe ungaronga dzimwe nheyo, asi idzo dzakarongwa kare, ndiye Jesu Kristu”*** (I Vakorinte 3:11). Makereke mazhinji anozviti anoda Kritsu, asi kana bedzi achinge asviisa pasi pekuda Kwake, havasi kereke yake. Nokudaro, Jesu Kritsu haasi hwaro yavo.

Cherechedza munaMateo 16:15-16, inoverenga kuti, ***“Akati [Jesu] kwavari, ko imi munoti ndini ani? Ipapo Simoni Petro akapindura akati, ndimi Kristu Mwanakomana waMwari mupenyu”*** (NKJV). Mundima 18 Jesu akati, “Neni ndinoti kwauri ndiwe Petro, pamusoro poruware urwu ndichavaka kereke yangu, masuvo eHedhesi haangaikundi.”

Jesu akavaka kereke yaka nokuda kwekuti ndiKritsu. Ndiye hwaro neMukuru (VaEfeso 1:22; Vakorose 1:18) Mamwe masangano anovakwa panedzimwe hwaro kana kuva nevakuru vakasiyana siyana haisi kereke inotaurwa neBhaibheri. Masuvo eHadesi haangakundi kereke yalshe. boka rose rakatangwa nemunhu haringakundi Satani. Kereke Yalshe ndiyo bedzi inokwanisa kumira nomisi vekupedzisira.

Zvakasimbiswa kuti hwaro yedu ndiKritsu Ishe wedu! Tinocherechedza kuti Ndiye Bedzi anovaka hwaro yemazvirokwazvo-Ndiye hwaro! Nokudaro, apo tinowaka mukuda Kwake-kunova kuda kweShoko raMwari-tinenge tawakira pamusoro peDombo kana kuti peHwaro, inova Kritsu. Cherechedzai hwaro yenyu muongorore kuti yakabva kuna Mwari here kana kuti kune munhu. Kana yakabva kumunhu, zvirokwazvo irambei. Kana yakabva kuna Mwari, zvirokwazvo batirira urambire vakanamatira pairi, funga pamusoro pezvinhu izvi!

**Chuck Taylor mubati vesangano raKritsu repaRapid City, muSouth Dakota, USA.**



# VATARIRI VANOFANIRWA KUZIVA

## Mark T. Tonkery

Pane zvimwe zvinhu zvekuti mutariri anofanirwa kuzviziva pachezvake, pamwechete nekuva neruzivo kuti Bhaibheri rinodzidzisa kudai anosvika pakuve mutariri anoshanda. Bhaibheri rinotiudza zvinhu zvinotevera zvinofanirwa kuziikanwa nemutariri.

**Mutariri anofanirwa kuzviziva pachake.** Tinoti vekutanga chikamu 3, Tito 1 naPetro vekutanga 5:1-5 vose vanodzidzisa kuti mutariri anofanirwa kuzviziva iye pachake. Anofanirwa kuzviva kuti anofanirwa kuyanana sei nemudzimai vake, kana vana vake uye nekuvanhu vemunharaunda yake, zvimwechetezvo neMakritsu musangano raanoshandira. Mutariri anofanira kuratidza kuti anokwanisa kuriritira hupenyu hwake zvakanaka kubudikidza nekukura mukutenda (VaHeberu 5:12-14). Murume anotarisirwa kuva nechinzvimbo chehutariri anofanirwa kunge achivana nguva nemhuri yake, uye nekuramba achiita sokudaro. Vatariri varume vanotungamirira mhuri dzavo muna Kritsu, uye nekudziriritira zvakanaka; iyi ndiyo nzvimbo huru yekudzidzirira munhu kuti akwanise kukunda kuva mutariri. Kana munhu asingakwanise kutungamirira mhuri yake kuna Kritsu kana kuiriritira zvakanaka, anotarisisa sei kutungamira vakarasika kuna Ishe kana kutungamirira kereke?

**Mutariri anofanirwa kuziva sangano** zvekuti mutariri anokwanisa kuriendesa mberi uye pedyo naMwari. Sezvamborehwa pakutanga, mhuri ndiyo nzvimbo yekudzidzira kuti munhu akwanise kuva mutariri. Kubudikidza nokidzidza kuvaka hukama hwakanaka mukati memba yake, kuti agokwanisa kuumba hukama hwakanaka nevanhu musangano. Izvi zvinobatsiri vashandi vehutariri kuti vakwanise kutungamira kereke zvakanaka. Sezvo hukama huchivakwa musangano, mutariri anokwanisa kuziva **mafambiro** ekereke yaanoshandira ari saka anokwanisa kushanda nezvainotarisisa. Izvi zvinobatsira mutariri kuziva kuti angafambisa sei sanhano kuenda kumberi pamweya uye nekuvabatsira kuona zvinangwa zvekukura muna Kritsu. Vatariri vanofanira kubatsira sangano kuti rirambe rakatarisa chinangwa charo chekuenda kuDenga nekubatsira vamwe kuti vakwanise kuendavo ikoko zvakare (VaFiripi 3:12). Iyi ndiyo pfungwa yekuve mufudzi, kuziva vana vesangano nekuvabatsira kuti vaende kuDenga (1 Petro 5:1-4; Mabasa 20:17-30).

**Mutariri anofanirwa kuziva kuti angaita sei mushandi.** Jesu akati aninani anoda

kutungamira anofanirwa kuva mushandi (Mateo 20:25-28; Johane 13:14-15). Mushandi munhu ane hunhu vekutungamira kumberi, sezvaitwa naJesu muhupenyu hwake panyika. Nokudaro, mutungamiri anofanirwa kuita bada iro risina munhu anofa kuriita uye nekudzidzisa vamwe kiti vanofanirwa kuriita sei (VaEfeso 4:11-16). Vatariri vanotarisirwa zvakare kukurudzira vamwe kuti vave vashandi uye kuti vave nezvibereko nokuda kwaKritsu (1 VaTesaronika 5:11). Bhaibheri rinotitaurira kuti vatariri vanobatsirwa nevabati vanovabatsira nezvinhu zvizhinji zvinosanganidira kushumira sangano. Vatariri zvakare vanofanirwa kupa muenzaniso kuti vamwe vakwanise kutevera mumashoko memuzviito (Vakorose 3:17). Mukuva mushandi, mutariri anoratidza sangano zvarinofanirwa kuita zvikurusei mukushandira Kritsu.

**Vatariri vanofamirwa kuziva pekuzorora.** Jesu akaratidza kudaro semutungamiri munhu anotarisirwa kutora ngova yekuzorora nekunamata (Marko 1:35; 6:31,46). Vatariri vanofanirwa kuzvinzwisisa pachezvavo kuitira kuti vakwanise kuziva kuti kungava kushungurudzika kwakadii kwavanokwanisa kukunda nekuziva nguva yekumira nekuzorora. Vatariri vanoshumira zvakanaka vanatora nguva yekuverenga Bhaibheri, mukumira nexvinhu zvemweya muminamato mekutora nguva yekuzorora – nekuita zvinhu zvinofadza. Vazhinji vevatariri vanozviita vane humwari vasvika pakuputsa kereke nekuzvikanganisa pachavo nokuti havazvizivi ivo pachavo, pakuti vangakwanisa kumura nekumbozorora.


**[Chisiviso Chemupepeti: Vatariri (zvimwechete semamwe Makritsu ) vanosangana nezvimhingaidzo, zvinosanganisira kuzviongorora nekuzvigadzira budiriro (1 VaKorinte 9:27; 2 VaKorinte 13:5). ~ Louis Rushmore, Mupepeti]**

**Mark T.Tonkery muparidzi veEvhangeri mumasangano aKritsu muUSA.**

#### Kenney's Pennies

*"Naizvozvo hakuchina kupiwa mhosva kunavari munaKristu Jesu vasingafambi nenyama asi nomweya. Nokuti murairo woMweya wovupenyu munaKristu Jesu wakandisunungura pamurairo wezvivi noworufu"* (VaRoma 8:1-2 NKJV).

"Hakuchina kupihwa mhosva" hazvirevi kuti Makritsu akarurama, asi kuti vakarurama nokuda kwebasa raJesu Kritsu rekururamisa. Cherechedza kuti chinyorwa ichi chinoreva kuti ndokunge pane zvinhu zvaitwa. Vakambosangana nezvinhu izvi here (sokuti; uri muna "Kritsu Jesu here)"?



# KUNAMATA

---

[Imwe Nzira yekunamata Ingava Yakakosha kudarika Imwe Here?](#)

**Martha Lynn Rushmore**

Mubvunzo vangu unoti, muzvinhu zvishanu zvekunamata zvakadzidziswa muTestamente Itsva, ndechipi chakanyanyo kukosha? Zvinhu izvi zvekunamata zvakarairwa kuti zviitwe munguva yekunamata nomusi veSvondo, zuva rekutanga revhiki. Takafanirwa kuimba, kunamata, kudzidzisa kana kuparidza nekutora tafura yatenzi uye kupa zvatinovana kana mari. Kuimba, kunamata, kudzidzisa nekupa zvinokwanisa kuitwa kunyangwe unedzimwe nguva zvakare; munhu anokwanisa kuverenga nezvemabasa aya ekunamata anoitwa mumazuva mukuvedzera zuva rekutanga revhiki. Nokudaro kutorwa kwetafura kwakabvumidzwa kukapihwa masimba muTestamente Itsva kuti iitwe bedzi momusi vekutanga vevhiki.

Regai nditsanangure kuti sei ndati kupa kunokwanisa kuitwa dzimwenguva, zvakare. Kana munhu akada rubatsiro nomusi veMuvhuro, munokwanisa kumuudza here kuti amirire kusvika Svondo yasvika nokuti ndiro roga zuva repavhiki randinotenderwa kupa? Kwete hazvingadaro! Zvinova hupenzi. Apo Kritsu akadzidzisa muna Mateo 25:32-46 pamusoro pekubvisa makwai kubva mumbudzi, Anoshandisa muenzaniso vekudiikanwa kweavo vange vari kurudyi rweruboshwe kana makwai akabatsirwa. Hapana patinoona munyaya iyi panotaurwa pamusoro pezuva rekutanga revhiki. Tinorairwa kupa nomusi veSvondo kubudikidza nekutora sezvakanyorwa muna 1 Vakorinte 16:1-2, asi harisiriro zuva bedzi rekupa kuna Ishe. Takarairwa kuti tipe nemufaro sekuvamiswa kwatinenge takaropafadzwa nako muna 2 Vakorinte 9:6-8.

**[Kupa kwakaitika muna Mabasa 4:32-5:10 hakuratidzike kwakaitika munguva yekunamata nomusi vekutanga vevhiki. ~ Louis Rushmore, Mupepeti]**

Vakorose 3:16 inotiraira kuti tidzidzise nekukurudzirana pachedu kubudikidza nekuimba mapisarema, nziyo, nziyo dzemweya. Tinofanirwa zvakare kuva nekutenda mumoyo yedu kuna Mwari. Takaudzwa kuti titaaurirane pamwe kubudikidza nemapisarema, neziyo, nenziyo dzemweya muna VaEfeso 5:19. Hakuna kunyangwe muneimwe ndima zvayo muTestamente Itsva inotaura chero chinhu pamusoro pekuimba zvakanaka, asi takarairwa kuimba nokudzidzisa vamwe.

MuZvinyorwa hapana kana pandakamboona pazvakakatenderwa kana kudzidzisa kana

kutendera kuridzwa kwezviridzwa mukunamata kweMakritsu. Takaudzwa kuti ***"muimbire, muridzire Ishe mumoyo yenyu"*** (VaEfeso 5:19). Kana tichinge takairwa kuridza zviridzwa, zvoreva kuti tose takafanirwa kuridza, kwete chimwechete kana kuridza zviridzwa zvisvoma. Asi ndima iyi inoti tose takafanirwa kuridza.

Chimwe chinhu chinodikana mukunamata kuita minyengetero. Tinofanira kunyengetera kubudikidza naJesu kuna Mwari Baba. Jesu ndiye murevereri vedu aripo pakati pedu naBaba vedu vekuDenga (1 Timoti 2:5). Minyengetero yedu inofanirwa kuva nesimba uye nekurevesa kuna Mwari (Jakobho 5:16). Tarisa VaFiripo 4:6-7, inoverenga, ***"Musafunganya pamusoro pechinhu chimwe; asi pazvinhu zvose, mikumbiro yenyu ngaiziviswe Mwari nokunyengetera nokukumbira, pamwe chete nokuvonga. Zvino rugare rwaMwari runopfuvura kunzwisisa kwose, rucharinda moyo yenyu nemifungo yenyu munaKristu Jesu."***

Mwari akaraira kuti tiparidza. Munechimwe chiitiko Pauro akaparidza kusvika pakati pehusiku, achimirira kuenda zuva raiteera (Mabasa 20:7). Muna 2 Timoti 4:1-4, Pauro anoraira Timoti kuparidza Shoko. Aifanirwa kuparidza chokwadi kunyangwe vanhu vaisada kunzwa zvaitaurwa neZvinyorwa. Aisafanirwa kutaura zvaifarirwa nevateereri vake. Vaparidzi, nhasi, munorairwa zvakare kuti muparidze Chokwadi chose chakazara, kunyangwe vamwe vakasatenderana nezvinotaurwa neShoko raMwari.



Mabasa 20:7 inotaura kuti Pauro akagara nehama kwemavhiki kuti vakwanise kuyanana pamwechete mukumedura chingwa mukunamata kweMakritsu. Chii chatinodya nokumwa munguva yekuyanana nemuviri vaKritsu? Muapostora Pauro anonyora 1 Vakorinte 11:23-26 pamusoro pechiitiko apo Kritsu akaita chirairo chake nevaapostora vake mushure mekunge Achida kurovererwa. Akanamata akadimbura chingwa. Ndokuudza avo vaainge agere navo kuti, ***"Ichi muviri vangu unodemburirwe imi."*** Kechipiri muchiitiko chimwechete ichocho, vakapihwa muto vemuzambiringa uyo Kritsu akavaraira kuti ***"Mukombe uyu ndiyo sungano itsva muropa rangu; itai izvi, nguva dzose kana muchinwa, muchindirangarira. Nokuti nguva dzose, kana muchidya chingwa ichi, kana kunwa mukombe uyu, munoparidza rufu rwaShe, kusvikira achivuya."*** Takafanirwa kuzvinzvera pachedu kuti titore mukombe zvakafanira. Kufanira (Chidudzira chiito, chinoreva hunhu) hachirevi kufanira (Chipauro, chinoreva unhu vechinhu). Manzwi maviri akasiyana.

Imba, nyengetera, paridza, kuyanana nekupa yose mirayiro irimuTestamente Itsva inodikanwa mukunamata kwedu kuna Mwari. Tine here patakamboveenga kuti chimwe chiitiko chekunamata kunaMwari chakakosha kudarika chimwe? Chiitiko chimwe nechimwe chekunamata chakakosha zvakafana nechimwe. Takaudzwa muna Johane 4:24 kuti Mwari ndiMweya vanomunamata vakafanirwa kumunamata mumweya nemuzvokwadi.

**[Chiziviso cheMupepeti: Zvorokwazvo, kuita kwekatoriki kwakasvika kuita kuti dzimwe nhengo dzekereke yalshe dzifunge kuti Chirairo chalshe chakakosha kudarika mamwe mabasa ekunamata, asi Zvinyorwa hazvidzidzise sokudaro. Zvichida vamwe Makritsu vanoona rufu rwechipiriso rwaJesu Kritsu sekusvika pakusimudzira kominiyoni mupfungwa dzavo. Mabasa ose ekunamata eMakritsu, zvisinei, akafanirwa kumbatwa zvakakwana mukunamata mumweya (mukuperera mupfungwa) nemuzvokwadi (maererano neZvinyorwa). ~ Louis Rushmore, Mupepeti]**

Martha Lynn Rushmore munyori vemabhuku eThe Voice of Truth International neGospel Gazette Online. Iye nemurume vake vanodzidzisa zvakanyanya muUSA nekunze kune dzimwe nyika. Vanogara kuOcala, kuFlorida, muUSA.

#### **Dzokororo yakafanira**

**"Nyaya yebasa remadzimai mubasa reMakritsu kazhinji inobatwa mukutsamwa pane kudzokera panyaya yekuti Bhaibheri rinombonyatso kutii" (Mary Wilhelm, "Worthy Women," page 70)**

# KUNAMATA

kuita Kwakafanira

Mukunamata

Paruzhinji



**George McNulty**

Apo tinenge tichinamata Unemasimba Musiki veDenga nenyika, tinoita zvakanaka kana tikateedzera mienzaniso yevatsvene kubudikidza neBhaibheri Dzvene. Mwari akazvibudisa pachena Mushoko Rake kuti anoda mafambisirwo ebasa rake aitwe munzira Dzake. Chirevo chitsvene ichi chakagadzwa chinofanirwa kuteedzerwa, kana kuti tichava nemhosva yekumuitira yekumunamata zvisina maturo zvinosvibisa pamberi pehugaro Hwake.

Mwari Mutsvene, nokudaro akafanirwa, anofanirwa kuti anamatwe nerukudzo. Kutadza kuita chinhu ichi imhosva yakakura, sezvatinoona nguva zhinji muzvinyorwa. Nadabhi naAbhihu vakapiswa nemoto, nokuda kwekusateerera kwavo, uye Cain akarambwa nokuda kwekusaita zvainge zvarairwa naMwari. Apo mambo Josiya akawana mutemo (2 Makoronike 32). Akasvika pakutsamira vanhu nokuda kwekutadza kugadzirisa kunamata kwakafanira kunaMwari, zvaiita kuti nyika izvike pakutendeuka uye havana kuzorora kusvikira vose vaita maererano sokureva kwaMwari! Mienzaniso iyi inofanira kutikurudzira nekutisimbisa kuti tiite zvose zvatinge takarairwa naMwari.

Zvino ngatizvibvunzei pachedu. "Maitiro akadii mukunamata kwedu Baba vedu veKudenga"? "Tirikumutadzira here mukuita kwedu"? Tingasimbisa kunamata kwedu sei mukuratidza Mwari kuti tirikumupa rukudzo rwakamufanira"? Kutanga takaudzwa muna Johane 4:24 kuti, ***"Mwari ndiMweya; vanomunamata, vanofanira kumunamata mumweya nezvokwadi."*** Kumwe tikaudzwa kuti takafanirwa kumunamata nemutoo wakadii. ***"Ipai Jehovha kudzo yakafanirwa nezita rake; Namatai kuna Jehovha nenguvo tsvene"*** (Mapisarema 29:2).

Maitiro edu anokanganisa zvakadii kunamata kwedu kunaMwari? Kana tisingamubatiri nokurevesa mukushumira lye, zvinoreva kuti nokumwekutura hatina rukudzo pamberi pake, asi



tinenge tichimuisa pasi pehutungamiri venyika ino. Haana kufanira here kuvana rukudzo rwakafanira kudarika rwaunomupa? Muna Mapisarema 95:6, tinoverenga Mwari anotarisisa kwatiri. ***"Uyai, tinamate tikotamire pasi; Ngatipfugame pamberi paJehovha Muiti wedu."*** Tinoona muZvinyorwa kuti kupfugamira kunoparidzwa. Somienzaniso, cherechedza apo Johane akapfugamira kungirozi, kunyangwe hadzo idzo dzakaramba rukudzo, uye zvakare, cherechedza Thomasi, uyo akapfugamira pamberi paJesu kuratidza rukudzo pamberi Pake. Tinonzwisisa here kuti kupfugama pamberi paMwari chiratidzo chekumukudza nekuzvivanira maropafadzo? Nokudaro, kana tichimurumbidza Iye, tinopfugama, mumufananidziro vekuzvidukupisa. **Pachokwadi hachizi chinhu chiduku chekunamata Mwari, uye kunamata hachizi chinhu chinofanirwa kutorwa zvirinyore mukurerutsa.**

Ziva chinhu ichi, kuti vakafanirwa kuita muitiro upi panguva yekunamata? Mambo aive akachenjera Solomoni akanyora kuti vakatendeka vakafanirwa ***"Ngwarira rutsoka rwako kana uchienda kuimba yaMwari; nokuti kuswederwa kuzonzwa kunopfuura kubayira chibayiro chamapenzi; nokuti havazivi kuti vanoita zvakaipa"*** (Muparidzi 5:1). Pauro unonyora muna 1 Timoti 3:15: ***"zvino kana ndikanonoka, ndinoda kuti uzive kuti vanhu vanofanira kufamba sei mumba maMwari, iyo kereke yaMwari mupenyu, mbiru nechitsigiro chezvokwadi."*** Tinofanirwa kuziva kunyanya panguva yekunamata paruzhinji kuti vamwe vedu varipo mukukudza Mwari, zvakare. Vamwe vanenge vachiona mabasa edu, uye izvi zvinoratidza kuzvipira kwedu kunaMwari nepakati pedu. Kubudikidza nekukasika kuuya kukereke zvinoratidza kuti kushumira kwakakosha muhupenyu hwedu, uye kunounza maitiro akanaka, tinosvika pakuratidza vamwe rudo rwatiinarwo kunalshe kubudikidza nehuvepo hwedu. **Munguva yekunamata tinofanirwa kudzidzisa pfungwa dzedu zvikurusei kurumbidza nekukudza Mwari.** Mumwe nemumwe ane basa rekuita mukunamata, zvakafanana nekunzwa, kuimba, kunamata, kutora chirairo chalshe, nekusimbisa vamwe kubudikidza nekuuya kwedu mukuvimbika Kwaari. VaHeberu 10:250 naMapisarema 100 inotaura kuti tiuye pamwechete mumubatanidzwa unomufaro mukutsvaka kufadza Iye mukutenda. Vanamati vanofanirwa kuratidza zvokwadi nekuita kwakanaka munzira dzavo dzose. Rangarira kuti huhwepo hwaKritsu haauratidzwe kumasangano mahombe bedzi. Akataura muna Mateo 18:20, ***"Nokuti apo pakavungana vaviri kana vatatu muzita rangu, ndiripo pakati pavo."***

**[Kunyangwe kududzira chaiko kwairatidza kuboka duku remaapostora, mukuita munhu anokwanisa kukoshesa kunyangwe kuboka revadzidzi vemumakore makumi maviri anezana. ~Louis Rushmore, Mupepeti]**



Vamwe vanisvika pakumvunza kana Mwari achinge achicherechedza manamatiro edu. Kana kunamatwa kuchiitwa maringe nekutaura kwake, zvoreva izvoni kuti zvirokwazvo Anocherechedza kunamata kwedu nekutova pakatipedu! Tinoverenga muna Maraki 3:16-17, *"Ipapo vaitya Jehovha vakataurirana, Jehovha akateerera, akanzwa, bhuku yokurangaridza ikanyorwa pamberi pake, nokuda kwavanotya Jehovha, vachirangarira zita rake. Vachava vangu ndizvo zvinotaura Jehovha wehondo ivo vangu chaivo, nezuva randichazviita; ndichavanzwira tsitsi, somunhu anonzwira tsitsi mwanakomana wake anomubatira."*

**[Sezvambotaurwa kare, Mwari anoona uye anoshora Kunamata kunonyengera.~Louis Rushmore, Mupepeti]**

Ngatifungei pamusoro pezvinhu zveBhaibheri uye nekucherechedza kuti tingaratidze sei Mwari nevamwe kuti Iye akatikoshera zvakadii kwatiri. Tinozviratidza mumaitiro edu, mumanamatiro edu, murudo rwedu rwatinoitirana pakati pedu nerukudzo rwandinomupa Iye. **Kunamata kweparuzhinji harisi basa rekuita munhu usina hanya. Chiitiko chakakosha** uye chinofanirwa kutorwa saizvozvo. Nyika ngaione kuzvipira kwedu mumaitiro edu, nekuti ipfekwe nerudo rwedu rwatinoratidza nekuva nechido kwedu nemweya yevamwe. Pamusoro pezvose, ngativei tinofadza Mwari, mukubata basa Rake, kuva iro bedzi simba redu rinotiponesha munzira dzedu. **Ngatisazvitendere kugoverana pamwechete neawo vasingakudzi Mwari kubudikidza nekumuitira zvavanoda ivo, pane kuti vaite zvinodikanwa naMwari.**

**George McNulty anoparidzira paCollege Avenue Kereke yaKritsu mu DeFuniak Springs, Florida, USA.**



### ***Unoziva Here?***

Vateereri vekutanga vebhuku raMarko vaive VaRoma. Vateereri vekutanga mubhuku raRuka ma Hellenist (VaGiriki). Vateereri vekutanga vebhuku raJohane waive vagari veMunyika yeGiriki.

# IMBA YEMAKRITSU

---

## Muenzaniso

## Vatinotaridza

## Robert Johnson

*".....Munhu ngaarege kuvapo unozvidza vuduku hwako, asi uitire vanotenda makwara, pashoko napamufambire, naparudo, napaMweya napakutenda, napakuchena kwomoyo" (1 Timoti 4:12).* Kufuririka zvinhu zvinoitika nechisimba nguavadzose, zvisinei kuti tirikuzviziva here kana kusazviziva. Manzwi atinotaura nehupenyu hwatinorarama zvinotaridza kuti tiri vanaani uye nekukosha kwemaitiro edu mukuita mukuratidza vamwe kuti vacherechedze. Zvichienderana nehukama hwauiyirirwa nevamwe, mienzaniso inokupa simba kana kuteedzera inoratidza pamwe yakateedzerwa nevamwe, vakaita seshamwari nemhuri kunyanya vana vaduku varinyore kufuririka nekukasika kugamuchira zvinhu zvinokanganisa hunhu hwavo nemuono vavo. Izvi zvichida zvinoonekwa zvisina kunaka pane kunge tasvika muzera vevabhereki uye mukuziva, "Ndinenge ndave amai vangu (kana baba)!"

Zvirokwazvo hausi unhu hwose unoitwa unotedzerwa somuenzaniso, sezvo vanhu vakasiyana vanokwanisa kukura nekuzviitira sarudzo dzake pamusoro pekurarama hupenyu. Nokudaro muenzaniso vemunhu ungava vakanaka kana kuipa, unokwanisa uye kazhinji unokwanisa kuita chinhu urimuhurongwa hwekuumba hupenyu hwevamwe. Ndinorangarira mupurisa achitsanangura nyaya kwandiri, yechimwana chiduku chainge chapinda mumba ndokuba, apo vabereki vakareverera mwana vavo vachiudza mupurisa kuti mwana ainge asina kuita chinhu chakadaro chaitaurwa. Tinofanira kufunga kuti mwana anogona akaona sokunge kuba kunotenderwa nokuda kwekuita kwevabereki vake? Kuita kumwechete uku kunoitika munezvokunamata zvakare. Kazhinji zvinoonekwa kuti mwana ane vabereki vake vanouya kuzonamata nguavadzose mukutendeka, uye vanomira mira mumabasa epakereke vanosvika pakuve vanenge vakatendeka. Asiwo, kune avo vane vabereki vanouya kamwe mushure mechinguva, uye vasingamiri miri mumabasa epakereke, Vanosvika pakuvana vana vavo vachisvika pakusava vakatendeka muhupenyu hwavo sevabereki. Inyaya ngani dzinosamanganisira vabereki vasingabatirane mevamwe kana vabereki vanotendera zvinhu

zvenyama kuti zvitungamire kudarika zvinhu zvemweya, vana vavo havana here kutsauka nekushaya hanya nezvinhu zvemukereke sevabereki vavo? Zvirokwazvo, kunyangwe vabereki vanozama kuita zvakanaka mukurarama hupenyu vakatendeka uye nekura vana vavo kuti vaite sokudaro, vanokwanisa pakusvika mukupikiswa nokukwezva kwenyika yatinorarama. Zvino, ndeapi mapesendi evechidiki ava apo vabereki vavo nevamwe vanovanesimba remienzaniso muhupenyu hwavo kana vachinge vasina kutendeka kusangano, kubasa rekereke, nekuMakritsu anogara mudzimba?

Zvirinyore sei kukanganisa munhu mufungiro vake mumamiriro anenge akaita zvinhu, asi uchiramba kutarisa nekuteedzera muenzaniso. Kana uchinge usina kuratidza rukudzo, usazoshamisike kana uchinge vave kuona vanhu vose vakakukomberedza vasisina rukudzo kunyangwe kwauri. Kana usingaratidzi rudo usazoshamisika kuona vamwe vasisina rudo vo. Kana uchiramba nekushora masimba evamwe, usazosvike pakushamisika kana kurwadziva kana vamwe vakushorawo masimba ako pamusoro pavo. Kana uri mwana vaMwari usingateereri Mwari, usape vamwe mhosva kusvika vatanga vazvicherechedza pachako. **Vazhinji nyanzwi dzinoongorora nezvemararamiro evanhu, dzinoti zvakaoma kuti mwana asimuke kuenda pamusoro pemubereki vake,** sezvo simba remuenzaniso richishanda mukugadzira hupenyu hwavo.

Semukomana vechidiki, Timoti muChinyorwa chiripamusoro, anokurudzirwa naPauro kuti ape muenzaniso vakanaka kunevamwe, nokudaro akaita sokudaro. Ko kune avo vakwegura mukutenda vanofanirwa kudii? Pauro akakurudzira Tito kuti arangaridze varume vakuru nevakadzi vakuru mukereke kuti varambe vakasimba muhukama hwavo nevamwe (Titus 2:2-3). Hatingapfeke mweya venyika tichitarisira kuti avo vanotiona kuti vadzidze zvimwe zvakasiyana nezvatinoita. **Zvirokwazvo manzwi ekusimbisa akakosha, hupenyu hwekurudziro hwakakosha.** Johane anotirangaridza ***"Vana vaduku, ngatirege kuda neshoko kana norurimi, asi nebasa nezvokwadi"*** (1 Johane 3:18). Ndeipi nhaka hupenyu hwedu huchasiya kune avo vanosvika mukutitevera? Zvino ndeipi mhando yemuenzaniso **yauri** kutaridza?

**Robert Johnson anoparidzira mumakereke alshe muLongview, muTexas, USA.**

# ***MWANA MUPAMBADZI***

**Jenny Choate**

Mumakore mazhinji akapfuura, ndaitaura nomumwe mudzimai veChikritsu vandainge ndisati ndambosangana nemunhu akadaro muhupenyu aitura zvinodakadza, takatanga kutaura nezvevana vake vakomana vakuru pamusoro perwutendo rwavo. Vose vanakomana vake vaive nekutenda kwainge kusina kusimba. ndakatanga kutsvaka manzwi ehuchenjeri aMwari kuti ndigovere kubva pamoyo vechidiki, mudzimai asina kuchenjera mukugovera moyo vemudzimai vechikuru akachenjera.

Nerimwe remazuva tichikurukura zvedu, akasvika pakutaura kuti anonzwa kuda kuramba achiitita "vanakomana" vake madanha kunyangwe vainge vave varume vakuru. Ndakarangarira kubva kumashure pahurukuro yatainge takakurukura nekufunga kuti uyu vaive musoro venyaya yaidzokororwa. Aifarira kuita zvinhu mukuratidza vanakomana vake kuti anovafarira zvakanyanya. Zvino, zvakandipa muono kwandiri kuti kuita kwake kwaive kwekuda kuratidza rudo, zvakare chinova chikonzero chaita kuti vana vake vasvike mukusasimba mukutenda kwavo.

Zvinondirangaridza nezvechiitiko chimwechete mumhuri yedu. Zvisinei kuti takakurira mukereke, mukomana vechidiki akapanduka. Kakawanda aiwanikwa achinwa zvinodhaka, kubhema, kuita zvinonyadzisira, kuita mabasa ehupombe nekushandisa zvinodhaka. Hazvisi zvose zvaaita zvaiziikanwa nguva zhinji pavanenge vari. Mukomana uyu aigarotsvagwa nemapurisa nokuda kwekutyora mutemo nokuda kwehunhu uyu. Kunyangwe zvakadaro mhuri nokuda kwerudo vaisvika mukumumiririra. Vaisvika mukumubhadharira muripo kuti akwanise kubudiswa. Vaibhadhara mumiriri vemhando yepamusoro. Vaizama kumuitira zvose kuti pada angashaya hanya nekutsvaka zvinodhaka, nefodya nedoro. Mukumana uyu akasvika pakutozobuda zvachose mukereke uye zvinotaridzika seasisadzokezve.

Apo ndaidzidzisa muchiitiko chakafanana neichi, ndakazama kutsvaka Chinyorwa chekuti ndisvike pakutora mukupa mudzimai uyu. Ndakasvika pakuve ndinodzoka kune Chinyorwa chemwana mupambadzi muna Ruka 15:11-32. Pekutanga, ndakatambura kubatanidza. Ndaiziva kubva muruzivo rwemumhuri yedu kuti mukomana uyu aida kubviswa muhupenyu hwezvivi zvaaita, asi mumufananidzo, baba havana kudzinga mwanakomana vavo nokuda kwekutadza.

Muna Ruka 15:12, mwanakomana akaenda kunababa vake ndokundombira chikamu chepfuma yenhaka yake nguva isati yakwana. Ndokuenda kune nyika yaive kure. Ikoko, mwanakomana akanorarama hupenyu hwainge huzere nekutadza. Mushure mechinguva, apo mari yake yose yakapera, akamanikidzwa kutsvaka basa repasi pasi nokuda kwenhamo (v.15).

Tarisa kwakaendwa nemukomana apo aida kugara hupenyu hwekutadza. Haana kuda kuramba ari muimba yababa vake kana kuda kugara pedyo navo. Akaenda kure kure kuti andorarama hupenyu hwekutadza. Sei akaenda kure kwakadaro? Mwana mupapadzi aiziva kuti chivi chake hachitenderwe mumba mababa vake, uye kuti kana achinge afa kutadza, aifanirwa kunge arikure kusingasviki baba vake. Kuva mhuri yemumba memupfumi uyu, kunyangwe uri mwana kana mushandi, zvaireva utsigo neruchengeto. Zvaireva zvekudya nepekugara. Zvinoreva kuti baba vaigovera maropafadza avo kumhuri yavo. Nokudaro, baba havadi kugovana maropafadzo aya nemwana vekutadza, uye mwana aizviziva.



Ko baba vakava nehasha here, utsinye nekusaregerera? Ndizvo here zvakaita kuti mwana aende? Kwete! ndima 20-24 inotaridza kuti baba vaine vakamirira mukutarisira kuti mwanakomana achadzoka kumba. Vaine vakatarisira kudzoka kwemupambadzi, uye baba vakamumanyira kumugashira. Baba vakachimbida kuregerera mwana vavo pakarepo apo akapupura kutadza kwake. Baba vaine vasina hutsinye kana kusava nerudo. Havana kurwa nemwana vavo kana kumusiya achichema akapfugama apo aikumbira ruregerero. Baba vakava nerudo netsitsi asi zvakare vakasimba. Havana kutendera chivi mumba mavo. Havana kutendera munhu mumwechete kuti akanganise mamariro ezvimbo, vakarimira mhuri yavo.

Vakave nemasimba akakwana. Asi dai vakatendera mwana mumwechete kuti aite madiro mukutadza, zvainge zviri nyore sei kune vamwe vateedzere mukusaremekedza? Zvino ungachengeta sei vashandi veimba yako iwe usingakwanise kuchengeta mhuri yake? Chivi chemunhu chakasiiva pachena zvirinyore kuti chikanganise zvivi zvevamwe.

Sezvo baba vari mumufananidzo uyu vane rimwechete naMwari Baba, izvi zvinorevei kwatiri? Tinendima dzatinoona dzinotitaurira kuti tinosvika pakutadza zvakadii apo kana tichinge tatadza kuita izvo tinoziva kuti zvakanaka (Jakobho 4:17). Tinotaurirwa zvakare kuti hakuna ruregerero kune avo vanosvika mukutadza nokuziva (VaRoma 6:23). Mundima iyi ngatizivei kuti kana tichinge tichida kurarama hupenyu hwekutadza ngatizive kuti hatina maropafadzo aMwari. Chakanyanyokosha, hativaniswe korona yehupenyu kuimba kumusoro Kudenga kana tichinge tichirambira muzvivi.

Ko izvi zvinodyidzana sei mukuchengeta nevana? Hatifanirwe kuitira rudo kuvana vedu kana vachinge vachiita zvinhu zvinekukudza. Hatifanirwe kuvapa kana rimwe remaropafadzo ayo Mwari akatiropafadza navo. Akatiropafadza nedzimba dzedu, zvekudya zvatiinazvo, nemichovha yatiinayo, nezvimwe zvakadaro. Dai baba varimumufananidzo-uye Mwari nekumwekutura-vakatendera mwanakomana mupambadzi kuti arambe anemaropafadzo ake kunyangwe aitadza, sei isu? Sei isu tichitendera vana vedu kuti vagare mudzimba dzedu, vachidya chikafu chedu, kutyaira mota nekudya mari dzedu apo vanenge vachiita zvivi? Sei tichivashambidza nemaropafadzo kunge tirikuaropafadza nokuda kwekuita kwekutadza kwavo? Uyu handivo muenzaniso Mwari anotiratidza muna Ruka 15, asi kuti ndivo mararamiro atirikuita muhupenyu hwedu. Ndizvo saka vana vedu vasingadzoke kunaMwari kana vachinge vasvika pakurasika. Ndosaka tisingakwanise kuvabvisa kuti vasarame muchivi. Mubvunzo unobva vati, sei zvichidaro? Nokuti une maropafadzo ose Mwari avakaropafadzwa navo, ayo iwe unoda kugoverana navo maropafadzo aya navo. Vanoona pasina Chikonzero chekuti vashanduke. Tinovada chaizvoizvo, asi "kuvada" tichavanangisa kugehena.

Baba vakaziva zvaida kuitwa nemwana apo akavakumbira nhaka yake, asi kunyangwe zvakadaro vakamupa. Sei? Mwanakomana aiva asarudza kuita chinhu chakanaka. Baba vaisakwanisa kumuponesa nomuda kwesarudzo dzake. Zvakare cherechedza uone kuti baba havana kuyevera kundotsvika mwanakomana vavo. Nei? nokuti mwana aifanirwa kuzvizvizivira pachake kuti aizofanirwa kudzokera kuna baba vake ruregerero. Ainge adzidza zvinotarisiswa. Mwari anoda kuregerera, asi tinofanirwa kuda kutsvaka Mwari. Kana tichinge taita sokudari Mwari "anomhanyira" kwatiri akatizarurira maoko.

Kana vana vedu vakasarudza kusada kuteerera kana kukudza Mwari mudzimba dzedu, tinofanirwa kugadzirira kuvadzingira kunze. Vanofanirwa kusangana nematambudziko ekutadza kwavo kana muchida kuti vagokwanisa kudzoka kunaMwari. Kana vana vachidzidzira kufamba, tinovasiya vachidonha. Sei tichidaro? Nokuti kunomudzidzisa kuti akwanise kumira zvakare! Ndizvo zvinoita kuti vave nemakumbo akasimba. Asi kana tichinge tichingotendera vana vedu kufamba vakabatira mudonzvo, havambofi vakadonha, asi havafe vakakura vakasimba. Haafe akadzidza kuti zvinovanikwa kupota uchidonha, asi zvisina kunaka kuti urambe vakarara pasi. Nokudaro, ndizvo chaizvo zvatinoita kuvana vedu kana tichinge tavatendera kukanganisira Mwari mudzimba dzedu. Vabereki tinofanirwa kuziva kuti imba, imba yedu, uye mitemo, mitemo yedu. Hazvinei kuti mwana vako akura zvakadii, haufanirwe kumutendera kutyora mitemo yaMwari ari mumba mako, pamusoro pezvo uchitomupa maropafadzo nokuda kwekuita izvi! Vana vako vakuru vanogara neve here, asi vachiramba kuenda kundonamata newe, achiita zvinonyadzisira, kana fodya ari mumba mako, kana kutora zita raMwari serisina maturo? Kuita uku kunofanirwa kumiswa, kana kuti zvikufanirwa kubudiswa mukati memba yako iyo Mwari akakuropafadza nayo. Kana vachinge vachida kurarama zvakasiyana nevamwe vachishandisa zvinodhaka, kana dzimwe nzita dzakashata pamberi palshe nemwenga vaKritsu, unofanirwa kumira kuzarura masuvo kwavari. Baba havana kushanyira Mwana vavo apo ainge ari munguva yekutadza, nekumushuvira zvakanaka. Asi kuti baba vakamumirira kuti azodzoke kumba.

**Jenny Choate anogara kulmboden, kuArkansas, muUSA.**

**Apologetics Press** rakava inzwi rwemakereke aKritsu kwemakote akawanda, ichitaura pachena pamusoro pechidzidzo maererano **Nekusikwa, Kwehukuru hwaMwari, Kufuridzirwa kweZvinyorwa, nemibvunzo pamisoro pekutenda.** Chikamu chitsva chekuita nazvo zvidzodzo zveBhaibheri, **Kuongorora Inzwi raMwari, zvinovanikwa mumasaisai,** uye zvizhinji zvacho zvinosvika ... pakutorwa pamasaisai pasina muripo. Dave Miller akabudisa maDVDs pamusoro **Pekunyarara kwaMwari muAmerica** neQurani. Nhare: 800-234-8558; Website [www.ApologeticsPress.org](http://www.ApologeticsPress.org).





# KURARAMA KWEMUKRITSU

---

Kuchena Kwemoyo

Eddie Cooper

Ishe vedu vakadzidzisa kuti tinofanirwa kunge takachena pamoyo *"Vakaropafadzwa vakachena pamoyo nokuti vachavona Mwari"* (Mateo 5:8). Pauro anoti kuna Tito, *"Kuna vakachena zvose zvachena; asi kuna vakasvibiswa, vasingatendi, hakunechinhu chakachena, asi kufunga kwavo nehana yavo zvakasvibiswa"* (1:15).

Inzwi remuTestamente Itsva rakashandura *"Pure"* zvichireva "kushairwa mhosva, kuva vakasununguka kuzvinhu zvekunze kana kusvibiswa." Mune zvemweya, inzwi iri rinoreva "kusununguka kubva kune zvakaipa, mhosva, hunhu hwakan'ora, umbavha, kana kuita zvido zvemoyo"

Testamente Yekare yakadhisa inzwi zvakanakana neiri rakashandurwa kuti *"zvakanaka,"* kanosvika kana. Boazi akadana Rute kuti vakanaka, uye muna Zvirevo, Solomoni akashandisa inzwi iri mukutaura kuvakadzi vezvimwe zvimwari. Nhasi, tinokwanisa kushandisa inzwi "chokwadi" kana "zvechokwadi."

Mukusiyana, kwemafungiro anhasi, **pfungwa dzakachena dzinosarudza izvo Mwari akasarudza**. Mukupa nzvimbo dzekugara, zvinhu zvskasikwa, marudzi-zvose zvinotaridza chido chekuva nepfungwa dzaKritsu. nemoyo vakachena, ndinoona hukama hwangu naMwari seunondinyaradza, munezvakanaka, nomukufara, ndinotsvaka kuita kuda Kwake, mukuita salye. Kana ndikave nerudo rwezvokwadi netsitsi kuna vamwe, rinobva kuna Mwari uye nerudo rwangu.Kwaari.

Mukusiyana, kwemafungiro anhasi, **pfungwa dzakachena dzinosarudza izvo Mwari akasarudza**. Mukupa nzvimbo dzekugara, zvinhu zvskasikwa, marudzi — zvose zvinotaridza chido chekuva nepfungwa dzaKritsu. nemoyo vakachena, ndinoona hukama hwangu naMwari seunondinyaradza, munezvakanaka, nomukufara, ndinotsvaka kuita kuda Kwake, mukuita salye.

Kuchena kwemoyo zvinoreva kunaka kwemoyo, isina mano, usina mhosva uye vakarurama. Kururama Mwari anoda kukura mukufunga, asi anotida tose apo tinenge tichizama. Hatifanirwe

kuva takarurama kuti tive nerudo rwake.

Kuchena kwemuoyo hakuna basa rakunoita, asi kune kurarama kwakarurama, mukuzadzisa zuva nezuva mukuita rudo rwaBaba nekunevamwe. Kunorarama munyika asi hakuzi kwenyika. Kuchena kwemoyo kunotendera kuda kwaMwari kuti kumbwe hupenyu, nekuuitira zvakanaka, kunyangwe vanhu vasina kururama, nzira dzake iye dzakarurama. Nokuda kweruchengeto iri, tinosangana nematambudziko ehupenyu, kusatya nekuva nechivimbo.

Moyo vakachena hauna mhosva, asi kuti unonzvenga zvakaipa nekuita mabasa ekuzvinipisa. Moyo vakachena unerudo nguva dzose. Moyo vakachena haungotendi chokwadi, asi unoita chokwadi, ***"Asi unoita zvokwadi, unovuya pachiedza, kuti mabasa ake avonekwe, kuti akaitwa munaMwari"*** (Johane 3:21). Mufaro vakadii kuva nemunhu anokwanisa kuziva mwana vangu nokuda kwekuti akafanana neni kana mudzimai vangu. Zvimwechetezvo ndizvo vamwe vanofanirwa kuona Mwari patiri!

Eddie Cooper muparidzi veEvhangeri, anogara kuSouth Charleston, kuWest Virginia, muUSA.

### Robson's Rubies

Jesu rimwe ramazuva akataura, ***"Vakaropafadzwa vakachena pamoyo nokuti vachavona Mwari"*** (Mateo 5:8). Kune vanhu vanova vanyengeri, sezvo vachitarisa chitendero chekunze asi vakasvipa pamoyo. Ndizvo zvavanoita kwavari, nokuda kwaKritsu nevole vakamupoterredza idambudziko rinokuvadza chaizvo. Vakaropafadzwa ndeavo vanochengeta moyo yavo yakachena. Jesu akadzidzisa kuti nokuda kwezinobuda mumoyo ndizvo zvinosvibisa (Mateo 15:16-20). Zvirevo 4:23, naizvozvo, rairai, ***"Chengeta moyo wako kupfuura zvole zvinofanira kurindwa; Nokuti mukati mawo ndimo mune zvitubu zvoupenyu."*** Moyo unoziva Bhaibheri, ipfungwa. Urikuchengetedza sei moyo vako? urikupei pfungwa dzako? Nezvinhu zvinosvibisa here, kana kuti nedzidziso dzaMwari dzinovaka? Moyo vako vakachena here?





Gary C. Hampton

Tine vanhu vanokwazisana nemutauro vekuti "Tipe tinzwe zvinyovani?" Ndiyo nzira yavo yekutanga kuvhura masuvo ekukurukura nyaya dzavo. Unova mubvunzo vakanaka kubvunzwa nevanhu vaMwari. Mwari akagadzira isu tinoita zvinhu zvive zvitsva kwatiri. Akatumira Jesu kuti ave Murevereri vesungano itsva (VaHeberu 12:24). Sungano iyi yakaita kuti vana vaMwari vadzoke pamberi pechigaro chake (VaHeberu 10:19-20). Tinokwanisa kuva nhengo dzesungano iyi itsva kana tichinge taitwa zvisikwa zvitsva muna Kritsu (2 Vakorinte 5:17).

Makritsu anotarisa kuuya kweDenga idzwa nyika idzwa (2 Petro 3:13). Muzvimbo iyi vatsvene vachange vana Mwari, uye vachadanwa kuti vanhu Vake. Baba vachapukuta misodzi yedu. Rufu, kusuwa, kuchema nekurwadziva hakuchazovonekwi zve (Zvakazarurwa 21:1-5).

Vanhu vaMwari vanofanirwa kuzadziwa nekuva nechokwadi kuti vakaitwa vatsva nokuda kwaMwari. Paulo akanyora, ***"Nokuti kudzingiswa kana kusadzingiswa hachizi chinhu, asi chisikwa chitsva"*** (VaGaratia 6:15). Hatifanirwe kutendera nyika kuti itimedze, asi tinofanirwa kushandura mufungiro vedu mazuva ose (VaRoma 12:1-2). Munhu venyama anoenderera mberi nenzira yake kusvikira mukufa (2 Vakorinte 4:16).

Tipe tinzwe zvinyovani? Ndizvo here Mwari akatigadzirira nezvaari kugadzirira vanhu Vake. **Takafanirwa kuva pachokwadi kuva vanhu vanosimbisa nekusimbira kuramba tichiitwa vatsva nokuda kwaMwari.**

Gary C. Hampton anoparidzira kusangano reSiwell Road riri muJackson Mississippi kuUSA.



# KURARAMA KWEMAKRITSU NGUVA DZOSE

## Kuparidza Kritisu Munguva Yedambudziko

Aaron Cozort

*"Zvino ndinoda kuti muzive, hama dzangu, kuti izvo zvakandiwira zvakatofambisa Evhangeri; nokudaro kuti kusungwa kwangu kwakazikanwa muimba yashe yose, nokuna vamwe vose kuti kuri munaKristu. Nehama zhinji munaShe, dzakasimbiswa nokusungwa kwangu, vonyanya kutsunga kuparidza shoko raMwari vasingatyi. Vamwe havo vanoparidza Kristu negodo negakava, vamwe nomoyo wakanaka; mumwe unoparidza Kristu nenharo, asingaiti nomoyo wakachena, vachiti vawedzere nhamo pakusungwa kwangu. Vamwe havo vanoita norudo, vachiziva kuti ndakagadzwa kuti nditavirire Evhangeri. Zvisinei hazvo? asi kuti Kristu unoparidzwa hake nenzira dzose, kana namanomano, kana nezvokwadi; ndinofara nazvo, vuye ndichasifara hangu nazvo."* (VaFiripo 1:12-18)

Munguva Pauro aive muusungwa, kune zvinhu zvizhinji zvaapedzera nguva yake mukufunga. Aifanirwa kushushikana nenguva yaainge ari, kuzvidya moyo mukufunga kuti sei zvinhu izvi zvaitika kwaari, kana kusvika mukutsamwa nekudemba kuti painge pasina kushandiswa kodzero mokuda kwekuti ainge akasungirwa mhosva yekuparidza chokwadi. Kunze kwekuita zvinhu zvose izvi, akafara nokuti nokuda kwekusungwa kwake Evhangeri raKritisu raiparidzwa munzvimbo dzose dzemuRoma.

Hama dzakaramba dzakasimba mukuparidza Evhangeri. Kunyangwe neavo vaine vasina kugamuchira chokwadi chaKritisu uye neavo vaitaura munekumwe kutaura nenyanya iyi Kritisu ainge achitoparidzwa.

Tinofanirwa kurangerira kuti munguva yatinofunga kuti tirimudambudziko rakaomarara ndiyo nguva Evhangeri raMwari rinoita mutsundo. **Nyika inoongorora nekuona zvakanyanya mupimo vekutenda kwedu munguva iyo yatinenge tatarisana nedambudziko kupfuura nguva iyo zvose zvinenge zvakanaka.** Nokudaro takafanirwa kuita saPauro tosvika pakufara-kunyangwe munguva yedambudziko-kuitira kuti mukana uvepo vekuunza kukudza kunaMuponesi vedu mubasa rake.

**Aaron Cozort muparidzi anoparidzira mukereke yaKritisu muCollierVille, Tennessee, USA.**

# MAKRITSU MUBASA

---

## Kana Kutenda Kwedu Kunopikiswa

Clarence Lavender

*"Nokuti chinhu chipi nechipi, chinoberekwa naMwari chinokunda nyika; uku ndiko kukunda kunokunda nyika, ndiko kutenda kwedu"* (1 Johane 5:4). Tinosangana nekupikiswa kwekutenda kwedu munezviitiko zvakasiyana siyana apo tinenge tichifamba rwendo rwehupenyu. Izvi ndizvo chaizvo zvinoitika muurongwa hwekukura. Vamwe ndivo vanosvika pakusagadzika nokuda kwemadambudziko anenge achisimudzwa zvekuti vanotanga kuva nemubvunzo maererano nekururama kwekutenda kwavo muna Kritsu Jesu. Munguva ino yakaoma yekusava nechokwadi nekukangaidzika, tinofanirwa kushamisika kuti takafanirwa kuita sei, uye kunyanya kune vechidiki.

**Chekutanga**, usafunge panguva ino kuti ndive munhu vekutanga kusangana nemubvunzo mundangariro dzako. Zvinhu izvi zvakaitika muhupenyu hwevatendi vazhinji, asi kutendeka kwavo kunaMwari kwavakaramba vakaita kunotiratidza kuti kupikiswa hakufanirwe kuparadza kutenda kwemunhu (1 Vakorinte 15:58).

**Chechipiri**, usafunge kuti uri munhu vakaipa nokuda kwekuti vasangana nedambudziko. Kungoti mamwe matambudziko anouya nokuda kwenzvimbo yaunenge uchigara, asi kune matambudziko mazhinji asina kutangira ikoko. Munamoto uyu unobatsira; *"Pakarepo baba vomwana vakadanidzira, vachiti: Ndinotenda, ndibatsirei pakusatenda kwangu."* (Marko 9:24).

**Chechitatu**, usafunge kuti nyaya yako haichisina tarisiro uye kuti hauchakwanise kugadzirisa dambudziko rako, iva nomoyo murefu nekuzvipa nguva pachezvako yekudzidza pamusoro pedambudziko.

**Chechina**, usarasikirwa nezvose zvaunotenda nokuda kwenguva yauri yezvinhu zvisina kumira zvakanaka, usarase tariro usaneta. Mira ipapo vakasimba zvinhu zvinosvika pakukufambira zvakanaka. Rangarira kuti kutungamira kwaMwari kuripo mukukubatsira uye kwagara kuripo (VaHeberu 4:11).

**Chechishanu**, usakundikana kurarama mukururama kukuru kwaunotenda. Mira vakasimba ipapo paune chivimbo, kana munhu akasararama nechokwadi, anoona, zvakanaka

zvinovedzerwa kuitwa nechokwadi chinoita kwaari? Anenge asiri pakurevesa sezvaanofanirwa kuita pamusoro pechokwadhi nekururama (VaHeberu 2:4).

**Chechitanhatu**, shanda nazvo mukushingaira. Zvinototora kudzidza kuti ukwanise kukunda dambudziko, kana kurinzwisisa, nokuti rinogona kuva chokwadi munekumwe kutaura, asi dambudziko harifanirwe kukanganisa kutenda kunyangwe mhando yedambudziko racho rikasagadziriswa (2 Timoti 2:15).

**Chechinomwe**, zvisinei nedambudziko, rinofanirwa kushandwa naro mukunyengetera. Munamato hausi unotsiva kudzidza, uye kudzidza hakutsive munamato (Ruka 17:5).



**Chechisere**, tsvaka rubatsiro kunevamwe — kuvanhu kana mabhuku — apo tinenge tiine mukana. Anokwanisa kuva shamwari kana kuti muvakidzani anokwanisa kupedza dambudziko rako. Ita zvidzidzo zvirimaringe nehumboo hweMakritsu, zvimwe pada ungaregera dambudziko rimwe risakurire mhinduro dzinezviuru. Ziva kuti chinhu chinokwanisa kutenderwa kunyangwe chisina kupihwa mhinduro dzose maringe nenyaya yacho. Rangarira kuti kumwekunhu, kune mumwe munhu ane minduro iyo tirikutsvaka (1 VaTesaronika 5:21).

**Chechipfumbamwe**, iva nekuvimba neBhaibheri. Munguva dzose Bhaibheri rakaratidza kuva chokwadi nekuratidza kuva rinoshoropodza nhema! Izvo zvinopa kuvimba kuti damudziko rinotevera rinoshandwa naro. Zvoveva kuti Mwana vaMwari haafanirwe kusava nekugadzikana pose panenge pasimuka zvinopikisa. Ngative nemaitiro ekuti Mwari akazvitaure — uye kuti anozvigadziriswa" (VaHeberu 11:6).

Rangarira, **patinenge tichifamba muhupenyu kuti kutenda kwedu kunopikiswa nguva zhinji. Munguva ino yekusamira zvakanaka kwezvinhu nekutambudzwa, iva unotsungirira, shanda, namata, dzidza nekutsvaka zano kwakafanira.**

**Clarence Lavender muparidzi veEvhangeri anenguva refu uye anogara muVirginia, USA.**



# MAKRITSU MUBASA

## Basa rine Kusekerera

Ralph Clevinger

SeMakritsu tiri vashandi vaMwari mukuru. Kukudzwa kwakadii! Basa ratinoita rinofanirwa kukosheswa. Jesu akaita mupiro kuteerera kwedu kuEvhangeri izambuko rikuru rinotipatsanura nemuviri vedu vange vakarasika nekutiisa kumusha vedu vekudenga. Hatina tariro yatingavanayo pasina ropa raKritsu. Tikaerekana taita chivi kunyangwe chimwechete tinosvika pakutsauka mutsika dzedu. Jesu anosviisa munzira iyi ***"Jesu akapindura, akati: Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri: Mumwe nomumwe unoita zvivi, ndiye muranda wezvivi"*** (Johane 8:34 NKJV). Panguva yatinojairira kuita mabasa ezvivi, zvimwechete zvinosvika mukudyairika mumararamiro ehupenyu hwedu (VaEfeso 2:3). Nokudaro ruponeso



rinovanikwa kubudikidza nekushandura mufungiro vedu pamusoro pezvivi nekuteerera Evhangeri kubudikidza nokutenda (2 Vakorinte 7:10; Mabasa 2:38-39) - [kutenda kune kuteerera (VaRoma 1:5; 16:26) Kusiya nekutenda kwakafa (Jakobho 2:17, 20,26)] - zvinotungamira murubhabhatidzo rwekukanganirwa kana kuregererwa zvivi (Marko 16:15-16; Mabasa 22:16). [~Louis Rushmore, Mupepeti]. Kurarama [nokuteerera] kutenda kunotipa kukunda pamusoro pechivi nerufu (1 Johane 5:3-5; Zvakazarurwa 2:10).

Kana tikacherechedza, chimiro chedu chekutanga netarisiro yedu itsva, nyasha dzinosvika mukutidzidzisa kuti tirame zvakasiyana. Pauro anotsanangura mutsananguriro uyu ***"Nokuti nyasha dzaMwari dzakavonekwa, dzinovigira vanhu vose kuponeswa, Dzichitidzidzisa isu kuti tirambe kusanamata Mwari nokuchiva zvenyika, tirame nokungwara, nokururama, nokunamata Mwari panguva ino"*** (Tito 2:11-12). Kugamuchirwa kwenyasha kunofanirwa kutiisa mukuzvinipisa zvekusvika pakushandura hupenyu hwedu. Kurwadziwa mukurohwa nekutambudzwa kwakasangana naKritsu kwakaripira zvivi zvedu. Nokumwe kutaura, akatambudzika pamuchinjikwa kuti isu tirege kuzotambura muhupenyu husingaperi. Akazvitorera chitarafu chaifanirwa kunge chakapihwe isu. Hupenyu hutsva uyu hwatiri kufara



navo unofanirwa kupedzerwa nguva yavo mukushandira kana kushumira. baba. Nei? ***"Asi imi muri rudzi rwakasanangurwa, vuPirisita bwamambo, rudzi rutsvene, vanhu vaakazviwanira, kuti muparidze kunaka kwaiye wakakudanai, kuti mubve parima muvuye kuchiedza chake chinoshamisa. Imi kare makanga musu vanhu, asi zvino muri vanhu vaMwari; makanga musinganzwirwi ngoni, asi zvino manzwirwa ngoni"*** (1 Petro 2:9-10). Kwete kushandira Mwari Baba vedu vekuDenga bedzi, asi kuti tinofanirwa kuzviita nemufaro mukutenda. Hakuna rimwe basa rakakura pane kubatsira vamwe kuti vakwanise kuvana imba kumusoro Kudenga. Tinofanirwa kuva nemufaro mukugovera Evhangeri, kunamatira vamwe, kutungamira vamwe mukunzvisisa Zvinyorwa nekuvakurudzira mukutenda. Basa iri rinounza mbiri nekukudza kuna Ishe. Nokudaro, ngatibatire Mwari vedu nemufaro apo tichine mweya vekufema mumapapu edu!

**Ralph Clavinger anoparidzira kuGreenville mukereke yaKritsu muGreenVille Tennessee, USA.**

#### KENNEY'S PENNIES

***"Handingatongokanganwi zvirevo zvenyu; Nokuti makandiponesa nazvo"*** (Mapisarema 119:93 NKJV). Ndinoshamisika kuti vangani vedu vakakanganwa chirevo ichi kana kuti kunge vakadzidziswa izvi? Boka rezvedzidzo harizezi kuita izvo rinofunga kuti vanhu varikumba vakatadza kuzvidzidzisa. Zvinombofambasei mukudzidzisa zvidzidzo zvehunhu?



# DZIDZISO DZEKURARAMA NADZO

## RAMANGWANA RENYIKA

Joe Ed Furr

Davidhi naSolomoni vakataura kuti nyika yedu inorarama nokusingaperi. Isiaya akataura kuti chinangwa chehuvepo hwenyika ndechekuti vanhu vagaremo. Chirevo ichi chinozama kuti kana nyika ichigara nokusingaperi, ichagarwa nokusingaperi. Jesu akati, ***"Vushe bwenyu ngabwuvuye. Kuda kwenyu ngakuitwe panyika sezvakunoiwa kudenga"*** (Mateo 6:10). Kana nyika ichizorarama nokusingaperi, zvino chii chingava chinangwa chaMwari kwairi? Davidhi akati, ***"Vakarurama vachagara nhaka yenyika, Vachagaramo nokusingaperi"*** (Mapisarema 37:29).



Jehovha's Witnesses inoshandisa nharo dziri pamusoro apo sehumboo hwavo kuti pasi rino ndiro richave "pasi idzva" -imba yedu yekusingaperi. Saka, vanoti, vose vakaponeswa havasi kuzoenda Kudenga, asi kuti vazhibji vacharamba vari panyika ino, "muutsva" hwayo nokusingaperi. Pfungwa iyi haisi pfungwanje mudzidziso dzavo asi itori mongo vedzidziso yavo. Kana uchinge vakasangana nedambudziko mukutaura pamusoro pechido chaMwari nemaJehovha's Witness, inyaya yekuti hatidyidzane mukutenda kwedu maringe nemagumo emunhu nepasi. Vazhinji nedzimwe dzidziso vakasimbira padzidziso idzi dzeremangwana rehupenyu vepasi; saka tinofanirwa kusangana nezvinhu izvi. Muchonyorwa chino tichataura pamusoro peramangwana repasi uye charevo chacho kuvatsvene.

Davidhi naSolomoni vakataura kuti pasi rino tichararama nokusingaperi, asi havana kutaura

pamusoro pemhedziso yemukusingaperi. Inzwi rekuti ***"zvachose"*** rakashandiswa raireva "nguva isingagume." Inzwi rimwechete rakashandiswa mukutsanangura chinguva chaizogarwa nemutemo vaMosesi. Tinoziva kuti mutemo vaMosesi vakabviswa ndokutsiviva nomutemo vaKritsu; mutemo vaMosesi hauna kugara nekusingaperi. Inzwi rimwechete ***"zvachose"*** rakashandiswa kutsvanangura kureba kwenguva iyo rudzi rwechiHeberu vaizogara munyika yeCanaan. Apo, nhoroondo inoratidza kuti VaHeberu havana kugara munyima yeCanaan nokudingaperi. ***"Zvachose"***, rakashandiswa zvakare kubudisa kureba kwenguva vaHeberu vaichengeta vatorwa sevaranda. Zvino, hatichisina. Kutsanangura uku Izvi kunotibatsira kuti tiratidze kuti inzwi ***"zvachose"*** harizi inzwi chairo.

Nokudaro, tine rimwe inzwi rechiHeberu rinoteva ***"zvachose"*** inzwi iri rechipiri tinoratidza magumo asingaperi. Davidhi akashandisa inzwi iri kamwechete apo aitsanangura chinzwimbo chepasi. Saka tinofanirwa kucherechedza mamiriro eChinyorwa ichi, zvakare. Verenga Mapisarema 37 vese, mukuverenga unokwanisa kuona kuti Davidhi aisatsanangura ramangwana reDenga remunhu; asi kuti, aitsanangura maropafadzo emunhu vakarurama munguva yake neremangwana emhuri yake kubudikidza muhupenyu hwenhoroondo yemunhu. Musoro muhumbe vendima iyi unoti ***"Nokuti vanoita zvakaipa vachagurwa; Asi vanorindira Jehovha vachagara nhaka yenyika"*** (Mapisarema 37:9). Hakuna munhu vakarurama unotyisidzirwa nokutsakatika kwemhuri yake pasi, asi munhu vakaipa ndiye anotyityidzirwa. Vanhu vakarurama vanogara pasi rese kana pana pachingori neugaro. Apo Davidhi akashandisa inzwi rekupedzisira ***"Zvachose"*** muchigamu chake mukutaura chinguva chepasi, akashandisa inzwi iri mukushandidzana nenzwi rekutanga ***"zvachose"*** zvinoreva nguva isingagume. Kushandiswa kwemanzwi mamwechete anoreva ***"zvachose"*** muchinyorwa chimwechete rine chirevo chimwechete\_\_chinoreva nguva isingagume. Mhedziso iyi inokurudzirwa naDavidhi mukutsanangura kwake pasirino. ***"Makateya nyika kare-kare; Nedenga rose ibasa ramaoko enyu. Zvichaparara izvo, asi imi Petro muchagara muripo; Zvirokwazvo, izvozvo zvose zvichasakara senguvo; Muchazvishandura sechisimiro, zvikashanduka"*** (Mapisarema 102:25-26). Kana bhachi richinge rave sharu, hatizame kuriita ritsva kana kurinatsurudza kuti rishande kwenguva refu. Tinosvika pakurirasa totsvaka rimwe bhachi. Mwari achasvika pakubata nyika munguva inotevera semabatiro atinoita mabhachi edu kana ave masharu. Kana nyika ino ichizovika mukurama zvachose sedzimba nokusingaperi dzevatsvene, chinova chishamiso kuti umboo vezvinhu izvi unosvika mukuvanikwa kuTestamente Yekare. Hakuna humboo vakadaro unovanikwa muTestamente Itsva. Chinoshamisa, Johova's Witinesse's havana kubvira vapa umboo veTestamente Itsva mukusimbisa kusaguma kwenyika. MuTestamente

Itsva tinoverenga, *"Nokuti, Uyo, unoda vupenyu, Nokuvona mazuva akanaka, Ngaadzore rurimi rwake panezvakaipa, Nemiromo yake, kuti irege kutaura zvinonyengera. Ngaanzvenge zvakaipa, aite zvakanaka; Ngaatsvake rugare, arutevere* (1 Petro 3:10-11). Tinoverenga zvakare, *"Zvino ndakavona chigaro chovushe chikuru chichena, naiye wakanga agere pamusoro pachu, iye, nyika nedenga zvakatiza pachiso chake, zvikasawanirwa nzvimbo"* (Zvakazarurwa 20:11).

Vatendi vezvemakore vaidz kuona nyika ino ichizoshandiswazve muupenyu hunozouya, vanozama kutsanangura kupfuta kwenyika kubudikidza mekutura kuti moto VaMwari uchazoparadza nyika ino mumabasa nekuipa kwayo kwose mekuisiya yave kukodzera kurarama nezvisikwa zvitsva zveremangwana. Vanoenzanisa moto uyu nekupisa kwaMhizha iyo inochenesa zviridzwa zvayo. Zvisinei, kuchenesa handiro basa rekupisa uku. Kupisa uku kuchasvika pakunyunguduka nekunyungudutsa nyika. Mupfuri haasvike pakunyungudutsa zviridzwa zvake mukuzvichenesa. Pfumgwa yekuchenesa ipfungwa inotaridza kuti nyika inosara haiparadzwe, asi Johane anotaura kuti ichatiza pamberi paMwari.

MaJohavha's Witnesses anofunga kuti *"Denga nyika"* zvainzi zvichaparadzwa zvaitaurwa kuushe hwaSatani kwete kunyika. Vanoona izvi kubva mukutsanangura kunoita Bhaibheri maringe nekutsanangurwa kwehushe hwaSatani, asi kutsanangura kwavo ndekwevanyengeri. Vanosimbira kuti *"denga nyika"* zviri muna 2 Petro 3:10 kuti mufananidzo, asi maJohovha's Witnesses vanoti inzwi rimwechete riri mundima 2 Petro 3:13 hachisi chokwadi. Hazvifanirwe kuchinja chinja zvakare mukutura kuti kana *"denga nyika"* zviri mundima yegumi haisi yechokwadi (mukutaurwa), zvoreva kuti manzwi mamwechete haasi echokwadi mundima 13.

Asi, muapostora Pauro haana kunyora here neremangwana renyika, achitaridza kuti haichazoparadzwe? Pauro anopa pfungwa kuti zvisikwa zvose zvaMwari (pasi rose) rinotaurwa kuti richashandurwa nekuzoora. Pasi rose rakamirira shanduko ichazouya mukushanduka kwezvinhu. Zuva richasvika apo pasirose rivhashanduka nekuora uye nezuya iro, pachakonekwa kuzadziwa kwose. Kana ichi chiri chokwadi, zvino iyi ndivo ichava misha yedu yatichagara nokusingaperi.

Ndizvo, Pauro unopa pfungwa yekuti pasi rose ranhasi rinebasa rekuita mune remangwana revana vaMwari, asi chero basa ringaitwa, zvichange zviri zviratidzwa zverusununguko kana shanduko. Pauro unoenzanisa zvichaitika kuzvisikwa nezvichaitika kuMakritsu apo tichapinda kuimba isingaperi. Chii chichaitika kuMakritsu. Pauro akati muviri vedu venyama vatirikurarama tiri uchashadurwa kuva muviri veMweya. Zvino kana paine kufambidzana pano, zvoreva kuti

basa reramangwana repasirino rakafanirwa kusangana nekushandurwa usati vaita rimwe basa muupenyu husingaperi. Kana pasi rino rikasvika pakusangana nekushandurwa zvoreva kuti rinenge raverimwe pasi. Asi maJehovha's Witnesses anotsanangura kuti mukupedzisira nyika ino ichadzoserwa sezvayange iri munhu asati adonha. Zvisinei, Pauro anotsanangura kuti nyika ino haisazodzoka sezvayainge iri. Anotsanangura kuti nyika ino ichashandurwa mukuitwa kuitwa kumwe kusina kumbobvira kwamboonekwa munhorondo yevanhu.

Tinoziva kiti kuchave nedenga idzwa nyika idzwa. Nokudaro, nyika idzwa haisi kuzova nyika ino, uye denga nezvose zvaro zvachange zvisiri zvakatitenderedza, nokuti iri tinoona nezvose zvatinoona zvedenga nyika ino svichaparadzwa nemoto. Nokuda kwechinhu ichi, ngatisaunganidzei pfuma yedu yetarisiro pane nyika ino iyo irikukura, Jesu akakurudzira, ***"Regai kuzvivunganidzira fuma panyika pane zvipfunho nengura zvinopedza napane mbavha dzinopaza dzichiba"*** (Mateo 6:19), uye asi, izvi ndiro zano maJehovha's Witnesses vanosiya apo vanoparidza evhangeri maringe neremangwana renyika ino. Kana zvose zvavanotaura pamusoro panyika ino chiri chokwadi, zvoreva kuti vanhu vanofanira kuzvikadzirira pfuma yavanoda panyika ino. Zvisinei, Jesu akati, ***"Asi muzvivunganidzire fuma kudenga pasine zvipfunho nengura zvinopedza, pasina mbavha dzinopaza dzichiba"*** (Mateo 6:20). Sei tirikuita izvi kana nyika irikuzova musha vedu? Unokwanisa kuona kubva apa kuti Jesu akanongedzera tariro yedu zvinemusiyano netariro yemaJehovha's Witnesses [uye nekushandura nyika muchitendero ~ Louis Rushmore mupepeti we*Voice Of Truth International*].

### **Zvakatorwamu**

Furr, Joe Ed. "Ramangwana renyika." Firm Foundation 8 Sep 1970 , 567.

# KUDZIDZA MUZVINYORWA

---

**Kuva Unotya.**

**Iva Unotya Zvakanyanya (Itya Mwari)**

**Denny Petrillo**

Hapana anoda kutiyidzirwa. Chinhu chisina kudyairika. Kazhinji kana tichinge tichitya, tinonzwa kupera simba. Tinenge tisingazive kuti chii chichasvika pakuitika kumberi.


Tine vazhinji vanekukakaradzana kuti zvinyorwa zvinokurudzira **"itya Mwari"** (Zvirevo 1:7; 9:10) zvinoreva "kuremekedza" kana "kunamata Mwari". Apo hapana akaramba kuti tisafanira kuremekedza kana kunamata Mwari, ndizvo here zvinorehwa nenzwi?

Kana kutya zvirikwazvo kuchireva kuremekedza, zvino tina Johane anotaurea kuti, **"rudo rwakakwana runounza rukudzo"** (1 Johane 4:18). Izvi zvine *zvazvinoreva* here? Takafanirwa kuchenja chinja mukubva mukuremekedza Mwari? Zvirokwazvo kwete! Nokidaro kutya **hakureve rukudzo**. Tinofanirwa kuremekedza Mwari muhupenyu hwedu hwose, asi hatifanirwe kumutya hupenyu hwedu hwose.

Zvino shandisa zvinhu zvimwechete kunyika "uremekedze." Johane anotaurea kuti "rudo rwakakwana runodzinga ruremekedzo"? Zvirokwazvo kwete! Saka, kutya **hakurevi rukudzo**. Takafanirwa kuva nerukudzo kuna Mwari muhugaro vehupenyu hwedu hwose.

Chii zvino chatinodzidza? Mwari anofa kuti tinzwisise kuti — tisingade tichida — tichatarisana Naye Mukutogwa. Tichatongwa Maringe nekuita kwedu, zvingave zvakanaka kana zvakaipa (2 Vakorinte 5:10). Kunova kufunga kunobvundutsa. Kunotyisa! Saka, chii chatingaita? Kuterera. Ndizvo bedzi zvirinyore. Mwari akatiudza zvaanoda kuti tiite. Apo tichinge **"tafamba muchiedza,"** hatina chatinofanirwa kutya nokuti ropa raKritsu rakatisuka kubva muzvivi zvose (1 Johane 1:7).

**Denny Petrillo mukuru vechikoro chebhaibheri cheBear Valley Bible Institute muDenver, Colorado, USA.**



Kuwana

MuBhaibheri

Martha Rushmore

### BASA REBHAIBHERI

#### Kutarisa Nepakati

2. Ndevapi vaive vanhu vakapusa nevakachenjera? Mateo 7:24-27

4. Jesu aiva Mwanakomana ve\_\_\_\_\_. Mateo 13:55

5. Jesu akapa hupenyu Hwake kumakwai Ake se? Johane 10:11


7. Aive nechiroto. Genesisi 40:5

8. Mabasa Aquila, Priscilla naPauro. Mabasa 18:1-3

10. Nderipi raive basa raNaaman mumauto? 2 Madzimambo 5:1

12. Alexander akaitei muhupenyu hwake? 2 Timoti 4:14

13. Aholiabi aiita basa rei? Ekisodo 38:23



#### Kutarisa nekuzasi

1. Murume uyu akarima munda vake kuti ase. Isaya 28:24

2. Imzwi rekuti akakweretesa rinorevei? Zvirevo 22:7

3. Vakakanda mijenya nokuda kwegemenzi raJesu. Johane 19:23-24

6. Uzziel aiitei mukurarama? Nehemia 3:8

7. Akapa Farao. Genesis 40:1

9. Simoni aiva \_\_\_\_\_. Mabasa 9:4

11. Nderipi Basa rikurusa raiitwa naMelchizedeck?

**Tarisa mukati mekavha yekunze kune mhinduro.**



# VATAMBI VEMUBHAIBHERI

---

## Pauro

### David Conley

Mukungoona zita rake chete zvinoita kuti vanhu vafunge nezvinhu.zvaakakunda nekuzadzisa. Aiwa nokushingaira kwakadii nokuda kweEvhangeri raJesu Kritsu! Zvainge zvisina basa kuti kana ainge ari mupfumi kana murombo, akasungwa kana kusununguka, mutano kana mutana, vaive **nepfungwa** imwechete **\_\_yekuparidza!**

Pauro aive akazadzwa nokuda kwekuparidzwa Evhangeri rinova raiparidzwa iro akataura kuti *"Vamwe havo vanoparidza Kristu negodo negakava, vamwe nomoyo wakanaka; mumwe unoparidza Kristu nenharo, asingaiti nomoyo wakachena, vachiti vawedzere nhamo pakusungwa kwangu. Vamwe havo vanoita norudo, vachiziva kuti ndakagadzwa kuti nditavirire Evhangeri. Zvisinei hazvo? **asi kuti Kristu unoparidzwa hake nenzira dzose, kana namanomano, kana nezvokwadi; ndinofara nazvo, vuye ndichasifara hangu nazvo**"* (VaFiripo 1:15-18).

Pauro aive **nemufaro** kuti Kritsu ainge achiparidzwa, kunyangwe kana vaparidzi ava vaizviita **muchinangwa chakaipa!** Zvaimufadza! Kutu vavengi vaPauro vaiparidza Kritsu *"mukukakavadzana, zvisiri pachokwadi, mukuda kuvedzera dambudziko kuzvisungo zvangu,"* asi Pauro ainge asina hanya! Aitofara kuti Kritsu ainge achitoparidzwa!

Akataura kuti ainge asina hanya nenhaka yake, dzidzo yake, chitendero chake chekutanga nechidanho chaaive nacho! Naizvozvo, Pauro akataura kuti aicherechedza zvinhu zvose izvi kuva mufudze vaibatsira kuti akwanise *"kuhwina Kritsu"* (VaFiripi 3:4-8). Akaudza Vakorinte kuti *"Nokuti kana ndichiparidza evhangeri, **handina chandingazvirumbidza nacho, nokuti ndinoroveverwa; ndinenhamo, kana ndisingaparidzi Evhangeri**"* (1 Vakorinte 9:16).

Mutsamba yekupedzisira yatiinayo Pauro akanyora, akaudza Timoti kuti *"**Paridza shoko; ramba uchidaro nenguva yakafanira, kunyange isakafanira; raira, tuka, ranga nomoyo murefu zvikuru nokudzidzisa**"* (2 Timoti 4:2). Pauro aida kupa Timoti rairo yekupedzisira mumashoko ake ekupedzisira kuti **aparidze!** Aida kuva nechokwadi kuti Evhangeri yaizosara ichiparidzwa mushure mekunge afa!

Pauro aiva neshungu kuti Evhangeri isazoshandurwe kana kupesaniswa, nokudaro akapa chengedzo yakasimba. *"Asi kunyange isu, kana mutumwa unobva kudenga, akakuparidzirai imwe Evhangeri, inopesana neyatinokuparidzirai isu, ngaave wakatukwa"* (VaGaratia 1:8).



Aiziva kuti Satani aizofufira vamwe mukubva pachokwadi. Anosvika kunyangwe pakuti, *"Asi ndinorwadzisa muviri wangu, ndichiuita muranda; kuti zvimwe ini, ndamboparidzira vamwe, ndirege kuva wakarashwa ndimene"* (1 Vakorinte 9:27).

David Conley muparidzi veEvhangeri muKereke yaKritsu yepaLiberty iri muDennis, Mississippi, muUSA.

# VATAMBI VEMUBHAIBHERI

## Chinhu Chamunofanirwa Kunderangarira Nacho

David R. Kenney

Zvinyorwa zvenguva ino zvakashanduka zvekuti zvakunetsa kupima. Tane nzira zhinji dzekugoverana nadzo pfungwa dzinova dzakaoma kufungidzira zvinhu zvakanyorwa mukunyora tsamba munguva yeTetsamente Itsva. Somuenzaniso, tinotumira tsamba kune umwe munhu, tinobva tazviisa pachedu kuti tipindurwe nokukasika kana kuva nekushushikana kuti sei tisina kupindurwa.

Kunyorwa kwetsamba nekufambiswa kwadzo chinova chinhu chinodya nguva uye nekudhura. Zvinhu zvinoshandiswa hazvina maturo kudarika izvo zvatininge tichinyora. Kunyora harisingori basa njee asi ibasa rinehunyanzwi uye nesimba rekuchengetedza chinyorwa ichi chino chinotyisa kuti kuchengetedza uku kunogona kuva kunogona kuva umboo veukoshi. Chinyorwa chikurusa cheVaFiripi chiripo mu *P46* (A.D. 125 -225) uye chine zvikamu zvose zviri zvina. Hukama hwaPauro nesangano iri vakatangira nekudanwa kwaakaitwa kuMacedonia, circa A.D. 51 (Mabasa 16:9-10). Zvinofadza kuti kudanwa uku kwaive kuchibva kumunhu, asi apo Pauro paakasvika, akandosangana naLydia neboka revamwe madzimai vakabatsira mukutangwa kwekereke. Makereke mangani munharaunda medu akaramba akamira nokuda kwemadzimai anotywa Mwari? Muapostora Pauro akanyora pamusoro peizvi muna A.D. 62 ari muusungwa kuRoma. Chimiro chainge ari chainge chakaoma, asi akanyora tsamba yemufaro yakazvika kukomborera nekubatsira vose vakairava munguva yemakore emazana akapfuura. Mumwe anoti kana Pairo akafunga nezvinhu zvaigona kuitika, iyi yaifanira kuva tsamba yekupedzisira yaakanyorera kusangano nekufunga kupa VaFiripi chimwe chinhu chavaizomurangarira nacho. Tsamba yakanyorerwa vaFiripi yainge iri yerudo nemufaro inova inobatsira kwatiri nhasi sekubatsira kwayakaita kune vamwe vanova vakaonga rudo, nomufaro Paura akaraidza kuMakritsu.

Ndine zvidzidzo zvina zvandakaronga pamusoro pechidzidzo ichi, asi zvimwe zvizhinji zvinopihwa. Kuvimba kwechidzidzo ichi kuda kubata kukosha kwezvinyorwa zvaPauro. Ndakasarudza mashoko munechikamu chimwe nechimwe kunesu kuti tione.

*"Nokuti kwandiri kurarama ndiKristu, kufa kufuma. (VaFiriipi 1:21 NKVJ).* Muchikamu 1, tinoona Pauro achikurudzira vaFiriipi kuti vasimbise Kritisu muhupentu hwavo, kuparidza Kritisu kune vamwe, nekuraramira Kritisu mukusimbisa vamwe mukutaura nemuzviito. Vanhu varikutitarisa, uye vanoongorora hunhu vedu kuda kuziva kuti tinoziva here kana kusaziva. Tirikuraramira Kritisu here zvisinei nezvatinosangananazvo kuti zvakakurasei? Tirikuzama here kutendeutsa vamwe kuna Kritisu kubudikidza nekutaura kana kuita kwedu here. Pauro akaisa hupenyu hwake hwose mukuita kuda kwaKritisu. Aive aiziva kuti kufa kwake kwaive pfuma. Sei aitaura kudaro? Pauro aitaura kudaro nokuti



aiziva mubairo veKudenga unodarika mafaro ose angaitwa kana kupihwa panyika ino. Vangani vedu vasina kugadzirira kuenda Kudenga **nhasi** asi rimwe **remazuva**? Pauro ainge agadzirira kuenda asi Jesu aive nebasa rakavanda raaida kuti amboita. Tinokwanisa kuva takagadzirira kuenda asi Jesu anokwanisa aine kunamatwa nebasa raanoda kuti tiite. Tinokwanisa kunge tiri muchimiro chinokwanisa kutiita kuti tinzwe kunge tiripakanaka, asi pane musiyano vekuva tiri panemufaro mukatimedu unikwamisa kuti tiite zvose zvatinoda tiri mumufaro vemunaKritisu! Vamwe vanofananidza hupenyu hweMakritisu sezvinhu zvinofadza, kunzwa kufara nekugara mazuva akanaka. Izvi handizvo. Pauro akararama hupenyu hwake muzvinhu zvakaoma, asi kwaari yaive pfuma. Sei akadaro? Nokuti aiziva kuti airaramira Kritisu! Ndiani pakati pedu ane miraramiro uyu, kana kuti tirikuraramirei? Raramira Kritisu! *"Ivai nomoyo uyo, wakanga uri*



*munaKristu Jesu vo"* (VaFiripi 2:5). Dzimwenguva tinokanganwa kuti Jesu akabva Kudenga kuuya panyika. Sei akauya? Jesu anoudza Zakeo', **"Jesu akati kwaari: Nhasi ruponeso rwasvika paimba ino; nokuti naiye vo mwanakomana waAbhurahamu. Nokuti Mwanakomana womunhu wakavuya kuzotsvaka nokuponesa chakarashika"** (Ruka 19:9-10). Kune vamwe vaifunga kuti Zakeo aisakodzera kuva nalshe kumba kwake, asi kwainge kusiko kufunga kwaJesu. Ishe vedu akaratidza kuti tose tiri vatadzi, takakodzera kuva Naye Muponesi vedu nokuda kwerudo rwake. Kana Achitida nekutishandira, takafanirwa kuda nekushandira vamwe zvakare. Jesu akauya semuranda, uye anotarisa kuti tigoitavo sevaranda pakati pedu. Kune kuita kwakavanda kwakaitwa naJesu, asi Pauro ainge akanangana nekuita kwaJesu kwekutungamira mukuita kwake semuenzaniso. Tinotungamira mukuita here? *"Hongu, zvirokwazvo, ndinototi zvinhu zvose kurashikirwa hako nokuda kwokunaka kwokuziva Kristu Jesu, Ishe wangu, wandakarashikirwa nezvinhu zvose nokuda kwake, ndikazviidza marara, kuti ndiwane Kristu;"* (VaFiripi 3:8). Sauro vekuTarsusi aive nebasa rekuita pamberi pake. Ainge akachecheudzwa nezvava rechisere ari verudzi rwaBenjamini, saka painge pasina kupokana nerudzi rwavo. Ainge ari Mufarise, uye VaFarise vaiziikanwa nokuva vachengeti vetsika dzechuJudha (VaFiripi 3:5). Pauro amotaura kuti ainge akadzidza zvikuru kubva kuna Gamalieli (Mabasa 5:34; 22:3). Aive zvakare chezvarwa chemumuzinda vechiRoma (Mabasa 22:28). Sauro kana Pauro waiziikanwa nekufamba **achikwira nekudzika** uko aionekwa achibhadharwa kutambudza maKritsu **"munzira dzavo"** (Mabasa 26:12). Nokudaro, zvose izvi zvakashanduka apo akasangana naKritsu munzira achienda kuDamasiko. Kutendeutsa kwaSauro kunova chinhu chakakosha kuMakritsu sezvaitwa kare **"Vose vakazvinzwa vakashamiswa, vakati: Ko uyu haazi iye waiparadza vaidana kuzita iri paJerusarema here, akavuyira izvozvo pano, kuti aende navo vakasungwa kuvaPirisita vakuru? Asi Sauro wakaramba achisimbiswa, akakunda vaJudha vakanga vagere Dhamaseko, achiratidza kuti Jesu ndiye Kristu"** (Mabasa 9:21-21). Sei Pauro akanyanya kuzvipira kudaro, kunyangwe zvekusvika kuzviita **munhu asina maturo?** Nokuda kwekunaka kwekudanwa kunzi Mukritsu! Sauro vekuTarsusi aive nezvose zvaaida kwaari, asi asina Jesu, akaona hapana kwaaienda. Ruzivo rwekushanduka kuupenyu hwaSauro, neruzivo rwaKritsu, Jesu anokwanisa kushandura hwedu nehwevamwe zvakare. *"Ndingaita zvinhu zvose naKristu unondisimbisa"* (VaFiripo 4:13) Muapotsora Pauro aive nebasa rekuita. Raininge risirinyore kana kuva rinofadza. Rangarira Ananiasi zvaakaudzwa pamusoro pebasa raSauro. **"Asi Ishe, akati kwaari: Enda, nokuti iye mudziyo wakasanangurwa neni, kuti aende nezita rangu kuvahedheni, namadzimambo, nokuvana valsraeri; nokuti ndichamuratidza zvose, zvaachafanira kutamburira nokuda kwezita rangu"** (Mabasa 9:15-16). Chikamu chekutanga

chebasa rake chainge chiri chikuru, asi mukufamba kwenguva chakambomira. Zvirokwazvo pauro akatambura zvikuru nokuda kwaKritsu (2 Vakorinte 11:22-28). Akasvika pakuzvidemba here nokuda kwechinhu ichi? Akasvika pakugununa here kuti ainge asiri muapostora hwake? Kwete. ***"Ndinomuvonga iye Kristu Jesu, Ishe wedu, wakandipa simba, nokuti wakati ndakatendeka, akandiisa pabasa rake; kunyange ini ndaimhura Mwari kare, nomutambudza ndichiitira vanhu zvakaipa; asi ndakaitirwa ngonj, nokuti ndakanga ndichizviita nokusaziva pakusatenda"*** (1 Timoti 1:12-13). Pauro akasangana nekutambudzika kukuru nokuda KwaKritsu. Tinodavo here kuita saPauro? Dzimweni dzenguva tinofunga kuti hatina kukodzera. Zvimwe, Pauro akafunga zvimwechetezvo, asi akanzwisisa kuti Jesu Kritsu aive netsitsi kwaari. Jesu anetsitsi kwatiri zvakare. **Zvisinei nechimiro chedu chekare, tine remangwana rakajeka naKritsu!**

Muporofita Pauro akatipa tsambai iyo yatinosvika kumurangarira nayo mukuiverenga. Ngativerengei, nekukwanisa kushandisa chokwadi ichi muhupenyu hwedu kuti tikwanise kuva nekufunga sekwaive naKritsu. Kubudikidza nokutenda nokuteerera kuda kwaKritsu, tinokwanisa kucherechedza hupenyu hwedu kumashure tisina kuzvidemba. Zvisinei kuti tingarasikirwe nezvakadii munyika ino, tine pfuma huru kubva kunalshe apo akati **"Vaita zvakanaka!"** cherechedza kuti inzwi **"vaita"** rinoratidza kuita! urikuita here izvo Ishe vakakuraira kuti uite?

David R. Kenney muparidzi anogara kuBedford, Ohio, USA. Zvinyorwa zvake zveKenney Pennies zvinovanikwa zvakare *muVoice Of Truth International*.

[Mashoko eMupepeti: Nguva zhinji apo ndinenge ndichibudisa mota yangu mugaragi apo ndinenge ndichigadzirira kubuda. Ndinenge ndichicherechedza tsangadzi yakasvibira yakachekererwa nemaruva, nepafafitera, ndinotaura kumudzimai vangu, ***"tsangadzi iyi yakasvibira ndichaisuva kana ndichinge ndafa, ndichingoti tsangadziiya yange yakanaka"*** Zvirokwazvo **tinoda** kurangarirwa nokuda kwemabasa edu ataiita nokuchengetedza kwedu kwataiita tsangadzi, kana mamwe mabasa ataiita. Kunyangwe maKritsu Mazhinji **anoda** kurangarirwa nokuda kwekungoti zvanze zvedu zvaigara zvachena. Ko ucharangarirwa nei? ~Louis Rushmore. Mupepeti]

Komendari Rinobatsira Kuona Nokukasika Ndimba Dzakakosha

[Mika 6:6-12]

Ndichauya nei pamberi paJehovha, ndichikotamira pamberi paMwari wokumusoro? Ndichauya pamberi pake nezvibayiro zvinopiswa, nemhuru dzakaita gore rimwe hete? Ko Jehovha ungafadzwa namakondobwe ane chiuru chezana, kana nenzizi dzamafuta dzine zviuru zvine gumi here? Ndingamuvigira dangwe rangu pamusoro pokudarika kwangu, icho chibereko chomuviri wangu pamusoro pezvivi zvomweya wangu here?

8 Iye wakakuzivisa, iwe munhu, kuti zvakanaka ndezvipi; chinotsvakwa naJehovha kwauri chinyiko, asi kuti uite zvakarurama, ude unyoro, uye ufambe uchizvininipisa pamberi paMwari wako?

9 Izwi raJehovha rinodana kuguta, akachenjera achatya zita renyu; teererai shamhu, nowakairaira. Ko fuma yezvakashata ichipo muimba yowakashata here, uye chiyero chakatapudzwa chinonyangadza here? Ko ndingava wakachena kana ndine zviyero zvakashata, nehomo yezviyereso zvinonyengera here? Nokuti vafumi veguta vazere nokuita nehasha, vageremo vakareva nhema, rurimi rwavo mumuromo wavo runonyengera.

Kubva pakutanga, Mwari vaidza kubva kuvanhu, semuripiro vezvi Tinoona izvi kutanga pana Kaini. Kaini akapa zvipiriso zvake kubva n uyuvo Abero akapa kubva muzvipfu Zvinonzi chibairo chaKaini kugamuchirwa nokuda kwemaitiro kuti Mwari aida chipiriso cheropa, zvose hatina ruzivo apa.

Mukufamba kwenguva, vanhu v kuzadzwa nohuyipi, zvekuti Mwari pakutumira mafashamo akaparadza zvose, kunze kwaNoa, mhuri yake, dzaive mungarava. Kunyangwe kunyengera, nokunyengedza, mhirishonga, nekuurayana kw rwevanhu umboo unoratidza ku kwenyika kwakataurwa muna 2 VaT 1:18 kuchaitika.

Mukupesana nezvinhu zvinoitwa munyika, chii Mwari kuvana vake vekuteerera? zvakarurama kune vamwe, kurati kune avo vanodzidza, mukusvininipisa tichiziva zvakare, zvakare tiri vatadzi, tinoramba ruregerero.



# MIBVUNZO YEBHAIBHERI

---

## Kuverengwa Kwezvinyorwa

### Rebecca Rushmore

Mumwe munhu akaudza munhu akaunza pfungwa yake nemubvunzo, achiti: "Kuverengwa kweZvinyorwa mushure memharidzo zvinoita panekuverenga mumavambo. . Munhu anoverenga Chinyorwa anofanirwa kuva munhu anotenda akabhabhatidzwa here?" Tichasvika pakuongorora kutaura nemubvunzo zvakasiyana.

Kusiri kuti mavambo azvino, kuverengwa kweZvinyorwa parizhinji [chiitiko chaitika kare](#) pakati pevanhu vaMwari. Nehemia akaita sokudai, ***"Vakarava zvichinzwika kwazvo mubhuku yomurayiro waMwari; vakazvidudzira, vakanzwisisa zvinorahwa"*** (Nehemia 8:8 NKJV). Makore anemazana adarika, Jesu Pachezvake anofananidza nokuita kwemaJudha aitanga averenga Chinyorwa, nekuchitsanangura mushure pamusoro pachu.

***"Akasvika [Jesu] paNazareta, paakanga arerwa, akapinda musinagoge nomusi wesabata sezvaaisiita, akasimuka kuti arave. Akapiwa bhuku romuporofita Isaya; zvino wakati aipetenura, akawana pakanyorwa panoti: Mweya waShe uri pamusoro pangu, Nokuti wakandizodza, kuti ndiparidzire varombo Evhangeri; Wakandituma kuti ndizivise vakatapwa kusunungurwa kwavo; Namapofu kuti avone zve; Ndiregedze vakatsikirirwa; Nokuzivisa gore raShe rakanaka. Akapeta bhuku, akaidzosera kumutariri, akagara pasi; meso avose vaiva musinagoge akamutarisisa. Zvino akatanga kuvavudza, achiti: Nhasi rugwaro urwu rwazadziswa munzeve dzenyu"*** (Ruka 4:16-21).

Makore akatevera, Muapostora Pauro akaparidza mushure mekuverengwa kweChinyorwa musinagogi (Mabasa 13:14-41). Aiziva kuti Chinyorwa chaiverengwa paruzhinji vhiki rimwe nerimwe musynagogi (Mabasa 13:27). Zvakaita, semaapostora nevatariri nevatariri vekereke muJerusarema vakaona kuti munhoroondo yeZvinyorwa, chinyorwa chaivanikwa chakatogadzirirwa muSynagogi, kuchizoteverwa nemharidzo (Mabasa 15:6 , 21).

Mumazuva anhasi mamwe masangano anoverenga Zvinyorwa, kuchizoteveta mharidzo, apo vamwe havateedzere kuita uku. Testamente Itsva [haitaridze](#) kuti Chinyorwa [chakafanirwa](#) kuva chakatogadzirirwa kunze kwekuparidza, nokudaro mukuparidza munhu anenge aine tarisiro

yekuti Chinyorwa chakagadzirirwa kana kutaurwa. Kunyanya mumharidzo yehurukuro inotsvaka kuverengwa kweChinyorwa muhurongwa hwekubudisa pachena chinyorwa.

Zvino kumubvunzo vakabvunzwa. Kune mirawo yemuBhaibheri maringe nekunamata kunogamuchirwa mukereke yalshe. Muapostora Pauro anogadzirisa sangano repaKorinte nekuda kwekusacherechedza chirariro chalshe zvakanaka (1 Vakorinte 11). Chikamu 14 chemwadhi imwechete iyoyo chinopa zvakafanirwa kuitwa maererano nokubata basa pakunamata kweparuzhinji —kuvaparidzi, vatungamiri vemunamato, vatungamiri venziyo nevarume nemadzimai. Nekuti kana ndima iyi ichimirira varume mukutungamira mukunamata, zvakare zvinotarisirwa kuti vaparidzi, nevatungamiri venziyo vanofanirwa kunge vari vatendi vakabhabhatidzwa neMakritsu akatendeka. Nokudaro, zvinonzwisika kupedzisa kuti varume vanotora basa rekuverenga Zvinyorwa paruzhinji zvinoratidzwa kuMakritsu.

Ndinoziva kuti mamwe masangano ane vakomana vechidiki vanotora mabasa ekuverenga Chinyorwa kana kutungamira nziyo mukunamata — sekuvakurudzira nekuvadzidzisa. Imwe nzvimbo, inenge isiri kunamatira neruzhinji, inokwanisika kutsurika, zvirinani. Zvino, tingatii, kana mukomana vechidiki, aisiverenga Chinyorwa paruzhinji, nekutungamira mukuimbisa, kana kutoparidza mharidzo dziduku munguva yekunamata akazokura obva asvika pakusatenda Evhangeri? Pane here njodzi yekusimbisa kuti ainge asati akura, asi iye ainge achiita mabasa ekereke munzvimbo dzainamatirwa, kunyangwe ainge asina kubhabhatidzwa? Kushandisa vakomana vechidiki vasati vatendeuka mukunamata paruzhinji kunodzikisira mabasa evarume Makritsu anoparidza, kutungamira minyengetero, kutungamira mukuimbisa, kuverenga Chinyorwa paruzhinji? Kuita kurimani kudzidzisa vechidiki kuti vaverenge vachidaidzira, kutungamirira mukuimba, kutungamira mukunamata, kuparidza nekudzidzisa mushure mekunge vatenda kuEvhangeri raKritsu, nekuvavedzera mubhuku revarume Makritsu vanoita mabasa eMakritsu munguva yekunamata muruzhinji.

**Rebecca Rushmore** munyori vemabhuku *eVoice of Truth International* zvakare ari murairidzi, anogara kuCollierville, Tennessee, USA.

# MIBVUNZO YEMUBHAIBHERI

Kangani Kandinofanirwa

Kubhabhatidzwa?

**Thomas Baxley**

"Kana mukubhabhatidzwa murimo munoita kuti zvivi zviregererwe, kangani ndakafanirwa kunge ndakabhabhatidzwa? Ko ndakafanirwa kubhabhatidzwa here pose pandinenge ndatadza?" Iyi mibvunzo inovanzobvunzwa nguva nenguva, uye zvakatinakira kuti tigare tiine mhinduro dzakagadzirirwa. Mhinduro irinyore inovanikwa muna Mabasa 8, munyaya yaSimoni N'anga. Apo Firipo akaparidza shoko nekuita zviratidzo, akatendeutsa vazhinji vanosanganisira Simon, uye vose vakabhabhatidzwa (12-13). Apo Petro naJohane vakauya kuzopa chikamu chezvipo zveMweya, Simoni akaedza kutenga simba rekuti akwanise kupa kune vamwe zvipo, ndokuvira muchivi muhurongwa hwekugamuchidzwa (18-19). Petro nokuchimbidza akazivisa Simoni nokuda kwechivi chake, nokumuudza kuti ainge asingafanirwe kubhabhatidzwa zvakare kuti aregererwe asi kuti atendeuke nokunamatira kuti aregererwe (22). Kana tichinge tabhabhatidzwa muna Kritsu (VaRoma 6:4; VaGaratia 3:27) zvivi zvedu zvinoramba zvichiregererwa kana tichinge taramba tichifamba muchiedza (1 Johane 1:7).



**[Mashoko eMupepeti: Tinonzwisisa kuti kereke yeTestamente Itsva inopa mhosva kuMakritsu kuti atendeuke nekunamatira zvivi izvo vanoziva kuti vakaita, nokudaro, ropa raJesu Kritsu rinosvika pakuchenesa zvivi izvo vanavaMwari vanokwanisa kunge vasingazivi, asi kana vachinge bedzi varamba vachifamba muchiedza cheEvhangeri. ~Louis Rushmore, Mupepeti]**

**Thomas Baxley anoparidzira pakereke yaKritsu iri muHighway Nine muPiedmont, Alabama, USA.**

# NHOROONDO INECHEKUITA NEBHAIBHERI

---

## Nhoroondo neBhaibheri

### D. Gene West

Muna 1830, John Nelson Darby, mutungamiri veboka rechitendero chemuEngland rainzi "The Plymouth Brethren" vakatanga kuparidza dzidziso dzainzi *Dispensational Premillennialism*. Kuparidza kwake kwedzidziso idzi kwakapatsanura hama dzePlymouth Brethren mumapoka maviri muboka raDarby raidanwa kuti "gungano remusanganiswa," uye avo vaimupikisa vaidanwa kuti "open assembly." Darby akaparidza zvibodzwa zvake zvisihanu zve*Premillennialism* ane chidokwa chekushora fungidziro, kunyanya kumunhu aive nechimiro chakafanana nechaaiva nacho. Akamira akasindimara pamusoro penyaya dzeZvinyorwa, chimwe chacho aisatendera nhoroondo, iyo aishoora zvakanyanya, kuti ipinde muzvidzidzo zvake zveBhaibheri. Maari O.T Allis mubhuku rake *Prophecy and the Church* (p.26). rakataurwa zvinotevera: "Handitendere nhoroondo, munekuita kwose, kungaitwe mukunzwisisa chiporofita, handidi kuti nhoroondo inditaurire kuti Ninevha kana Babiloni yakatongwa kana Jerusarema kutorwa nevaGiriki." Ndipo panouya dambudziko huru mukuzama kushanda neVanhu vanorambira pamitemo yekare, vanoshuvira kuramba kuterera nhoroondo kana kutoda kugadzira dzavo nhoroondo. Havatenderi kuti nhoroondo iyo Bhaibheri pachezvaro rakanyora, kana izvo zvakaitwa nevanhu muBhaibheri. zvisina kuzomboitika. Vanozama kuita dzose nhoroondo dzemubhaibheri chiporofita cheramangwana ravo nokuti vaisatendera chero chiitiko chine chekuita nenhoroondo, kunyangwe Bhaibheri richitaura kudyidzana kuri pakati pedenga nenyika munhoroondo. Chikonzero chavanorambira, ndechekuti, kana vachinge vakabvuma izvi chiporofita chemuBhaibheri chinovika pakutaura kune marudzi ose evanhu vakawe panyika, vanoziva kuti kuita kwavo kwose kwe*Premillennialism* kunovika pakuvaremera. Chikonzero chavanoitira mutsauko pakati peTestamente Yekare neTestamente Itsva, kusiyanisa pakati pemaporofita ezvinhu zviviri izvi zvinotaridza kuti havatendere zvakaitika munhoroondo yelsaeri nedzimwe nyika dzepasirese. Kunyangwe vaisada kubvuma "....nhoroondo kuva pfungwa yakakosha mukubzwisisa chiporofita...." chinova chokwadi chiri pachena chenyaya ndechekuti munhu anikwanisa kuverenga kuzadziswa kwechiporofita kubudikidza nenhoroondo

yenyika ino dzingave dzinotyisa kana kuvaraidza. Nyika dzakatsanangurwa mubhaibheri dzakararamwa, uye dzinodyidzana nevanhu vaMwari, sezvo nhoroondo ichitaura kudaro, hazvikwanisike kurabwa nemunhu, kusanganisira maVarambi venhoroondo. Kudzidza kwavo kwezveumwari hakumatendere kubvuma kuti zvivakwa zveNineveh, Bhabhironi neJerusarema zvinorarama nokuti vanoshandisa zviporofita zvinotaura nezvekuparadzwa kwazvo nemamwe maguta, kurikuzama kutsigira ramangwana. Nokudaro, Mwari vakataura kubudikidza nemuporofita vavo vavakafuridzira Nahamu kuti Ninevha yaisoparadzwa nekusazosimukazve, uye zvakaitika. Umboo hwacho hunoonekwa kunyangwe nhasi. Bhabhironi yangove masvingo nhasi uno, haina kuzovakwazve, sekutaurwa kwazvakaitwa nemaporofita makuru akaita sana Isiya, Jeremia, naEzekeri vakataura kuti ichapfuura, uye chiporofita chakataurwa pairi hachikwanise kushandiswa kune mirairo **vekuguma kwenguva**. Munhu anokwanisa kusaita hanya nechinhwa hazvirevi kuti zvinenge zvisina kuitika! Mabatiro anoitwa nevadzidzi veBhaibheri ava nhoroondo, mukuramba kuti hazvina kubvira zvaitika. Shamwari, Mwari anodyidzana nevanhu nguva zhinji munhoroondo. Ndiyo nzira bedzi yaanodyidzana nayo. Apo valsraeri vakabudiswa munyika yeEgipita kuti vaiswe munyika iyo Mesiah aizouya, ndiko kuti nhoroondo. Apo Mwari aiva naNebuchadbezzar achiparadza muna 586 B.C. kuti akwanise kuchengeta vanhu vatsvene vakasara umo maizozvarwa Mesiah, ndiko kuti nhoroondo. Apo Jesu akasimbisa Vushe Vake panyika muna A.D. 30, ndokuti nhoroondo \_\_nhoroondo isingafi yakaparadzwa kunyangwe kangave kangani kayakasiiva. Bhaibheri, harikwanisa kusiyaniswa nenhoroondo!

**D. Gene West (1936-2018) aive muparidzi veEvhanheri zvakare murairidzi muWest Virginia School of Preaching, muMoundsville, West Virginia, USA.**

**Dananai** kereke inova irikupihwa mhosva kuti ndiro rega boka rinokuvadza matavi aro akakuvadzwa kare. Pauro anoudza maKritsu epaGaratia ***"Asi kana muchirumana nokudyana, chenjerai kuti murege kupedzana!"*** (VaGara 5:15 NKJV). Ivai vamwe muchivirirana musakwadzane.

**KUTAURA KWACECIL'S**

# MACHATI NEKUPFUPISA

---

Kalebu: Murume Vehushingi

Therman Hodge

## Mhanganyaya:

1. Kalebu ndeumwe vevamwe vemagamba elsrael.
2. Aive nekutenda nechivindi chekuteerera Mwari mukugona kwake
3. Akatanga kutaurwa munhamba 6 semumiriri verudzi rweJudha kuti anosora nyima yavainge vakavimbiswa akadzoka achirondedzera.
4. Mumwe nemumwe aifanirwa kuva mutungamiri muridzi rwake.
5. Kalebu zvirokwazvo aive mutungamiri aive nehushingi.

### I. Mosesi akatumira vasori kuCanaan (Numeri 13:18-20).

A. Mosesi akapa vasori basa rekuita.

1. Basa ravo rainge risiri rekundoona kuti kana vachindokunda nyika iyi.
2. Mwari singe aona kare ongororo iyoyo.

B. Mosesi akakurudzira vasori kuti vave vanhu vehushingi vakanaka.

1. Zvisinei, gumi pakati pevasori vakadzoka neshoko rekutya.
2. "Vanhu veko vakasimba."
3. "Maguta akakombwa."
4. Mune hofori dzevarume dzekuti tikadzitarisa tinoita sehwiza mumeso adzo.

### II. Kalebu anopa kutaura kusina kutya (Numeri 13:30-33)

A. Zvinosuruvarisa ndezvekuti vazhinji vevasori vakatyisa vanhu, vakasvika pakutya kupinda munyika iyi, kunyangwe Mwari ainge akatoipa kare kuvalsraeri (Numeri 13:2)

1. Kunze kwaJoshua naKalebu vakamira vakasimba mukurudziro yavo nekusimbisa kuti nerubatsiro rweruoko rwaMwari tinokunda tikatora nyika.

2. Kalebu anoratidza kuona kutya nekuvhunduka kwevanhu apo vaiteerera murondedzero dzevasori gumi.

3. Kalebu nenzwi rinehushingi, akavanyaradza nekuvasimbisa kuti vasave nokutya.

4. Kutenda nehushingi hwaKalebu kwakave nemusiyano nekushaikwa kwekutenda nehushingi kwevamwe vasori gumi.

B. Hupenyu hwaKalebu vakaratidza kushinga nekutenda kina Mwari.

1. Kusiya nevamwe gumi, haana kukundwa nechimiro chevagari vemukenani.

2. Aiva munhu **anovimba nokukunda**.

3. Akaona zvinhu zvimwechete zvakaonekwa nevamwe, asi akaziva kuti ndiro basa rekutenda nekumirira Mwari achaita sei.

C. Joshua naKalebu vaive varume vaivimba naMwari, vakakurudzira vanhu kundotora nyika iyi.

### **III. Kushaikwa kwekutenda kunounza kuparadzwa, zvisineivo kuvimbika kunounza mubairo (Numeri 14:1-10).**

A. Kalebu naJoshua vakatyityidzirwa mukuda kutemwa nematombo nokuti vairamba vachisimbisa kuti Valsraeri vaizondotora nyika.

1. Dambudziko revanhu ava rainge risiri rekushaiva simba asi kuti kutenda (VaHeberu 3:19).

B. Mwari akaudza ose malsraeri kuti vose vainge vadarika makore makumi maviri vaizofira vose musango umu (Numeri 14:33-37).

1. Nokuda kwekushaya kutenda nehushingi

2. Nokuda kwekukundikana kwavo kuvimba naMwari

3. Nokuda kwekutadza kutevera murayiro

C. Vakasiiva pakutonga uku ndiKalebu naJoshua (Numeri 14:38)

D. Nokuda kwekutenda nekushinga kwaKalebu akapihwa mubayiro vakakosha (Numeri 14:24).

### **IV. Kutenda kune kuteetera kumutemo chaivo nekururamisira zvinounza kukudza kukuru kunoiswa pamusoro pemunhu.**

A. Kuita uku nguva dzose kunounza pfuma hurukwazvo yenguva nekusingaperi.

B. Kuita uku kwekuvimbika kuna Mwari kunofanirwa kutitungamira munyaya duku dzehupenyu nemune dzakakura.

C. Zvinoitika bedzi kubudikidza nekuziva sekutaura kwaKalebu, kuti varume nemadzimai echokwadi anogadzirwa.



### Mhedziso:

1. Kaleb vakakumbira mubairo vake uyo Mwari akamuvimbisa kubudikidza naMosesi (Joshua 14:6-13).

2. Makritsu akafanirwa kuziva nekurangerira zvivimbiso zvaMwari.

3. Kaleb akaziva kuti kune zvizhinhi zvaaifanirwa kuita kuti akwanise kukunda nyika iyi. Akaziva kuti kunyangwe Mwari ainge akamuvimbisa kukunda, hazvaireva kuti aisabva afanirwa kurwa kana kuishandira.

4. Makritsu, saKaleb, vanofanirwa kuvimba naMwari kuva simba ravo.

5. Kaleb akaramba akatendeka kwemakore makumi mana emurenje, zvimwechetezvo seMakritsu, tinofanirwa kugara takatendeka muhupenyu hwedu hwise (Zvakazarurwa 2:10b).

6. Nhasi tinofanirwa kuziva kuti Mwari ari kurutivi rwedu, uye kuti hatifanirwe kuva nehunhu vekutya sehwi sezvakaita vasori gumi (Numeri 13:22). Vakakanganwa Mwari pachena.

**Therman Hodge muparidzi veEvangeri, zvakare ari mumishinari venguva duku munenyika dzakasiyana siyana. Anogara kuMeridian, Mississippi, USA.**

### Robison's Rubies

Nezuva rekutanga Evhangeri yaKritsu yakaparidzwa, Petro akarayira vanhu, **"Akapupura kwazvo namamwe mashoko mazhinji, akavaraira, achiti: Muzviponese parudzi urwu rwakakombama"** (Mabasa 2:40). Akazokurudzira Makritsu kuti ave **"Vasina chavanopomerwa kana kusava vanokuvadza"** chidza ku **"Kudzvongama nerudzi rwakatsauka"** (VaFiripi 2:15). Kusiya nenzwi rekutanga rechiGiriki rekuti "kudzvonga" uye "Kutsauka" zvinoteva "kushoora kuna" kana kudzvongama, kukanganiswa kana uori. Rudzi rwavo rweuori zvirokwazvo rakauraya Kritsu! Zvino nyika yekutadza yavekurwisa Kritsu, mukutya hupenyu hwakanaka hwaanopa. Zvizvarwa zvedu zvinorwisana naKritsu zvakare. Vanhu vanotaridzika kutya hupenyu hwakanaka hwanopa. Vazhinji munharaunda vanoda kudzinga Kritsu, kwete bedzi muruzhinji asi kunyangwe mundangariro dzemunhu. Ndizvo zvinoguma nekutsauka sezvazvawe, zvino **"Zviponese kubva kune kuzvizvarwa izvi zvekutsauka."**

# NYASHA DZAMWARI

Mark N. Posey

**Pfungwa:** Maonero aPauro mukufuridzirwa kweEvhangeri yeNyasha dzaMwari!

**Chinyorwa:** Mabasa 20:24

**Nziyo:** "Nyasha dzinondishamisa, dzakanakasei kunzwa dzakaponesa mutadzi seni!"

**Mhanganyaya:** Pauro anozviratidza pachezvake **sedombo** (hakuna chimwe chezvinhu izvi chingandibvisa); **akaundendi** (ndinoverenga); **mumhanyi** (ndinopedza rwendo rwangu); **mutariri** (basa randakakamuchidzwa); **chapupu** (kupupura); **kusakodzera kuvamugashiri vechipo chinokosha nekukudzwa** (Evhangeri yenyasha dzaMwari).

**Hurukuro:** Pauro ainzwisisei pamusoro penyasha?

1. **Mukaha** uripo pakati paMwari nemunhu. Pauro akaona kuti nyasha dzaMwari dzinodikanwa nokuda kwemukaha uripo pakati paMwari nemunhu, mukaha munhu asingakwanise kuvhara nekururama kwake kana kunaka kwake oga (VaRoma 3:10-12; 23:6; 23; VaEfeso 2:11-12). Mwari aive munaKritsu achiyananisa Nyika pachake (2 Vakorinte 5:17-21).

2. **Chipo** chaMwari kuvanhu. Pauro anotaridza nyasha sechipo (1 Vakorinte 15:10; VaEfeso 2:8; VaRoma 5:15;17). Akatenda Mwari nokuda kwe"zvisingataurike" (*anekdiegetos* - zvisingatsanangurike) chipo. Chipo chaMwari chisingatsanangurike ndiJesu, chipo chikuru chisina kubvira chambopihwa kana kugachidzwa. Kutaura kwaPauro kunopindura chirevo chikuru chichimwe cheChinyorwa chinodikanwa muShoko raMwari-Johane 3:16.

3. **Pfuma** yevanhu kubva kuna Mwari. Zvimwe zvipo zvinopihwa asi zvinenge zviri zvehukoshi kuduku, asi handizvo nenyasha. Mugashiri venyasha dzeKudenga anogamuchira dzakawanda uye zvipo zvizhinji zvinodanwa kuti hupenyu husingaperi (1 Vakorinte 1:13-15; 1 Petro 3:7b). Cherechedza nzvimbo chaiyo yepfuma zvichifambidzana nenyasha: **upenyu** (VaRoma 5: 17); **fuma** (2 Vakotinte 8:9; VaEfeso 1:7; 2:7), **Ruponeso**, (Titus 2:11; 2 Timoti 1:9), **kunyaradzwa kusingaperi** uye **tarisiro yakanaka** (2 VaTesaronika 2:16; VaFiripi 1:21-23) , uye **nemikana** yekushandira Tenzi vedu (VaEfeso 3:2,7-8; 1 Timoti 2:7). Nyasha "akazviratidza" (*epiphaino* kubva *epí* = pamusoro + *phaíno* = kupenya, Chirungu = *epiphany*)- kupenya pamusoro

uye nekuoneka nekucheneswa kana mukuratidzwa.

4. **Zvakakwana** kuvanhu vose kubva kunaMwari. Webster akatsanangura "*gamut*" se, "sekutedzana" Ndiko kupihwa kunoitwa nyasha dzaMwari kuvanhu vose (Tito 2:11; 1 Timoti 2:4; 2 Vakorinte 5:15; VaHeberu 2:9; 1 Johane 2:2; Zvakazarurwa 22:17). Nyasha dzaMwari dzinoshamisa, netsitsi, netsigiro uye nerudo zvinotsanangurwa naPauro muna VaEfeso 3:18. **dzakafaranuka** zvakakwana kubatanidza munhu vese, **dzakareba** zvakakwana kuti dzikwanise kurarama kusvika kusingaperi, **dzakadzika** zvakafanira kuti dzisvike kunemitadzi vekupedzisira, uye **dzakareba** zvakakwana zvekukwanisa kutisvitsa Kudenga.

5. **Kugadzirisa** kwaMwari kumunhu. Nyasha dzaMwari dzinotidzisa kurarama "**tirame nokungwara, nokururama, nokunamata Mwari panguva ino**" (Tito 2:12; tarisa zvakare 2 Petro 3:18; 1 Petro 2:2). Nyasha dziripo kusaita mukuomeserana ("*vachiramba*") uye kuzivisa ("*mararamiro atinofanirwa kurarama*") mukurarama zvinoitika kwose kune zvakanaka nezvakashata mukutidzidzisa kuti tingararama sei.

**Mhedziso:** Manzwi aPauro anotisimudzira. "*Zvino hama dzangu ndinokuisai kunaShe, neshoko renyasha dzake, iye unesimba rokukuvakisai, nokukupai nhaka pakati pavakaitwa vatsvene vose.*" (Mabasa 20:32). Nyasha dzaMwari dzinoshamisa.

**Mark N. Posey** Mufundisi muKereke yaKritsu muWinfield, Alabama, USA.



House to House  
Heart to Heart

Netumapeni paimba yega yega munokwanisa kushambadza Evhangeri muguta renyu kubudikidza nedzidziso idzi dzinovanikwa mwedzi voga voga. Dzinokwaniswa kutoitwa zvekereke yenyu mukupa adhiresi kana nhau. Fonai: : 256-435-9356; email: [info@jvillecoc.org](mailto:info@jvillecoc.org); Website: [www.HousetoHouse.com](http://www.HousetoHouse.com).



**Urikutsvaka here** mukana vekuwe bazi, rinobereka zvibereko kuna Mwari? **Vadzidzisi veBhaibheri Vepasi Rose** vane mukana uyu.

Dai vafonera WBS kuhofisi yavo (512-3458190) or email [wbsinfo@wbschool.org](mailto:wbsinfo@wbschool.org) kuti munzve zvizhinji. Tora nguva yako yekutsvaka mweya!

# ZVIREVO 17:22

---



Kwemwedzi mitatu vachienda kundogara mubhenji remupaki vachitaura (chii chimwe?) kuti vana vavo vanovada zvakadii.

Sadie akati, "Unoziva here chipendwa chaChagall chakaturikwa mukamuri yandinogara? Mwana vangu mukomana, Arnold, ndiye akanditengera pamakorokoto angu emakore makumi manomwe nemashanu. Mukomana akanaka uye anoda amai vake." Minnie akati, "Ndiro raunoti rudo iroro? Unoziva here Eldorado Cadillac yandakanga ndinayo musi vezuva ranaMai? Yakabva kuneMwana vangu Bernie. Mudhori vakanaka" Shirley ndokuti, "Hapana zvechinhu apo. Unoziva here mwana mukomana vangu Stanley? Anoona psychoanalyst mupaki kanokwana kuita kashanu pavhiki, uye unofunga kuti anenge achitaura nezveyi. Nezvanguka!"



Ndege hurusa inotakura vanhu yainge ichibururuka ichidarika nekuAtlatic yairamba ichibhururu zve500mph uye zvamafiti 35 , 000, apo pasina chinguva F-22 Raptor yakapindira. Muchairi vejete iyi akadzora mafambiro nendenge paduze neMhempobhazi ndokukwazisa muchairi vedenge iyi newairesi: "Mhempobhazi, rinobhohwa kubhururuka naro handi? Chenjerera uye tarisa kuno!" Akafambisa jete yake pamusana payo achiimhanyisa nokukurumidza, achiita ruzha ndokusimuka nokukurumidza kuenda kudenga denga, akazodzikira pasi zvekisvika pedyo negungwa achitura mafemo ekusvetuka. Akadzoka zvakare pedyo nendenge ndokundobvunza kuti "Apo zvazvakamirasei?" Muchairi vendenge akapindura akati "zvange zvichifadza zvakanyanya, asi zvino tarisa kuno!" Muchairi vejete akatarisa ndenge asi hapana chakaitika. Yakaramba ichibhururuka zvekusvotesa ichienda yakananga nekufamba kumwechete kwayaita kwekusamhanya. Mushure memaminitsi mashanu, muchairi vendenge akataura newairesi "akati apo unechekutaura here?" Muchairi vejete akavhiringidzika, ndokubvunza. "Ko vaita sei chinoshamisa chandingataura? Akamuseka ndokuti, "Ndasumuka ndikambosvatanudza makumbo angu, ndikaenda kumashure kwendenge kundogeza, ndikagadzira putugadzike ndikatonwa nekakeke kangu."

Muzvinabhisimusi vemunharaunda arikutsvakavo mushandi. Meneja akaisa chiratidzo chakanyorwa pahwindo chaiti: "TIRIKUTSVAGAWO MISHANDI Anofanirwa kunge achigona kunyora, anofanirwa kunge achigona kombiyuta, anofanirwa kunge achiziva mitauro miviri. Tiri boka Rinoenzanisa Mukana veVashandi." Muchinguva chidiki chakatevera, imbwa yakajambira pahwindo yakaona chiziviso ichi ndokupinda mukati. yakatarisa kune mugashiri ichitambisa muswe vayo. yakabva yafamba ichienda kwaive nechiziviso ndokuchitarisa ichichemerera. Mukunzwisisa zvaidikanwa nebwa mugashiri akaitarisa akashamisika zvekushaya chekutura. Nokudaro imbwa yakamutarisavo mukuda rubatsiro ndokuiperekedza kuhofisi yamaneja. Vave mukati, imbwa yakajambira pachigaro ndokutarisa kuna maneja. Maneja akati handikwanise kukupa pasa nokuti chiziviso chinoti vakafanira kugona kunyora" Imbwa yakaburikira pasi ndokuenda pakombiyuta ndokundonyora ndokuenderera mberi ichinyora manzwi akanaka. ndokutora bhebha rayainge ranyora ndokuenda naro kunamaneja ndokumupa iyo



ndokujambirazve pachigaro. Maneja akashamisika, akaudza imbwa kuti "Chiziviso chinoti unofanirwa uchigona kushandisa Kombiyuta" Imbwa yakaburukira kukombiyuta ikaisa hurongwa hwakanaka hwakatanga kutoshanda kekutanga hwaaisaziva. Panguva iyi maneja akashaya neremutomo! Ndokutarisa imbwa ndokuti, "Ndaona kuti uri Imbwa yakachenjera inenjere dzakapinza. Zvisinei **handikwanise** kukupa basa." Imbwa yakajambira pasi ndokuenda painge pane chiratidzo ndokunongedzera nenzwara painge pakanyorwa kuti Tinoenzanisa Mukana Kuvashandi. Maneja akabva ati "ichokwadi asi chiratidzo chirikuti unofanirwa kutaura mitauro miviri." Imbwa yakatarisa kunamaneja zvakadzikama ndokuti "Nyeeuu"



Mufundisi vechiJudha nemupirisita veKatoriki vakasangana muguta kupikiniki yaisoitwa gore negore. Seshamwari vakatanga kutaura vose vachifara. "Chikafu ichi chirikunaka." mupirisita akaseka mufundisi "Vaisafanirwa kuchidya zvirokwazvo. Nokuti ndinoziva kuti hachitenderwe nechitendero chako. Hausati vatanga kurarama kusvika vadya chikafu chaMrs Frobisher's chinotengeswa kuVirginia. Ndiudze mufundisi ndirini pauchaenda kundochidya?" Mufundisi akatarisa mupirisita mukubhoekana ndokuti "Musi vauchandochata."

## UNOZVIONA SEI?

- ★ Rudo ngarurege kuva nokunyengera.
- ★ Vengai zvakaipa; namatirai zvakanaka.
- ★ Kana ruri rudo pakati pavatendi, danai norudo rukuru;
- ★ pakukudzana tungamiriranai, regai kuva novusimbe pakushingaira;
- ★ pisai pamweya;
- ★ batirai Ishe;
- ★ farai patariro;
- ★ tsungirirai pakutambudzika;
- ★ rambai muchinyengetera;
- ★ govanai navatsvene pakushaiwa kwavo;
- ★ itirai vaeni rudo.
- ★ Ropafadzai vanokutambudzai; ropafadzai, musatuka.
- ★ Farai navanofara; chemai navanochema.
- ★ Ivai nomoyo mumwe pakati penyu.
- ★ Musatsvaka zvinorumbidzwa, asi mufambidzane navanozvininipisa. Musati pamoyo yenyu makachenjera.
- ★ Musatsiva munhu chakaipa kana akakuitirai chakaipa. Tsvakai zvakarurama pamberi pavanhu vose.
- ★ Kana zwichibvira, pamunogona napo, ivai norugare navanhu vose.

Musatsiva, vadikanwa, asi munzvenge kutsamwa; nokuti kwakanyorwa, kuchinzi: kutsiva ndokwangu, ini ndicharipira ndizvo zvinoreva Ishe.

CHERECHEDZA

BHAIBHERI

RAKO



## Chakavanzika ChaMwari

Vanhu vazhinji vanotsananguta inzwi "zvakananzika" sechinhu chisinganzwisika kana chinhu chakafukidzirwa chinonetsa kunzwisisa chinoreva zvakanwanda.

Zvisinei, Bhaibheri rinotsanangura "zvakananzika" sezvinhu zvakananzika kana chakananzika (kunyangwe zano riripo) asi kumberi zvinozobudiswa pachena. Pane zvinhu zvakanziwa zvakananzika asi kana zvisinakunyatsobudiswa pachena muTestamente Yekare maererano neruponeso rwemunhu rwakazounzwa pachena - zvakanbudiswa zvakanwanda muTestamente Itsva. "Zvakananzika zvaMwari" unova musoro venyanya yeTestamente Itsva. Chii chakananzika ichi? Ngativhurei Bhaibheri kuti tikwanise kuona zvinyorwa zvechidzidzo ichi kuti tione kukosha kwechidzidzo ichi.

1. Ndichatanga nekutarisa kuna **Dhaneri 12**. Verenga chikamu chose muchinyorwa vonyora kunze kwendima 4-9, "**Chirevo chakazara chechiporofita chakananzika kubva muna Dhaneri (zvakanharwa/ zvakanamwa); zvakanadzika zvakanatidzwa zvakanwanda muTestamente Itsva (tarisa 1 Vakorinte 2)**

2. Vhura kuna Vakorinte 2 utarise mundima 6-13, "**Chakananzika chisati charatidzwa neMweya Mutsvene kubudikidza nevaapostora, vanhu vaisaziva kugosha keEvhangeri (tarisa VaRoma 11-25).**" Zvakare, ungada kucherechedza 1 Vakorinte 1:18-25 zvichienda mberi muchikamu 2 muchinyorwa.

3. Muna VaRoma 11 (zvakanare verenga chinyorwa chose apa) unyore, "**Pauro aisada kuti vasave vanoshaya hanya nokuda kwezvakananzika (tarisa VaEfeso 6:19).**" Cherechedza zvakanare Vakorose 2:2, -zvakananzika zvinonzwisika.

4. Vhura kuVaEfeso 6, ucherechedze, "**Pauro unonamata kuti ataure neushingi zvakananzika izvi (tarisa 3:3-7).**" Cherechedza zvakanare vakorose 1:24-29 uye 4:3 - zvakananzika zvinoparidzwa.

5. Pana VaEfeso 3, nyora, "**Zvakananzika zvinotsanangurwa - ndima 6 - vaJudha nevaGiriki MUMUVIRI mumwe! (tarisa 1:7-14).**"

6. Enda kuchikamu chekutanga muna VaEfeso ucherechedze zvinotevera, "**Zvakananzika**







## Rebecca Rushmore

1. Ndiyani Pauro akataura kuti mushumiri akatendeka vaKritsu kukereke yepaKorose?
2. Ndiani akasika zvinhu zvose?
3. Ndeapi mamwe maguta Pauro akaona achirwiswa mukurwiswa kukuru?
4. Kritsu akabvisa sei "runyorwa rwaidikanwa?"
5. Kritsu aripi?
6. Sei Makritsu achiregerera mamwe Makritsu?
7. Sei anababa vachinzvenga kukanganisira vana vavo?
8. Ndiani Pauro akataura kuti aizomutumira kuKorose?
9. Muimba yaani umo kereke yaisangana?
10. Kereke yepakorose yakarairwa kugoverana mwadhi nekereke yemuguta ripi?

(mhinduro dziriku mukati mekavha yekunze)



Kumanyidzana

kwemanzwi

eBhaibheri

Rebecca Rushmore

Nyora inzwi rekutanga reinzwi regarega rakataridzwa mundima iripazasi.

Zvino, chiisa manzwi aya muurongwa kuti uone musoro vendima.

\_\_\_\_\_

Mateo 7:7 inzwi rechisere \_\_\_\_\_

Mateo 7:8 inzwi rechishanu \_\_\_\_\_

VaFiripi 4:6 inzwi reguminematanhatu \_\_\_\_\_

1 Timoti 2:1 inzwi rechitatu \_\_\_\_\_

1 Timoti 2:2 inzwi regumi nematanhatu \_\_\_\_\_

1 Johane 5:14 inzwi reguminematanhatu \_\_\_\_\_

**Zvinyorwa zveBhaibheri: New King James (NKJV)**

**(tarisa mukati mekava yekumashure)**

# KUBVA PAMOYO PE

---

## MIBVUNZO YANDIINAYO

## PAMUSORO PEBHUKU

## REMORMON, CHIKAMU 1.

**Shane Fisher**

Bhuku remaMormon (pano tichariti BOM) rinotaurwa kuva rimwe remabhuku akafuridzirwa naMwari, mukuvedzera kune Bhaibheri. Kana BOM rakabva kunaMwari, zvoreva takafanirwa kurigamuchira. Zvisinei,, kana risina kubva kunaMwari rakafanirwa kurambwa. Takafanirwa kuita sevaBerea mukutsvakurudza kuti zvinhu izvi zvingava zvechokwadi here kana Manyepo (Mabasa 17:10-12). Ndakaverenga pairi kakati vande ndikava nemibvunzo kumaLatter Day-Saints. Chivimbo changu kuti hama dzichasvika mukushandisa mibvunzo iyi sematurusi ekushandisa mukubatsira vatendi veLatter Day-Saints kuti vaue kuchokwadi chaMwari (Johane 8:31-32).

1. Sei Mwari akasarudza kuzviratidza pachena kuna kuna Joseph Smith veBOM munguva ya Elizabeth English pane munguva yemakore emazana -English (munguva iyo akararama)?

2. Nyaya yacho inotangira pana Lehi, muJudha, aigara kuJerusarema, munguva yekutonga kwaZedekia, mambo vemuJudha (1 Nephi 1:2-4). Zvinotaurwa kuti rudzi rwaLehi rwainge rakadzidza mutauo vekuEgipita (1 Nephi 3:19). Sei ainge akadzidza mutauo verurimi rwevagari vemuEgipita? Sei vakanyora zvinyorwa mururimi rwechiEgipita pane kuti dai vakashandisa mutauo vechiHeberu kuvaHeburu. Ichi ndicho chikonzero chakapihwa mumaMormon 9:32-33 (401-423 A.D.): "Uye, nazvino, zvirokwazvo, takakunyorera izvi maererano neruzivo rwedu, nokuda kwemaitiro edu akadanwa kudzorwa kwevaEgipita, vakazvika pakudzikisirwa pasi nekuitwa kwakachinjwa nesu, maringe nemaitiro edu mukutaura. Uye kana mandiro edu akakura zvinokwana, taifanirwa kunge takanyora muchiHeberu; asi maHeberu vakadzikisirwa

nesu zvakare; uye pada dai takanyora muchiHeberu, zvirokwazvo tinenge tisisina kutendeka muzvinyorwa zvedu. Asi Ishe Mwari vedu anoziva zvinhu zvatinenge tanyora, uye nekuti hakuna vamwe vanhu vanoziva rurimi rwedu; uye nokuda kwekudaro hakuna vamwe vanhu vanoziva rurimi rwedu, naizvovo, ngatigadzirire maitiro atingaite mukuridudzira" (emp. mine). Ndizvo here kuti Maroni anoriti harina kukwana sezvo risina kunyorwa nechiHeberu? Kana zvirizvo, zvinopindirana sei nekufuridzirwa kwechokwadi kunoda kusakanganiswa sezvo Mwari ari munyori vezvakakwana (Johane 10:35, Tito 1:2)? Mukuenderera mberi, MaNephites matatu (akararama mumakore ekutanga ezana A.D.) vaifanirwa kusanonoka panyika mukufambisa basa kusvikira mukudzoka kwaJesu Kritsu kechipiri (tarisa Mormon 8,10,11; Ether 12:7; 3 Nephi 28:4-10). Sei vasina kuudzwa kwainge kwakavigwa zvinyorwa uye sei Mwari asina kuvapa basa rekushandura zvinyorwa zvekudzorwa kweEgipita? Sei vaimirira kudzoka kwaJoseph Smith, Jr. kwemakore 1,400?

3. Kana zvizvarwa zveAmerica zvakatangira kubva kumaLamanite, sei izvi zvizvarwa zvemuAmerica zvakanyora kana kutaura nemutauro vechiEgipita mutauro vaine vadzidziswa kwavari?

4. Tinodzidza zvakare kuti Lehi muporofita akafanotaura zvekuparadzwa kweJerusarema nemaBhabhironi (1 Nephi 1:4). Mwari vakaudza Lehi muhope kuti atore mhuri yake kubuda muguta nokuti kwaive nemaJudha aitsvaka kumuuraya (1 Nephi 2:1) utizire murenje. 1 Nephi 2:4-5 inoti, "Yakasvika nguva **iyi akaenda murenje. Akasiya imba yake, neminda yenhaka** (emp. mine), negoridhe rake, nesirivheri rake, uye nezvimwe zvinhu zvakakosha, uye haana chinhu chaakabuda nacho, kunze kwemhuri yake bedzi, mbuva, matende ndokuenda kurenje. Akadzika nemumiganhu yaive pedyo nemahombekombe eGungwa Dzvuku. Ndokuenda murenje riri kumahombekombe kwemuganhu pedyo negungwa dzuku..." Mumwe mutsvakurudzi vemaLDS akaona Wadi Tayyib al-Ismsenzvimbo yerwizi rweLaman (1 Nephi 2:8-10) [Potter 1999]. Kubva kuJerusarema kuenda kumukaha veAqaba, mufambo unokwanisa kusvika kana kudarika mamaira 155. Kubva ipapo kuenda kuWadi Tayyib al-Ismsmamaira anokwamisa kusvika kana kudarika 74. Ndiko kuti mamaera 229, munzira imwe! Kutsanangura kunoenderera mberi Mwari achiuya kuLehi muhope muna 1 Nephi 3:2-4, "Uye pane nguva akataura kwandiri, achiti: Tarira ndarota chiroto, umo Ishe andiraira kuti **iwe nehama dzako mudzokere kuJerusarema** (emp. mine). Nokuti, tarirai Labani ane zvinyorwa zvemaJudha uye zvakare dzinza remadzibaba angu, uye vakavezva pamusoro pemandiro endarira. Nokudaro, Ishe andiraira kunewe nevakoma vako kuti muende kumba kwaLabani, kundotsvaka zvinyorwa, nekudzika nazvo kuno kurenje." Ko sei

Ishe asina kuraira Lehi kudzosa mandiro endarira muJerusarema **zvisati** zvabudiswa kuenda murenje (1 Nephi 2:1-6; 3:1-10)?

5. Muna 2 Madzimambo 24:1-18, Bhaibhiri rakatsanangura, *"Nenguva iyo varanda vaNebhukadhinezari mambo weBhabhironi, vakasvika Jerusaremu, vakakomba guta. Nebhukadhinezari mambo weBhabhironi, akasvika paguta, varanda vake vakarikomba. Zvino Jehoyakini mambo waJudha akabudira kuna mambo weBhabhironi, iye namai vake, navaranda vake, namachinda ake, navatariri vake; mambo weBhabhironi akamubata negore rorusero rokubata kwake ushe. Akaenda nefuma yose yeimba yaJehovha, nefuma yeimba yamambo, akatema-tema nhumbi dzose dzendarama dzakanga dzaitwa naSoromoni mambo welsiraeri mutemberi yaJehovha, sezvakanga zvataurwa naJehovha. Akatapa vose veJerusaremu, namachinda ose, nemhare dzose, vatapwa vanezvuru zvine gumi, nemhizha dzose navapfuri vose; **hakuna vakasara, asi vanhu varombo venyika**. Akatapawo Jehoyakini, akamuisa Bhabhironi; namai vamambo, navakadzi vamambo, navatariri vake, navakuru venyika, akavatapa paJerusaremu akavaisa Bhabhironi. Varume vose vaiva nesimba vane zviuru zvinomwe, nemhizha, navapfuri vane gumi ramazana, ava vose vaiva nesimba vaigona kurwa, mambo weBhabhironi wakavatapa, akavaisa Bhabhironi. Mambo weBhabhironi akaita Matania babamunini vaJehoyakimu, mambo panzvimbo yake, akashandura zita rake, akamutumidza Zedhekiya. Zedhekiya mambo wokupedzisira waJudha Zedhekiya wakatanga kubata ushe ava namakore makumi maviri nerimwe; akabata ushe paJerusaremu makore gumi nerimwe. Zita ramai vake rakanga riri Hamitari mukunda waJeremiya weRibhina."*

Chiitiko ichi cheBOM chinofungidzirwa kuti chakaitika mugore rekutanga raMambo Zedekia (1 Nephi 1:4). **mushure** meMadzimambo vechipiri 24:1018, sekuru vaNephi, Labani vaive vakapfuma nokuti vaive nehupfumi. I Nephi 4:20 inotaura kuti, "Uye mushure mekunge ndaita izvi, ndakaenda kwaive **kuine hupfumi hwaLabani** (emp. mine), tarirai, ndakaona muranda vaLabani ainge aine makiyi epfuma. Ndakamuraira, iye muinzwi raLabani, kuti aifanirwa kuenda neni kwaive nepfuma." Sei asina kutorwa kuiswa kuhusungwa? Bhaibheri rinotsanangura kuti varombo venyika iyi ndivo bedzi vakasara. Ko sei Labani akasiiva?

(6) Muna 1 Nephi 2:4 inotsanangura, "Uye yakati yasvika nguva yekuti iye [Lehi-SF] ayende murenje. Uye iye, **akasiya imba yake, neminda yenhaka** (emp. mine), negoridhe rake nesirivheri, nezvinhu zvake zvaikosha ...." Apo nemadzikoma ake vakadzoka kuna Lehi, vakaratidza Lehi mandiro emadzinza, uye Lehi akacherechedza akaona ari muzukuru vaJosefa (achibva kuna Manase - 1 Nephi 5:14; tarisa Alma 10:3). Sei Lehi - muJudha ainge akagara hupenyu hwake

hwese muJerusarema (aisaziva dzinza rake? Akaziva sei kuti minda yenhaka yainge iri yake, kuti yainge iri minda yake kana ainge asingazivi dzinza rake? Chingu chainge chakakosha mulsaeri kuziva rudzi rwako. **Chekutanga**, rudzi rweya rweya rakapihwa nhaka yaro (Joshua 21-22). Kumulsaeri kuti akwanise kuvaniswa nhaka yemunda mukati merudzi aifanirwa kunge aine umboo (kuratidza rudzi) kuti anobva kunerudzi rwupi. **Chechipiri**, rudzi rwainge rwakakosha nokuti ndiro raiita kuti pasave nemurume asiri verudzi rwechiJudha aizoshanda semupirisita (Numeri 3:8-15). **Cechitatu**, madzinza aichengetedzwa akanyatsonyorwa pasi kuitira kucherechedza rudzi rwaMesiah aizouya kubva kurudzi rwaDavidhi (2 Sameri 7:12-14; Mateo 1; 22:42).

(7) 1 Nephi 4:38; 10-14a inoti, "Uye yakasvika nguva iyo [Nephi, Sam, Laman, Lemuel - SF] tichatora mandiro endarira nemuranda vaLabani, nekuenda naye murenje, nekundogara mutende yababa venyu... baba vangu, Lehi, akatora zvinyorwa zvainge zvakavigwa pamusoro pendiro yendarira, uye aidzitsvika kubva pakutanga. Uye anoti akaona pakarongwa mabhuku mashanu aMosesi, aipa nyaya yekusikwa kwenyika, uye Adhamu naEva, vanova vabereki vedu vekutanga. Zvakare zvinyorwa zvemaJudha kubva pakutanga kunyangwe kudzika kusvika mukutanga kwekutonga kwaZedekia, mambo veJudha; Uye zvakare kuporofita kwemuporofita mutsvene, kubva pakutanga kunyangwe mukudzika kusvika mukutanga kwekutonga kwaZedekia; iye nevamwe vaporofita vakataurwa nemuromo vaJeremiya. Uye ichasvika nguva yekuti baba vangu Lehi, zvakare akaona pamusoro pendiro yendarira, dzinza remadzibaba ake, avo vaaiziva zvakare kuti vainge vari vedzinza raJosefa." Hazvisi zvinyorwa zvizhinji here izvi zvaitoda mandiro mazhinji endarira?

(8) 1 Nephi 4:22-26 inoti, "Uye iye [Zoram – muranda vaLaban's, - SF] taura neni [Nephi - SF] pamusoro pevatariri vemaJudha, achiziva kuti tenzi vake, Labani, ainge ari panze pakati pavo munguva dzemanheru. Uye ndakataura naye sokunge ndiye Labani. **Uye ndakataurazve kwaari kuti ndaifanirwa kutakura zvivezva zvainge zviri pamusoro pendiro dzendarira, kune hamadzangu dzikuru, idzo dzisina zvimiro** (emp. mine), uye kuti ndinoraira iye kuti akafanirwa kunditevera. **Uye akafunga kuti aitaure nehama dzemukereke** (emp. mine), uye kuti ndini chaiye Labani uya akauraiva, saizvozvo vakanditevera." Zvirokwazvo tingatarisira munhu mumwechete - Nephi - kutakura ndiro dzose idzo kubuda nadzo muguta reJerusarema? Ko Nephi vairevei paakati hama dzemukereke?"

(9) 1 Nephi 5:17-19 inoti, "Uye zvino apo baba vangu [Lehi - SF] vakaona zvinhu zvose izvi, vakazadzwa neMweya, vakatanga kuporofita pamusoro perudzi rwavo. **Naizvozvo, vakataura**



**kuti ndiro idzi dzendarira hadzaizo parara** (emp. mine); kana kusazodzimika kana kusazoonekwa nekuda kwekufamba kwenguva, uye akaporofita zvinhu zvizhinji pamusoro perudzi rwake." Aripa mandiri ayo endarira asingadzimike kana kuparara nhasi uno?

(10) Maererano ne1 Nephi 7:1-5, Nephi nehama dzake vanorairwa kuenda kuJerusarema kechipiri kundotsvaka vakadzi kuti vakwanise kukudza mhuri munyika yavainge vavimbiswa. Sei Mwari asina kuraira Nephi neboka rake kuti vaite basa iri apo vainge vachiri kuJerusarema pakutanga? Rangarira kuti nderimwe rwendo rwaisvika mamaera 400.

(11) 1 Nephi 7:22-8:2 inoti, "Uye ichasvika nguva yekuti tichaenda kutende rababa vedu. Uye mushure mekunge ini nehama dzangu neimba yose yalshmaeri yadzikira kutende rababa vangu, vachapa kutenda kuna Ishe Mwari vavo; uye vachapa zvipiriso nekupisa zvinonhuvira kwaari. Uye ichasvika nguva yekuti tichaunganidza pamwe pesa dzemarudzi ose etsanga, nembesa dzemarudzi ose emichero. **Uye ichazvika nguva apo baba vangu vachamirira vari murenje** (emp. mine) akataura kwatiri ..." Zvinokwanisika sei kuti Nephi neboka rake "vakaunganidza pamwechete mhando dzose dzembesa dzemarudzi ose" dzose dzetsanga nedzemichero murenje?

(12) Sei Lehi akabudisa zvakavanzika zvaKritsu zvisati zvisati zvasvika pakuziikanwa maererano nemuapostora Pauro mumakore zana A.D. (VaEfeso 3:1-7; Vakorose 1:24-2:6; 1 Vakorinte 2:7-8; VaRoma 16:25-27)? Lehi "anoporofita" muna 1 Nephi 10:11-14 (**rinofungidzirwa kuti rakanyorwa pakatipa 600-570 B.C.**): "Uye ichasvika nguva iyo apo baba vangu vachataura manzwi aya vakataura nehamadzangu pamusoro peEvhangeri rakafanirwa kuparidzwa pakati pemaJudha, uye pamusoro pekugara kwemaJudha mukusatenda. Uye mushure mekunge vauraya Mesiah, aizouya, uye mushure mekunge achinge auraiwa aizomuka kubva kuvakafa, nekuzozviratidza pachena, kubudikidza neMweya Mutsvene, kumaGiriki. Kunyangwe nazvino baba vangu varikutaura zvizhinji pamusoro pemaGiriki, uye zvakare pamusoro pemba yelsraeri, kuti vakafanirwa kuenzaniswa nomuti vemuorivhi, unemabazi ayo anodamburwa nekusvika pakupararidzwa pamusoro peminda dzose dzenyika. Naizvozvo, anoti takafanirwa kuita sokudaro, tinofanirwa kutungamirwa sokudaro kuenda kunyika yatakavimbiswa, mukuzadzisa inzwi ralshe, kuti takafanirwa kunge takapararira nenyika. Mushure mekunge imba yalsraeri yaparadzirwa, yaizounganidzwa pamwechete zvakare; kana, mune zvakanaka, mushure mekunge vaGiriki vagamuchidzwa kuzara kweEvhangeri, mamiriro akaita matavi emuti vemuorivhi, kana vagari verudzi rwelsraeri vanofanirwa kubatanidzwa kana kuuya kuruzivo rwaMesiah vechokwadi, Ishe vavo uye Muponesi?

Gary Summers akazvitaure zvakanaka. Bhaibheri rakataura kuti kune zvimwe zvinhu zvisina kuziviswa kusvikira Jesu nevapostora vazvivizisa. Tinofanirwa kurangarira kuti kunyangwe vaporofita vakataura nezvezvinhu zvaizouya, vaisazvinzwisisa. Vaitsvaka nokushingaira mukuzama kuona KANA zvinhu zvavakaporofita zvakazadziwa here, zvimwechete nemanzwi avo "aimirira" (1 Petro 1:10-11). Vaipupura pamberipawo kutambudzika kwaKritsu, asi havana kunzwisisa shoko ravo (1 Petro 1:12). Zvino tinotsanangura sei kuti Bhuku reMormon rinopa muchidimbu hurongwa hwose hweruponeso, kunyangwe kuparidza "kukanganirwa kwezvivi" (kutsanangura kunoshandiswa bedzi muTestamente Itsva)? (Summers 413) nharo dzimwechete dzinokwaniswa kushandiswa kune zvimwe zvikamu zveBOM.

(13) Nephi akapa chiratidzo cheramangwana chainge chapihwa kwavari naMwari. Ainge aona Jesu achizozvarwa nemhandara (1 Nephi 11:19-21), achizobhabhatidzwa naJohane (11:27), nezvishamiso Aizoita (11:31), kuroverwa (11:33), nezvimwe zvizhinji. Mukuenderera mberi mukufamba kwaiita nguva, Nephi akaona "pakati penyika dzemaGiriki kuumbwa kwekereke ikuru... kereke yaisadikana" (1 Nephi 13:4, 6). Ndiyani mukuru uyu nekereke yaisadikana? Chimiro chayo chinokwanisa kunzwisiswa maringe nekutaurwa kwadarika "muuporofita." **Chekutanga**, Nephi akafanotaura nezve "murume pakati pevaGiriki, achange akabviswa kubva pambeu yehama dzangu nebvura zhinji, kunyangwe mumbeu yehama dzangu, vari munyika yechivimbiso" (1 Nephi 13:12). Izvi zvakaziikanwa se*Christopher Columbus*. **Chechipiri**, ndima 17-19 akafanotaura pamusoro pehondo yechimurenga kuAmerica (1775-1783). "kereke huru uye yaisadikana" yaifanirwa kunge yakatangwa dzimwe nguva mushure memakore anezana A.D. nokuda kwenyaya inoonekwa muna 3 Nephi kuti mushure mekunge Jesu akwira (Mabasa 1:9-11) Akaburukira kuAmerica uye nekuzviratidza kuna Nephites. Jesu akagadza vaapostora gumi nevaviri kuAmerica (1 Nephi 12:6-10; 3 Nephi 19:1-30). Nokudaro "kereke huru yekusadikana" yaifanirwa kunge yakatangwa muna pakati pemakore echipiri neregumi nemana emakore emazana. Izvi zvinokwanisa zvichinge zvichiratidza kuRoma Katoriki kana kumwe kutsauka kuzhinji kwakaitwa pakutenda. LDS yekutanga inotsanangura kuti yaive Roma Katoriki apo kereke yeLDS yazvino inotsanangura kuti kutsauka pakutenda kwakaitwa neruzhinji. Chero kumwe kutauta, cherechedza kuti "ikuru uye kereke yaisatenderwa": "[yainge] vakatora kubvisa paevhangeri yegwayana, nzira zhinji dzakachena uye nekukosha; uye zvibvumirano zvizhinji zvalshe zvavainge vakatora" (1 Nephi 13:26). Ko Roma Katoriki nekumwe kutsauka kuzhinji tingati kwakaoresa Zvinyorwa? Kupi uye rini huori uyu hwakaitika munhoroondo yeku yekufamba kwazo? Tine zviuru nezviuru zvezvinyorwa zveTestamente Itsva uye kana umboo hwekunyoresa rime rerimwe rezvidzidzo. BOM inotaura nhema

dzakadzika dzisingakwanise kutsigira kutaura kwayo! Zvoreva kuti haina kufuridzirwa naMwari!

(14) Ndezvipi "zvinhu zvakakosha" zvemuBhaibheri zvakabvisva nokuda kwehuori nekubuda pakutenda? Ndechipi chokwadi chakakosha chakaraidzwa neBOM chisina kubvira charaidzwa neBhaibheri kuti **"zvirokwazvo dzidzisai vanhu mabasa ose akanaka"** (2 Timoti 3:17)? Yaive here: (a) Kuvepo, Rusunguko, kuzviriritira, kumagumo nekusingaperi kuva unoziiikanwa saMwari, (b) Utatu, (c) mweya vemunhu neunzenza vake, (d) ngirozi, (e) rusununguko rwekuzviitira, (f) mutemo vetsika unotiraidza zvakanaka nezvakaipa, (g) chiyero chechokwadi chinoraidza chinonzi chokwadi nenhema, (h) kuzvidavirira nekuzvimiririra pabasa raMwari, (i) Zuva rekutongwa nemubairo kunevakatendeka nemutongo kune vakasarurama, (j) kutungamirira kwaMwari, (k) kuzarurwa kweminamoto, (k) chiraidzo kubva kuna Mwari, icho munhu asina kuwana kunze kwekunge Mwari achida kuti azive, (l) kufuridzirwa kwevanhu vakasarudzwa kuraidza chido chaMwari, (m) zvishamiso seumboo vekuraidza zviraidzo zvitsva, (n) chiporofita, (o) kupirwa kwechivi, (p) kuyananiwa kwaKritsu kumunhu vese, (q) Kritsu anoshanda seMurevereri pakati pemunhu naMwari, (r) mutungamiri vechivavarirwa mukuregererwa kwezvivi, (s) Kritsu akatipa muviri vakachena kuti vekuparidza kukudza mweya (s) Kritsu semuenzaniso vekutedzera, (t) Kritsu sechinangwa chedu chekutenda, rudo, nekuzvipira mukuita kuda kwake, (u) kumuka kwaJesu panyama (v) pakuberekwa kutsva nomuhutsvene (w) zvinotarisirwa kuti uve nerupuneso - kutenda, kutendeuka, kupupura, nekunyikwa mubvura mukukanganirwa zvivi, kutendeka, (x) hupenyu hwekutendeka, (y) hupenyu hwemunhu mumwe nemumwe, mhuri, nyika nevanhu vazhinji kuti vasimbiswe nekuubwa nokuda kwechido chaMwari, (z) chengetedzo yekufunga kwose, maitiro, uye upenyu muukama vose veupenyu, kuita kwakachena, zvakaita sevanano nemhuri, (aa) munhu mumwe nemumwe anozvikwidziridza murudo, mukutendeka nekuzvipira, (bb) kukura kusina magumo, (cc) kumuka nekukudzwa kwemuviri vemunhu, (dd) maitiro echokwadi chose chakafanirwa kutendwa, kunamata kwakafanira, nemirawo yehupenyu yakafanirwa kuraramwa, (ee) nekereke yaKritsu seSangano rakakwana iro Kritsu akavaka kumarudzi ezvizvarwa zvisingaperi mukusvika mukudzoka kwaKritsu.

Kune mibvunzo mizhinji yekubvunza pamusoro peBhuku remaMormon muneremangwana muzvinyorwa *zveVoice of Truth International*.

### **Kunyorwa kwakatorwa mu**

Potter, George (1999). "A New Candidate in Arabia for the "Valley of Lemuel."

*Journal of Book of Mormon Studies*. 8 (1): 54-63.

Summers, Gary. *Mormonism*. ed. David Brown, Spring, TX: Contending For The Faith, 2001.

\*Kuita uku kwakatorwa nokupfupikiswa kubva ku<https://www.gotquestions.org/genealogies-Israel.html>.

\*Pfungwa iyi inonyanyo uya kubva kuBraden-Kelley Debate. The Old Path Book Club, Rosemead, California, 1955, 22-23. Shane Fisher ndeumwe vevapepeti vemabhuku eVoice of Truth International, ari zvakare mumishinari achishanda neWorld Evangelism. Anogara kuWinona, Mississippi, USA.

**World Video Bible School** inobudisa nekugovera

zvinhu zvinehunyanzwi vakakwenenzverwa,

magwaro aneudzamu, zvidzidzo zvakachipa

zveBhaibheri zvinouya munezvakasiyana siyana zvinosanganisira DVDs, CDs, MP3s, Posters, Books, eBooks, Notebooks, Electronic Notebooks, and Websites. [www.wvbs.org](http://www.wvbs.org); 25 Lantana Lane, Maxwell, TX 78656; Phone: (512) 398-5211



## **VAKAFANIRWA KUDIITA SEI KUTI UBATSIRE KUPARIDZIRA INZWI**

- ★ Pachinguva chino zviise mumaruzevha ari muAfrika, kana muguta hombe riri muIndia, kana mumasango ekuchamhembe kweAmerica. Uri mweya isingafi unorarama mumuviri unofa, uneruzivo rwakadzi pakuzvigadzira mukunotongwa nehupenyu husingaperi vakatimirira tose?
- ★ Mune Kereke yaKritsu munharaunda yaunogara here, uko ungakwanisa kundonzwa Evhangeri ichiparidzwa? Kune vanhu vazhinji munyika mhinduro yavo ndeyekuti "kwete."
- ★ Kune kwekutenga Bhaibheri here munharaunda yaunogara? Sezvo maBhaibheri akashandurwa kuiswa mumitauro mizhinji, misha mishoma ine zvitoro zvemabhuku. Kuruzhinji rwevanhu munyika mhinduro kubva kuruzhinji vanoti "hakuna"
- ★ Kana uchinge vavaniswa chokwadi uye uri muKritsu, kune here chitoro chemabhuku chaunganotsvaka mabhuku ekuverenga mukuvedzera zvidzidzo zvako? Mhinduro kuruzhinji munyika ndeyekuti "Kwete"

Zvino vakazvarwa muimba isingatendi, unorarama maringe nechitendero chevabereki vako, urikukura, uye uchafa, vimba muhupenyu husingaperi usangane naMwari vavainge usingazivi. Chiitiko chisingataurike! Nyaya iripo HUPENYU kuruzhinji rwevanhu vemunyika.

Kubudikidza nekutepfenyura -hurongwa veparedhiyo, Dzangaradzimu nemuzvinyorwa - tirikuzama nepose patinogona kuunza Inzwi raMwari kuvanhu vane tarisiro shoma. Chikamo chepakati kana kudarika chemabhuku ***eThe Voice of Truth International*** kumakereke nekuvanhu vasina zvikwanisirwo zvekuverenga vachidzidza mukuvedzera mukukura kwavo pamweya. Tinokumbira hama kuti Dzitibatsire ne\$35 pamwedzi kuti tikwanise kuvana \$8,000 inova mari yekutumira mabhuku aya.

Chikumbiro chekuti munzvire tsitsi nemweya iyi mukugovera Evhangeri rinoporesa pamwechete navo?

Kubatsira nechikumbiro ichi, tokumbiravo kuti mutumire macheke enyu ku:

**The Voice of Truth International Manyame Park church of Christ Box ZG 4 Zengeza  
Chitungwiza**

Kufambisa chimbi chimbi chikumbiro chako chekuti unoda kubatsira,

tifonere pa(+263) 772625642 kana (+263) 772941890 kana kutumira email yako  
godwinkuda@gmail.com kana tomsonmlawuzi@gmail.com

**Wadiwa Hama:**

Ndinoda kubhadhara kumabhuku enyu anobhuda mushure memwedzi mina **eThe Voice of Truth International**. Mukati mehabvitopu ndaisa cheki yangu ye\$15.00 yemabhuku 4. kana

\$25.00 yemabhuku masere, kutanga nebhuku \_\_\_\_\_. Adhiresi yaangu iri pazasi.

- ❖ Ndinoda kutenga mabhu ese akakwana mukupirindwa (ari 111 nemutengo vakaderera ve\$2.00 pebhuku. Adhiresi yangu yakanyorwa pazasi.

Ndokumbirawo mutumire mutengo wevadzidzisi veWBS nevadzidzi vacho

- ❖ Ndinoda KUITA CHIPO chekubhadhara *The Voice of Truth International*. Mukati mune cheki yangu ye\$15.00 yemabhuku mana, kana kuti \$25.00 yemabhuku masere, kutanga nerechinamba \_\_\_\_\_ Adhiresi yakapihwa pazasi
- ❖ Ndinoda kutumira \$30.00 pamwedzi (yemabhuku akavanda) bhokisi remabhuku 35 (kana uwandu) vemagazini sekupirindwa kwakaita. Mubhazharo ve\$350.00 pagore pamabhuku mana. Ixvi zvinotibatsira mukutumira zvinyorwa zvakavanda.
- ❖ Tinoda kupa \$\_\_\_\_\_ mwedzi vega vega mukubatsira kutumirwa kwemagazini aya kunzvimbo dzakasiyana siyana dzenyika, dzinosanganisira USA.
- ❖ Sesangano tinoda kubatsira kutsikisa nekutumirwa kwezvinyorwa zvemagazini aya kubudikidza nekubatsira nemari mubasa iri. Tinokwanisa kutura kuti mabhuku atiri kubhadhara, kuti anoshandiswa kupi, kungave kumabasa edu, mukushumira mumajeri, kana kunze kwenyika kana ...

(Dzosa chidzidzo ichi chiri muhamvuro, pamwechete necheki yako, kuadhiresi inotevera, uchitaura zvaunoshuva.)

**THE VOICE OF TRUTH INTERNATIONAL**

**Manyame Park church of Christ Box ZG 4 Zengeza Chitungwiza**

ZITA\_\_\_\_\_

NZIRA YENZVIMBO UNOGARA\_\_\_\_\_

GUTA \_\_\_\_\_ NYIKA \_\_\_\_\_ ZIP \_\_\_\_\_

NHAMBA DZERUNHARE\_\_\_\_\_